

LAMPIRAN

Lampiran 1 Surat Keputusan Penelitian Skripsi



KEPUTUSAN
DEKAN FAKULTAS PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA UPI
NOMOR: 611/UN40.F3.D1/TD.06/2023

TENTANG
PENGESAHAN JUDUL DAN PENUNJUKAN DOSEN PEMBIMBING SKRIPSI

DEKAN FAKULTAS PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA UPI,

- Menimbang :
- Bahwa untuk menyelesaikan studi bagi mahasiswa penempuh jalur skripsi, bahan kajian sesuai dengan judul yang akan dipertahankan itu perlu mendapat pengesahan secara formal;
 - Bahwa untuk lancarnya penguangan gagasan ke dalam draft skripsi, mahasiswa yang bersangkutan perlu dibimbing agar penulisan skripsi tersebut selesai tepat waktu;
 - Sehubungan dengan butir 1 dan 2 perlu diterbitkan surat keputusan;
- Mengingat :
- UU No. 20 tahun 2003 tentang Sisdiknas;
 - UU No. 12 tahun 2012 tentang Pendidikan Tinggi;
 - PP No. 4 tahun 2014 tentang Penyelenggaraan Pendidikan Tinggi dan Pengelolaan Perguruan Tinggi;
 - PP No. 15 tahun 2014 tentang Statuta UPI;
 - Keppres No. 124 tahun 1999 tentang Perubahan IKIP Bandung menjadi UPI;
 - SK Rektor UPI No. 01/UN40/KP.09.04/2021 tentang Pemberhentian dan Pengangkatan Dekan dan Direktur Kampus UPI di Sumedang Universitas Pendidikan Indonesia; Masa Bakti 2021-2025
 - Pedoman Penyelenggaraan Pendidikan Universitas Pendidikan Indonesia 2022;
 - Pedoman Penulisan Karya Ilmiah Universitas Pendidikan Indonesia 2022;
 - Surat Ketua Departemen/Prodi Pendidikan Bahasa Sunda, Fakultas Pendidikan Bahasa dan Sastra UPI nomor 36, tanggal 16 Februari 2023, tentang permohonan pengesahan judul dan penunjukan dosen pembimbing skripsi.

MEMUTUSKAN

- Menetapkan : KEPUTUSAN DEKAN TENTANG PENGESAHAN JUDUL DAN PENUNJUKAN DOSEN PEMBIMBING SKRIPSI
- KESATU : Menyetujui pengesahan judul dan penunjukan dosen pembimbing skripsi terhitung mulai tanggal 17 Februari s.d. 31 Agustus 2023

atas nama : **SRI INTAN MULYANI**
NIM : 1908944
Departemen/program studi : Pendidikan Bahasa Sunda
perolehan IPK : 3,63

Judul Skripsi:
NASKAH DRAMA TUNGTUNGNA TUNGGARA KARYA AYI G. SASMITA (Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra)

- KEDUA : MENGANGKAT NAMA-NAMA DOSEN:
- | | |
|---|--|
| 1. Dr. Hj. Ruhaliah, M.Hum.
Pembimbing Utama | NIP 196411101989032002
Gol. IV/c
Jab Lektor Kepala |
|---|--|

- KETIGA** : Menugaskan kepada Dosen Pembimbing supaya secara bersama - sama melaksanakan kegiatan berupa:
- a. Penelaahan judul, pembahasan konteks, dan teknis penggarapan skripsi;
 - b. Pembimbingan selama satu semester; dan
 - c. Pelaporan kegiatan bimbingan kepada Dekan melalui Ketua Prodi masing-masing.
- KEEMPAT** : Memberikan honorarium kepada dosen pembimbing yang besarnya sesuai dengan ketentuan yang berlaku.
- KELIMA** : Keputusan ini berlaku mulai tanggal disetujuinya pengesahan judul dan penunjukan dosen pembimbing skripsi, dengan ketentuan apabila di kemudian hari terdapat kekeliruan dalam penetapan ini akan diperbaiki sebagaimana mestinya.

Ditetapkan di Bandung
Pada tanggal 17 Februari 2023



Tembusan:

1. Ketua Prodi terkait FPBS UPI;
2. Dosen Pembimbing Utama dan Pendamping.

Lampiran 2 Kartu Data

Kartu Data Analisis Struktur Formal Naskah Drama

(001)
Kode Data : NDTT/SF/A-1/3
Struktur formal : Prolog
Cutatan : -
Analisis : Dina ieu naskah teu kapanggih unsur-unsur prolog, sabab anu aya ngan ukur nyaritakeun ngeunaan setting panggungna wungkul. Henteu nyaritakeun eusi carita, paguneman batin palaku, atawa konflik carita anu bakal karandapan ku unggal tokoh.

(002)
Kode Data : NDTT/SF/A-1/3
Struktur formal : Dialog
Cutatan : Euis : “Ieu koncina San...!!” Sandra : “Naha konci imah kuring bet aya di anjeun...?” Euis : “Ieu konci nyantel dina panto, anjeun poho ngoncikeun panto méméh indit ka sakola jigana mah.”
Analisis : Obrolan antara Euis jeung Sandra, anu ngabahas ngeunaan konci panto imah Sandra anu tinggaleun.

(003)
Kode Data : NDTT/SF/A-1/3-4
Struktur formal : Dialog
Cutatan : Euis : “Sandra...! Kunaon anjeun remen pisan balik peuting ayeuna mah...! Sandra!” Sandra : “Lain urusan anjeun...” Euis : “Kuring...” Sandra : “Cukup..!! Kuring teu hayang ngadéngé...Kuring capé” Euis : “Anjeun mabok deui nya..?” Sandra : “Héh.. Lain urusan anjeun..! Kuring rék mabok, balik peuting, rék ngalér, ngidul, rék kitu, rék kieu, lain urusan anjeun... Ngarti!!” Euis : “Tapi..!” Euis : “Indit.. Indit.. Anjeun sarua baé jiga si Amih jeung si Apih.. Bisana ngan ukur ngomong, ngatur, teu maliré kana kahayang jeung kaayaan anak...” Euis : “Sandra...!” Sandra : “Indit...!”
Analisis : Nyaritakeun Euis anu paduli kana kaayaan Sandra anu balik waé peuting, tapi Sandra teu narima kana pananya Euis. Ahirna Sandra nitah balik ka Euis.

(004)

Kode Data : NDTT/SF/A-1/4-5

Struktur formal : Dialog

Cutatan : Euis : “Sandra..!! Mana kitu ogé indung jeung bapa anjeun téh nyaah ka anjeun...Sakuduna mah anjeun téh atoh, boga kolot anu bisa nyukupan sagala kabutuhan anjeun...!”

Sandra : “Gaandenggg...!! Kuring teu butuh ceramah anjeun....!!!

Euis : “Sandra, naha anjeun jadi kieu..? Kuring asa teu wawuh ka anjeun ayeuna...Padahal kuring jeung anjeun téh nyobat ti bubudak...”

Sandra : “ Sandra geus paéh...!!”

Euis : “ Naon maksud anjeun...?!”

Sandra : “ Sandra geus paéh... ! Sandra ayeuna lain Sandra baheula, Sandra anu kudu nurut kana kahayang indung jeung bapana, nu diatur kudu kieu, kudu kitu jiga robot,.. Anu kudu ngajaga sikep sangkan kolotna teu éra, tapii.. manéhna teu boga waktu saeutik-eutik acan pikeun anakna makumaha...”

Analisis : Nyaritakeun Euis anu keur mapatahan Sandra sangkan henteu kitu paripolahna. Tapi Sandra malik nyaritakeun kapeurihna anu geus lila teu dipaliré ku indung jeung bapana saprak papada sibuk.

(005)

Kode Data : NDTT/SF/A-1/5

Struktur formal : Dialog

Cutatan : Euis : “ Indung jeung bapa anjeun jalma terhormat, dihargaan ku sasama, anjeun kudu bisa ngigelannana sangkan bisa ngajaga kahormatan maranéhna..”

Sandra : “Hahahaha...Tah éta, éta pisan nu jadi alesan kuring,... (*NYARITA BARI NGANGRES*) Ti saprak si Apih jadi pajabat, manéhna sibuk ngurus pagawéan,ngurus rahayat, ari kuring anakna geus teu dipaliré, teu diurus,.. Indung kuring riweuh ngurusan seminar, memener kalakuan anak batur, tapi kuring anakna, teu dibéré waktu saeutik ogé pikeun tatanya...”

Euis : “Tapi, cara anjeun salah, lain kieu cara anjeun nyanghareupanana”

Sandra : “Nyaho naon anjeun kana kahirupan kuring..?! Kumawani nyebutkeun salah sagala...?? Anjeun kudu nyaho, ieu jalan panghadéna pikeun kuring, ku jalan ieu kuring bisa ngubaran haté, nyingraykeun ka keueung hirup nyorangan di imah...”

“Naha anjeun bet cicing..? Ti mimiti ayeuna anjeun teu kudu pipilueun ngurus urusan kuring... Kuring bisa nyanghareupan hirup kuring sorangan...”

Analisis : Nyaritakeun Euis anu keur ngelingan Sandra sangkan bisa narimakeun kaayaan, tapi Sandra nyaritakeun kahirupanna anu asa nyorangan saprak bapana jadi pajabat jeung indungna jadi pangejer seminar nepi ka Euis cicing teu bisa ngomong deui.

(006)	
Kode Data	: NDTT/SF/A-2/6-7
Struktur formal	: Dialog
Cutatan	: Jaya : “Odon... Odon.. Kadieu Don...!” Odon : “Abdi Gan...” Jaya : “Béjakeun ka si RT, déwék hayang ngarubakan jeung ngaspal ieu jalan, sangkan mobil déwék bisa asup, béjakeun urusan waragad mah déwék nu ngatur kitu...” Odon : “Ayeuna juragan...??!” Jaya : “Heueuh ayeuna..!! Piraku kudu nungguan taun hareup mah...” Odon : “Eu.. Maksud téh badé didamelan iraha...?” Jaya : “Minggu hareup..”
Analisis	: Nyaritakeun Jaya jeung Odon anu karék datang ti luar kota. Dina dialogna katitén Jaya nitah Odon laporan ka RT pikeun ngajalankeun proyék nyieun jalan di kampungna.

(007)	
Kode Data	: NDTT/SF/A-3/7-8
Struktur formal	: Dialog
Cutatan	: Euis : “Sandra...Anjeun kunaon..?” “Sandra ..!!! Nyaan anjeun téh..” Sandra : “Euis... Hampura kuring..” Euis : “Sing sabar dulur..” Sandra : “Tolongan kuring Euis... Tolongan.. Kuring kudu kumaha..?” Euis : “Sandra, leuwih hadé ayeuna mah anjeun balik... Geus wanci sareupna... Kuring pasti nulungan anjeun..”
Analisis	: Nyaritakeun Sandra anu reuwas sabab karék apal kana panyakitna, tuluy ménta tulung ka sobatna Euis.

(008)	
Kode Data	: NDTT/SF/A-4/8-9
Struktur formal	: Dialog
Cutatan	: Sarmad : “Euis... Geuwat atuh dangdanna.. Geus beurang teuing... Bisi kabeurangan..” Euis : “Sakedap atuh... Euis nuju ngalereskeun heula sapatu...” Sarmad : “Naha kunaon deui atuh sapatu téh...” Euis : “Soéh deui hareupna, tilas kamari dianggé olah raga...” Sarmad : “Heuhhh... Sapatu sakola ulah dipaké olah raga atuh...” Euis : “Har ari Apa..Kapanan Euis mah mung gaduh hiji sapatu téh.. Éta ogé kénging ngagaleuh Apa dua taun ka pengker..” Sarmad : “Aéh heueuh... Hé hé hé Hampura nya, Keun lah engké mun poé ieu meunang rejeki gedé urang beulikeun kabéh kana sapatu, sугan meunang tujuh rampasan mah.. Hé hé hé...” Euis : “Ah si Apa mah, sok kaleuleuwihi ari nanaon téh..”
Analisis	: Nyaritakeun Sarmad jeung Euis anu rék indit ka sakola, tapi Euis teu kaluar waé ti imahna. Euis lila téh lantaran sapatu sakolana anu soék dipaké olah raga. Tuluy Sarmad ngajangjikeun rék mangmeulikeun sapatu saupama meunang rejeki anu leuwih.

(009)

Kode Data : NDTT/SF/A-4/9

Struktur formal : Dialog

- Cutatan** : Ratna : “Tah.. Surat panggilan ti sakola, poé ieu Apih kudu nepungan wali kelasna si Sandra jam 9 di sakola... Ulah telat cenah....”
 Jaya : “ Geus surat panggilan deui baé..Kunaon deui cenah budak téh..?!?”
 Ratna : “ Teu nyaho teuing..Asa meuni unggal minggu surat panggilan téh.”
 Jaya : “ Apih teu bisa..Poé ieu Apih sibuk pisan di kantor, kudu nepungan sémah ti Jepang..!!”
 Ratn : “ Ihhhh... Ari Apih.. Kapanan Amih ogé sarua, poé ieu téh aya dua acara, jam 10 kudu geus aya di Bandung seminar kenakalan rumaja, jam 7 peutingna kudu geus aya di Surabaya seminar prilaku menyimpang kaum rumaja.. Teu aya waktu Pih....!!!”
 Jaya : “ Urusan budak mah urusan Amih..!! Pilakadar ngurus budak hiji ogé meuni teu metu....!!!”
 Ratna : “ Asa ku hayang meunang sorangan geuning Apih mah.. Pokona Amih teu bisa....!!”
 Jaya : “ Ratna...!!!?? Dasar ...Bedegong téh béak karep...!!”

Analisis : Nyaritakeun Ratna jeung Jaya anu keur paséa sabab kudu ka sakola nepungan wali kelasna Sandra anakna. Tapi duanana teu bisa nepungan sabab papada sibuk ku urusanna séwang-séwang. Ahirna eweuh anu indit ka sakola Sandra.

(010)

Kode Data : NDTT/SF/A-5/11-12

Struktur formal : Dialog

- Cutatan** : Euis : “Sandra.. Kuring ngarti naon anu karandapan ku anjeun ayeuna kacida beuratna, tapi... Ulah nyiksa kana awak.. Daang heula nya.. Kabeneran tadi kuring meuli goréngan di jalan, ké dagoan sakeudeung nya....”
 Sandra : “Sakapeung mah kuring sok ngarasa nyorangan hirup di dunya téh.. Béda pisan jeung anjeun..”
 Euis : “Naha anjeun bet nyarita kitu..?”
 Sandra : “Anjeun boga bapa anu nyaah..!...”
 Euis : “Anjeun boga bapa, boga indung.. Kuring mah teu boga indung..?!?”
 Sandra : “Tapi kaayaan geus robah, teu jiga baheula, ayeuna maranéhna teu nyaahen ka kuring.. Teu aya nu maliré ka kuring..”
 Euis : “Anjeun hirup beunghar, loba harta tara kakurangan.. Bapa kuring mah ngan saukur tukang parkir.. Hirup susah sagala kakurangan...”
 Sandra : “Tapi kuring tara dianteur ku Bapa kuring ka sakola.. Kuring tara dahar bareng jeung si Amih.. Kuring tara ngaboncéng sapédah bari suka bungah jeung si Apih jiga anjeun...!!!!”

Analisis : Nyaritakeun Sandra anu geus capé nyanghareupan kahirupanana, Sandra ngabandingkeun kahirupan manéhna jeung Euis anu katempo leuwih bagja ti batan manéhna, sanajan teu loba harta.

(011)

Kode Data : NDTT/SF/A-5/13

Struktur formal : Dialog

Cutatan : Euis : “Euleuh.. Ieu sapatu kanggo Euis..?! Aduh meni saé pisan.. Hatur nuhun nya Apa... “
 Sarmad : “ Heueuh.... Anggap wéh éta téh hadiah ulang taun keur hidep...”
 Euis : “ Ulang taun..?! Kapan lami kénéh...Sasasih deui...”
 Sarmad : “ Heueuh keun baé mumpung Apa boga rezeki,... Can tangtu bulan hareup mah aya rezeki jiga poé tadi...”

Analisis : Nyaritakeun Sarmad keur méré sapatu ka Euis sabab sapatuna geus jebol. Euis kacida bagjana dipangmeulikeun sapatu sakola.

(012)

Kode Data : NDTT/SF/A-6/14-15

Struktur formal : Dialog

Cutatan : Sarmad : “Néng...Néng..Néng Sandra...Tos wengi.. Geura ngalih ka lebet,.. Tiris di dieu mah..”
 Sandra : “ Aéh.. Mang Sarmad.. Jam sabaraha ieu Mang..?”
 Sarmad : “ Tos tabuh 10 wengi Néng..”
 Sandra : “ Ohhh... Jam 10 nya... Peuting kénéh geuning...?!?”
 Sarmad : “ Néng Sandra.. Punten pisan sanés emang nyanyahoan, bawiraos numutkeun emang mah geura ngalih ka lebet kulemna... Tong dibiasakeun teuing kulem di luar.. Sing hawatos kana salira Néng.. Bilih teu damang ...”
 “ Néng... Néng.. Emh.. Geus tibra deui...”

Analisis : Nyaritakeun Sarmad anu nyampeurkeun ka Sandra pikeun nitah saré ka imahna, tapi teu dipaliré ku Sandra. Sandra ngan nanyakeun jam, tuluy saré deui sanajan Sarmad masih ngomong.

(013)

Kode Data : NDTT/SF/A-7/16

Struktur formal : Dialog

Cutatan : Odon : “Lain Mad euy.. Suga silaing mah nyaho... “
 Sarmad : “Nyaho.. Déwék ogé.. Ban kempés mah kudu ditambah...!! ...”
 Odon : “Yéh.. Lain urusan ban deuleu... Geus dua peuting Néng Sandra teu balik.. Kamana nya.. Suga budak silaing mah apal, kapan batur sakolana lin...?!? ...”
 “Gusti nu Agung.. Geuning bet héés di dinya éta budak téh...?!? ti iraha Mad ..?!”
 Sarmad : “Ti kamari...!!”
 Odon : “Naha silaing teu ngabéjaan ka déwék...!!”
 Sarmad : “Da silaingna teu nanya...!!”

Analisis : Nyaritakeun Odon anu keur bingung néangan Sandra, tuluy nyampeurkeun ka Sarmad anu keur nempoan ban sapédahna anu kempes. Odon nanyakeun Sandra ka Sarmad, sabab budakna sobatna Sandra. Sarmad nuduhkeun yén Sandra aya di handapeun caringin gedé keur saré dina korsi, tuluy disampeurkeun ku Odon.

(014)	
Kode Data	: NDTT/SF/A-7/17-18
Struktur formal	: Dialog
Cutatan	: Odon : “Néng.. Sandra.. Parantos siang néng,.. Isin tuh seueur jalmi lalar liwat... Bilih badé kulem deui mah lajengkeun baé dilebet kamar Néng..!! “ Sandra : “Mang Odon..!??” Odon : “Abdi Néng..?!” Sandra : “Ari si Apih jeung si Amih geus datang...?” Odon : “Numawi Néng.. Kamari wangsulna téh... Nanging tadi Subuh angkat deui..” Sandra : “Nanyakeun kuring teu...???” Odon : “Numawi.. Néng... Euuu.. Euuuu...” Sandra : “Geus cukup Mang...!!! Tong dituluykeun, kuring geus apal.. Maranéhna moal aya nu nanyakeun kuring.....!!”
Analisis	: Nyaritakeun Odon anu nyampeurkeun ka Sandra pikeun ngahudangkeun jeung nitah pindah ka imah. Tapi Sandra tuluy nanyakeun indung jeung bapana, ari Odon teu bisa ngajawab pananya Sandra. Sandra beuki ambek ka indung jeung bapana anu geus teu paduli ka manéhna. Tuluy Odon dititah balik ku Sandra.

(015)	
Kode Data	: NDTT/SF/A-7/19
Struktur formal	: Dialog
Cutatan	: Euis : “San... Rék nepi ka iraha kikiuean téh.. ??! “ Sandra : “Nepi ka waktuna datang...” Euis : “Kuring indit sakola heula nya...”
Analisis	: Nyaritakeun Euis anu geus hariwang ka Sandra, antukna manéhna nanyakeun nék nepi ka iraha Sandra cicing di korsi taman, tapi Sandra keukeuh kana pamadeganna.

(016)	
Kode Data	: NDTT/SF/A-8/20
Struktur formal	: Dialog
Cutatan	: Euis : “Lur.. Ieu daang heula....!!! Sing sabar, kuring yakin sagala masalah aya tungtungna,.. ... “ Sandra : “Tinggalkeun kuring... Kuring hayang sorangan...!!! Euis : “Sandra.. Anjeun butuh batur.. ...” Sandra : “Ayeuna kuring teu butuh sasaha, waktu kuring geus séép...” Euis : “Naha anjeun bet nyarita kitu...??!” Sandra : “Ceuk dokter, umur kuring moal lila deui...” Euis : “Cukup....! Anjeun teu kudu nyarita nanaon..Kuring jeung sakabéh jalma geus nyaho sagala nu karandapan ku diri anjeun ayeuna.. Anjeun ulah peunggas harepan jiga kieu...??”
Analisis	: Nyaritakeun Euis anu keur ngelingan Sandra sangkan henteu nyiksa kana awakna sorangan, sanajan hal anu keur kaalaman ku Sandra kawilang beurat. Sandra anu geus pasrah kana kaayaan anu bakal karandapan kahareupna yén waktu manéhna geus teu lila deui sabab panyakitna.

(017)	
Kode Data	: NDTT/SF/A-8/21
Struktur formal : Dialog	
Cutatan	: Sandra : “Euis..?!?! Anjeun bisa nulungan kuring..? anggep wéh ieu téh paménta anu pamungkas ti kuring salila babarengan jeung anjeun..” Euis : “Naha kumaha kitu..?!?” Sandra : “Kadieu geura... Kuring hayang anjang-anjangan jeung anjeun, kuring hayang anjeun jadi si Amih sakeudeung nya... “ “ Amih.... Sandra sonoooo pisan ka Amih,.. Amih kamana baé..? tos sabaraha sasih teu pendak sareng Sandra....”
Analisis	: Nyaritakeun Sandra anu ménta tulung ka Euis sangkan api-api jadi indungna, sabab Sandra ngarasa geus sono pisan ka indung jeung bapana anu salila ieu geus teu maliré manéhna.

(018)	
Kode Data	: NDTT/SF/A-8/22
Struktur formal : Dialog	
Cutatan	: Sarmad : “Tétélnya harta banda, dunya barana, nu dipibanda Néng Sandra teu bisa ngagantian kanyaah nu jadi kolot..” Euis : “Duka atuh...” Sarmad : “Peupeujeuh Apa mah ka Euis.. Sagala nu karandapan ku Néng Sandra sing jadi conto pikeun hidep, ulah sakali-kali wawuh jeung narkoba..” Euis : “Ayeuna urang kudu kumaha..?” Sarmad: “Aduh... Kudu kumaha ieu nulunganana,.. Bingung.. Diantep karunya, ditulungan kumaha carana..?! Teu aya deui jalan...” Euis : “Cobian atuh ka Mang Odon, jigana apaleun dimana juragan Jaya sareng Ibu Ratna ayeuna...”
Analisis	: Nyaritakeun Sarmad anu keur méré peupeujeuh ka Euis sangkan ngajauhan anu ngaranna narkoba, Sandra téh kudu jadi pieunteungeun yén saupama wanoh jeung barang haram téh bakal kitu balukarna.

(019)	
Kode Data	: NDTT/SF/A-9/23
Struktur formal : Dialog	
Cutatan	: Sandra : “Euis... Naha geuning anjeun ngumpulkeun jalma sakieu lobana, ngariungan kuring...?!?! Aya naon ieu téh Euis...” Euis : “Har.. Naha da di dieu mah teu aya sasaha, iwal kuring jeung anjeun..?!?” Sandra : “Naha,..Geuning,..Sarua kabéh dedeg pangadegna jalma téh..?!?” Euis : “Sandra istigfar... Da teu aya sasaha di dieu mah iwal kuring jeung anjeun.. Istigfar Sandra...!” Sandra : “Jeung maraké baju sarua bodas saukuran, samodél geuning...?!?! Euis.. Saha maranéhna téh..?” Euis : “Sandra...!”
Analisis	: Nyaritakeun Sandra anu geus ngomong ka mana waé jeung samar ditempoan, tapi Euis tetep maturan sarta ngingetan Sandra sangkan bisa sadar.

(020)

Kode Data : NDTT/SF/A-9/24-25

Struktur formal : Dialog

Cutatan : Ratna : “ Sandra anaking...Naha hidep teu bébéja ti baheula ka Amih bageur...!!!”
 Jaya : “Sandra ...Naha bet jadi kieu bageur...Kunaon hidep téh kunaon?”
 Sandra : “Euis, saha deui ieu téh...!! Daratang bari rariweuh kieu..?”
 Ratna : “Sandra ieu Amih bageur...!!!”
 Sandra : “Amih.. Ti iraha anjeun ngaku jadi indung kuring..?”
 Jaya : “Bageur.. Naha hidep bet nyarita kitu... !!!”
 Sandra : “Saha anjeun..?”
 Jaya : “Sandra... Ieu Apih bageur Apih...!!!”
 Sandra : “Apih..? Apih saha..? Rarasaan kuring mah teu pernah wawuh ka aranjeun..!!!”
 Euis : “Sandra.... Teu pantes anjeun nyarita kitu ka kolot anjeun....!!!”

Analisis : nyaritakeun Sandra anu geus teu kuat ngalakonan kahirupanana. Sandra geus teu walakaya, geus teu apal ka indung jeung bapana. Dina ieu dialog aya Ratna jeung Jaya anu hariwang ka Sandra, tapi Sandra geus teu apal ka maranéhna anu salila ieu teu maliré ka Sandra. Euis di dieu nyobaan nyadarkeun Sandra, tapi sakabéhna geus euweuh gunana.

(021)

Kode Data : NDTT/SF/A-1/3

Struktur formal : Babak

Cutatan : *SETTING PANGGUNG DIBAGI KANA TILU BAGIAN, TENGAH RADA KA KATUHU NGAGAMBARKEUN TEPAS IMAH GEDONG, AYA TIHANG BETON BULEUD. BEULAH KATUHU AYA TANGKAL CARINGIN GEDÉ ANU NGARANGKADAK JIGANA UMURNA GEUS PULUHAN TAUN MALAH BISA JADI GEUS MÉH NGARATUS TAUN, HANDAPEUN ÉTA TANGKAL CARINGIN AYA KORSI TAMAN ANU RADA PANJANG, PANJANGNA BISA DIPAKÉ DIUK KU TILUAN. BEULAH KÉNCA AYA IMAH BILIK BASAJAN PISAN, HAREUPEUN ÉTA IMAH BILIK AYA SAPÉDAH KOLOT NU GEUS BUTUT, TAPI MASIH KÉNÉH BISA DIPAKÉ KEUR BONCÉNGAN.*

Analisis : Nuduhkeun setting panggung anu tetep sarta henteu ganti ti awal carita nepi ka ahir carita, hartina ieu naskah drama téh ngan diwangun ku hiji kajadian anu lumangsung dina hiji tempat, sarta naskah dramana euweuh terusanna atawa caritana geus beres sababak.

(022)

Kode Data : NDTT/SF/A-1/3

Struktur formal : Adegan

Cutatan : *WANCI PEUTING KIRA-KIRA JAM SATENGAH DALAPAN, SANDRA LEUMPANG DADALIGDEUGAN KA IMAHNA, MAKÉ BAJU SAKOLA SMA, SIRAHNA DIHARUDUNG KU JÉKÉT, CULANG-CILEUNG NEMPOAN KASABUDEUREUN IMAHNA JIGA ANU SIEUN PAPANGGIH JEUNG BATUR.....*

Analisis : Adegan kahiji dina naskah drama “Tungtungna Tunggara” dimimitian ku setting waktu anu nuduhkeun peuting jam satengah dalapanan, katitén Sandra anu karék balik bari leumpang dadaligdeugan muru ka imahna, saacan asup ka imahna Sandra jeung Euis ngobrol ngeunaan kaayaan Sandra anu geus robah.

(023)

Kode Data : NDTT/SF/A-2/6

Struktur formal : Adegan

Cutatan : WANCI ISUK-ISUK, SANDRA KALUAR TI IMAH, PAROMAN SANDRA PIAS ALUM BANGUN ANU NAHAN RASA NYERI, LEUMPANG LALAUNAN NINGGALKEUN IMAHNA.
 TEU SAWATARA LILA EUIS JEUNG SARMAH KALUAR TI IMAHNA, KALACAT KANA SAPÉDAH TULUY INDIT.

JURAGAN JAYA LEUMPANG BARI NGOBROL DINA TELEPON, DITUTURKEUN KU ODON BADEGANA BARI NGAJINGJING KOPER KÉNCA KATUHU MANI RIDU.

Analisis : Adegan kadua dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” dimimitian ku setting waktu anu nuduhkeun wanci isuk-isuk, katitén Jaya anu karék balik ti luar kota, sarta keur nelepon hayang nyieun jalan ka imahna.

(024)

Kode Data : NDTT/SF/A-3/7

Struktur formal : Adegan

Cutatan : WANCI SAREUPNA, RATNA DATANG BARI ANGKARIBUNG KUBABAWAAN, LEUMPANG RURUSUHAN MURU KA IMAHNA, EUIS KALUAR TI IMAHNA BARI MAWA AMPLOP MURU KA IMAH SANDRA, EUIS KEKETROK PANTO, BRAY PANTO MUKA, SUP EUIS ASUP, TULUY PANTO NUTUP DEUI.

SANDRA DATANG, PAROMANA ALUM, PANONNA BEUREUM BASEUH KU CIPANON. LEUMPANG LALAUNAN GÉK DIUK DINA KORSI TAMAN HANDAPEUN CARINGIN, SANDRA NGALUARKEUN AMPLOP TINA KANTONGNA, TULUY NGALUARKEUN KERTAS TINA JERO AMPLOP. TEU LILA SURAT DIBACA, SANDRA NGINGHAK NAHAN CEURIK, PAROMANA JIGA NU HANDEUEUL.

Analisis : Adegan katilu dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” dimimitian ku setting waktu anu nuduhkeun wanci sareupna, katitén Sandra karék datang bari paromana alum, panon beureum baseuh ku cipanon. Teu lila Sandra muka amplop anu eusi amplopna matak pikasediheun.

(025)

Kode Data : NDTT/SF/A-4/8

Struktur formal : Adegan

Cutatan : SAMINGGU GEUS KALIWAT, ISUK-ISUK, SANDRA KALUAR TI IMAHNA, MAKÉ BAJU SAKOLA, NYORÉN KANTONG, LEUMPANG LALAUNAN, JIGA NU JAUH PANINEUNGAN, PAROMANA ALUM. TEU AYA SUMANGET PIKEUN HIRUP. GÉK DIUK DINA KORSI TAMAN HANDAPEUN TANGKAL CARINGIN.

TEU SAWATARA LILA SARMAH KALUAR TI IMAHNA, MAKÉ PAKÉAN JIGA BIASANA.

Analisis : Adegan kaopat dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” dimimitian ku setting waktu anu nuduhkeun saminggu geus kaliwat tina kajadian Sandra muka amplop, wanci isuk-isuk Sandra karék kaluar ti imahna langsung gék dina korsi taman, bari ngabandingkeun kulawarga manéhna anu geus papada teu paduli, jeung kulawarga Euis anu sabalikna.

(026)

Kode Data : NDTT/SF/A-5/11

Struktur formal : Adegan

Cutatan : Wanci *BEURANG MAJU KA SORÉ, SANDRA NGAGOLÉR DINA KORSI TAMAN. KANTONGNA DIPAKÉ GANJEL SIRAHNA. TEU SAWATARA LILA EUIS DATANG MASIH MAKÉ BAJU SAKOLA, EUIS ASUP KA IMAHNA BARI NGARÉRÉT NGABAGI TEUTEUP KA SANDRA ANU MASIH KÉNÉH NGAGOLÉR DINA KORSI TAMAN. EUIS GOGODEG TULUY ASUP KA IMAHNA, TEU LILA EUIS KALUAR DEUI BARI MAWA SAPU, EUIS SASAPU DI BURUAN IMAHNA SAKAPEUNG EUIS NGARÉRÉT KA LEBAH SANDRA SARÉNGSÉNA SASAPU NYAMPEURKEUN KA LEBAH SANDRA.*

Analisis : Adegan kalima dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” dimimitian ku setting waktu anu nuduhkeun wanci beurang maju ka soré, katitén Sandra keur ngagolér dina korsi taman. Disampeurkeun ku Euis tuluy diajak ngobrol, Sandra nyegruk ceurik ngabudalkeun sagala kasono ka indung jeung bapana.

(027)

Kode Data : NDTT/SF/A-6/14

Struktur formal : Adegan

Cutatan : Wanci *PEUTING KIRA KIRA JAM 10, KATINGALI SANDRA NGAGOLÉR SARÉ DINA KORSI TAMAN, MASIH KÉNÉH MAKÉ SARAGAM SAKOLA ANU TADI ISUK, SARÉ TIBRA BARI NAGKEUP TUUR KATIRISAN.*

KULUTRAK LAWANG PANTO IMAH SARMAD MUKA TULUY KALUAR SARMAD BARI DIHARUDUNG SARUNG, RÉT KALEBAH SANDRA, SARMAD GOGODEG TULUY NYAMPEURKEUN KA LEBAH SANDRA, NILIK-NILIK SAKEUDEUNG TULUY MANI ATI-ATI PISAN NGAHUDANGKEUN SANDRA.

Analisis : Adegan kagenep dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” dimimitian ku setting waktu anu nuduhkeun wanci peuting jam sapuluhan, katitén Sandra anu masih kénéh ngagolér dina korsi taman disampeurkeun ku Sarmad bapana Euis. Sarmad nitah ka Sandra sangkan saré dijero imah tapi henteu dipaliré ku Sandra.

(028)

Kode Data : NDTT/SF/A-7/15

Struktur formal : Adegan

Cutatan : Wanci *ISUK-ISUK, SANDRA MASIH KÉNÉH TIBRA SARÉ DINA KORSI TAMAN HANDAPEUN TANGKAL CARINGIN, BARI DISIMBUTAN KU SARUNG NU GEUS LODROH, BAROLONG. LOBA JALMA NU LALIWAT, BARI TING RARÉRÉT KA LEBAH SANDRA TULUY GOGODEG BARI TING KARECEWIS JEUNG PAPADA BATURNA.*

SARMAD KALUAR TI IMAHNA, DANGDANAN JIGA BIASANA, MINDAHKEUN SAPÉDAH KA BURUAN IMAHNA, BARI CINGOGO MARIKSAAN BAN SAPÉDAH ANU KARASA RADA KEMPÉS. TULUY NANGTUNG BARI GAGARO NGOMONG KA SAPÉDAHNA BARI KEKEROT.

Analisis : Adegan katujuh dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” dimimitian ku setting waktu anu nuduhkeun wanci isuk-isuk, katitén Sandra anu masih saré dina korsi taman. Tuluy kaluar Sarmad bari disampeurkeun ku Odon anu keur néangan Sandra. Sarmad nuduhkeun yén Sandra aya dina korsi taman, tuluy Odon nyampeurkeun Sandra.

(029)

Kode Data : NDTT/SF/A-8/20

Struktur formal : Adegan

Cutatan : *WANCI BA'DA ISA, SANDRA MASIH KÉNÉH NGAJENTUL NANGKEUP TUUR DINA KORSI TAMAN, KATINGALI BUUKNA KUSUT, BEUNGEUTNA PIAS, BIWIRNA NGADÉGDÉG, LEUNGEUNA MEREKET PAGEUH, TEUTEUPNA KOSONG KA HAREUP. EUIS KALUAR TI IMAHNA, NYAMPEURKEUN BARI MAWA PIRING, NU DIEUSIAN KU DAHAREUN JEUNG GELAS PLASTIK NU EUSINA CAI HÉRANG. EUIS DIUK HAREUPEUN SANDRA. SANDRA TETEP NEUTEUP KOSONG KA HAREUP BARI NANGKEUP TUUR TIPEPEREKET JIGA NU NAHAN KANYERI, SIRAHNA UNGGUT-UNGGUTAN.*

Analisis : Adegan kadalapan dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” dimimitian ku setting waktu anu nuduhkeun wanci peuting, katitén Sandra anu masih cicing dina korsi taman bari jiga anu nahan kanyeri, Euis nyampeurkeun Sandra bari mawa dahareun, Sandra ngabudahkeun sakabéh katunggarana ka Euis salila ieu, yé manéhna téh sono ka indung jeung bapana.

(030)

Kode Data : NDTT/SF/A-9/23

Struktur formal : Adegan

Cutatan : *WANCI SUBUH, EUIS NGUNIANG HUDANG TULUY ASUP KA IMAHNA, SARÉNGSÉNA SOLAT SUBUH EUIS BALIK DEUI MASIH MAKÉ MUKENA, SANDRA TIBRA KÉNÉH. SANDRA NGULISIK, HUDANG CULANG-CILEUNG, REUWASEUN.*

Analisis : Adegan kasalapan dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” dimimitian ku setting waktu anu nuduhkeun wanci subuh, katitén Euis anu nguniang hudang sabab ngabaturan Sandra saré diluar. Sandra ngomongna geus kamana karepna, Euis ngarasa hariwang antukna Euis nitah Sarmad sangkan ngabéjaan Odon pikeun nyaritakeun kayaan Sandra ayeuna. Ahirna Indung jeung Bapa Sandra datang, tapi geus euweuh gunana.

(031)

Kode Data : NDTT/SF/A-1/3-5

Struktur formal : Kramagung (Tokoh Sandra)

Cutatan : Sandra (Reuwas malikeun awakna).
Sandra ngajeuwang konci tina leungeun Euis, tuluy malikeun awakna rék mukakeun panto.
Sandra teu maliré ka Euis.
Sandra (Molotot).
Sandra (Nempas).
Sandra mukakeun panto imahna, tuluy asup bari ngagabrugkeun panto imahna.
Sandra (Ngagorowok ti jero imah).
Bray panto muka, Sandra kaluar deui.
Sandra (Seuri, nyarita bari ngangres).
Sandra asup deui ka jero imah.

Analisis : Dina adegan kahiji kapanggih aya 10 kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Sandra.

<p>(032)</p> <p>Kode Data : NDTT/SF/A-1/3-5</p> <p>Struktur formal : Kramagung (Tokoh Euis)</p> <p>Cutatan : Euis (Ngasongkeun konci imah ka Sandra) Euis (Ngajewang leungeun Sandra) Euis ukur bisa ngahuleng. Euis ngahuleng sajongjonan, tuluy leumpang ka imahna. Euis (Ngagerentes) Euis balik ka imahna.</p> <p>Analisis : Dina adegan kahiji kapanggih aya genep kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Euis.</p>
<p>(033)</p> <p>Kode Data : NDTT/SF/A-2/6-7</p> <p>Struktur formal : Kramagung (Tokoh Jaya)</p> <p>Cutatan : Juragan Jaya leumpang bari ngobrol dina telepon, tuluy eureun hareupeun Panto. Jaya nutup telepon, sup HP diasupkeun kana sakuna, tuluy alak-ilik ningalian jalan. Jaya (Rada tarik nyaritana). Jaya asup ka imahna.</p> <p>Analisis : Dina adegan kadua kapanggih aya opat kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Jaya.</p>
<p>(034)</p> <p>Kode Data : NDTT/SF/A-2/6-7</p> <p>Struktur formal : Kramagung (Tokoh Odon)</p> <p>Cutatan : Odon nurunkeun barang bawaannana, tuluy ngodok sakuna ngaluarkeun konci imah, bray panto imah muka, Odon ngasupkeun bawaannana ka jero imah. Odon kaluar ti imah rusuhan nyampeurkeun ka lebah dununganana nangtung. Odon indit nepungan RT.</p> <p>Analisis : Dina adegan kadua kapanggih aya tilu kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Odon.</p>
<p>(035)</p> <p>Kode Data : NDTT/SF/A-3/7-8</p> <p>Struktur formal : Kramagung (Tokoh Sandra)</p> <p>Cutatan : Sandra (Nginghak nahan ceurik bari nyuuh dina panyarandéan korsi) Sandra ngarérét neutep Euis, tuluy ngagabrug bari ngasongkeun surat. Sandra (Nempas)</p> <p>Analisis : Dina adegan katilu kapanggih aya tilu kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Sandra.</p>

(036)

Kode Data : NDTT/SF/A-3/7-8

Struktur formal : Kramagung (Tokoh Euis)

Cutatan : Euis leumpang muru ka imahna. Euis eureun lebah caringin, Euis ngarenjag nempo Sandra.
Euis (Nyampeurkeun Sandra tuluy diuk gigireunana)
Euis nampanan surat, tuluy ngimeutan eusi surat. Euis ngarenjag reuwas saréngséna maca éta surat.
Euis (Ngarérépéh Sandra bari mémérés buukna).

Analisis : Dina adegan katilu kapanggih aya opat kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Euis.

(037)

Kode Data : NDTT/SF/A-4/8-9

Struktur formal : Kramagung (Tokoh Sarmad)

Cutatan : Sarmad (kaluar ti imahna nyampeurkeun sapédah nu nyarandé hareupeun imahna).
Sarmad (bari ngilikan sapédahna).
Tuluy Sarmad kalacat naék kana luhur sapédah, tuluy indit ninggalkeun imahna.

Analisis : Dina adegan kaopat kapanggih aya tilu kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Sarmad.

(038)

Kode Data : NDTT/SF/A-4/8-9

Struktur formal : Kramagung (Tokoh Euis)

Cutatan : Euis (némbal ti jero imah)
Euis (norojol ti jero imah nyampeurkeun)
Euis kalacat naék kana luhur sapédah, tuluy indit ninggalkeun imahna.

Analisis : Dina adegan kaopat kapanggih aya tilu kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Euis.

(039)

Kode Data : NDTT/SF/A-4/8-10

Struktur formal : Kramagung (Tokoh Sandra)

Cutatan : Sandra kaluar ti imahna, maké baju sakola, nyorén kantong, leumpang lalaunan, tuluy gék diuk dina korsi taman handapeun tangkal caringin.
Sandra ngahuleng bari nyarandé.
Sandra ngabalieur tina panénjo bapana.
Sandra nguniang hudang, niténan ka lebah kolotna indit, teu sawatara lila
Sandra nyanghareup kana tangkal caringin, nyarita bari ambek.
Sandra (Nyarita rada dareuda, melas-melis)
Sandra nyegruk ceurik bari nyuuh dina handapeun tangkal caringin.

Analisis : Dina adegan kaopat kapanggih aya genep kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Sandra.

Sri Intan Mulyani, 2023

NASKAH DRAMA “*TUNGTUNGNA TUNGGARA*” KARYA AYO G. SASMITA (*Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(040)

Kode Data : NDTT/SF/A-4/9

Struktur formal : Kramagung (Tokoh Ratna)

Cutatan : Ratna kaluar ti imahna. Geus dangdan ginding bari mawa kantong leutik dina leungeunna, leumpang ngagedik ninggalkeun imahna, ngaliwat hareupeun Sandra anu masih ngahuleng nyaksian éta kajadian.

Analisis : Dina adegan kaopat kapanggih aya hiji kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Ratna.

(041)

Kode Data : NDTT/SF/A-4/9-10

Struktur formal : Kramagung (Tokoh Jaya)

Cutatan : Jaya kaluar ti imahna.
Jaya gogodeg, tuluy nyampeurkeun Sandra anu masih diuk dina korsi taman, dangdanan gingis maké jas, didasi jeung nyorén koper.
Jaya tuluy ninggalkeun Sandra.

Analisis : Dina adegan kaopat kapanggih aya tilu kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Jaya.

(042)

Kode Data : NDTT/SF/A-5/11-13

Struktur formal : Kramagung (Tokoh Euis)

Cutatan : Euis datang maké baju sakola, nempo Sandra bari gogodeg, tuluy asup ka imahna.
Euis kaluar deui bari mawa sapu, tuluy sasapu diburuan imahna, saréngséna sasapu nyampeurkeun ka lebah Sandra.
Euis ngarénghap.
Euis cengkat, tapi dikenyang Sandra.
Euis (Nempas).
Euis nangtung ninggalkeun Sandra, tuluy asup ka imahna.

Analisis : Dina adegan kalima kapanggih aya genep kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Euis.

(043)

Kode Data : NDTT/SF/A-5/11-14

Struktur formal : Kramagung (Tokoh Sandra)

Cutatan : Sandra nguniang hudang, bari gigisik tuluy diuk nyarandé ka beulah katuhu. Sandra gideug, bari mérésan buukna.
Sandra ngenyang leungeun Euis bari nyarita.
Sandra (Nangtung bari jejebris nyaritana).
Sandra diuk deui dina korsi bari melong ka lebah imah Euis.
Sandra anu tadi melong ka imah Euis, nguniang hudang lalaunan leumpang nyanghareupan tangkal caringin tuluy ngomong dareuda

Analisis : Dina adegan kalima kapanggih aya salapan kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Sandra.

Sri Intan Mulyani, 2023

NASKAH DRAMA “TUNGTUNGNA TUNGGARA” KARYA AYI G. SASMITA (Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(044)

Kode Data : NDTT/SF/A-5/13

Struktur formal : Kramagung (Tokoh Sarmad)

Cutatan : Kurunyung Sarmad datang bari nuntun sapédah, bari ngajingjing kérésék nu eusina sapatu weuteuh kénéh.

Sarmad nyarandékeun sapédahna, tuluy asup ka imah.

Analisis : Dina adegan kalima kapanggih aya dua kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonon ku tokoh Sarmad.

(045)

Kode Data : NDTT/SF/A-6/14-15

Struktur formal : Kramagung (Tokoh Sarmad)

Cutatan : Kulutrak lawang panto imah Sarmad muka, tuluy kaluar Sarmad bari diharudung sarung, rét ka lebah Sandra, Sarmad gogodeg tuluy nyampeurkeun ka lebah Sandra.

Sarmad gagaro sirah bari leumpang ninggalkeun Sandra, asup deui ka imahna.

Analisis : Dina adegan kagenep kapanggih aya dua kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonon ku tokoh Sarmad.

(046)

Kode Data : NDTT/SF/A-6/14

Struktur formal : Kramagung (Tokoh Sandra)

Cutatan : Sandra nguniang hudang, bari gigisik melong ka lebah Sarmad.

Sandra (Culang-cileung).

Sandra ngagolér deui nuluykeun saréna.

Analisis : Dina adegan kagenep kapanggih aya tilu kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonon ku tokoh Sandra.

(047)

Kode Data : NDTT/SF/A-6/15

Struktur formal : Kramagung (Tokoh Euis)

Cutatan : Teu lila Euis kaluar ti imahna bari mawa sarung nyampeurkeun ka lebah Sandra, gék hareupeun Sandra bari ngusapan sirahna.

Euis hudang méméh indit ninggalkeun Sandra, Euis nyimbutan heula Sandra ku sarung anu dibawa ti jero imah. Sanggeus ngarérét heula ka lebah imah Sandra, Euis leumpang deui asup ka imahna.

Analisis : Dina adegan kagenep kapanggih aya dua kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonon ku tokoh Euis.

(048)	
Kode Data	: NDTT/SF/A-7/15-17
Struktur formal	: Kramagung (Tokoh Sarmad)
Cutatan	: Sarmad kaluar ti imahna, mindahkeun sapédah ka buruan imahna, bari cingogo mariksa ban sapédah anu karasa rada kempés. Tuluy nangtung bari gagaro ngomong ka sapédahna bari kekerot. Sarmad cingogo deui lebah ban tukang sapédahna, bari ngahuleng gagaro sirahna. Sarmad nu keur uleng téh ngagurubug, malik bari masang kuda-kuda jiga nu rék gelut. Sarmad (ut-hét metakeun jurus-jurus silat). Barang Sarmad sadar, tuluy nepakeun andukna kana sirah Odon. Sarmad cingogo deui hareupeun ban sapédahna. Sarmad (Nempas). Sarmad teu maliré kana omongan Odon, manéhna ngan ukur nuduhkeun ka lebah Sandra anu masih kénéh tibra saré. Sarmad (Nangtung bari molotot). Sarmad indit ninggalkeun imahna nungtun sapédah bari keuheul.
Analisis	: Dina adegan katujuh kapanggih aya sapuluh kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Sarmad.
(049)	
Kode Data	: NDTT/SF/A-7/15-19
Struktur formal	: Kramagung (Tokoh Odon)
Cutatan	: Teu lila Odon ngeteyep tukangeunnana, dangdanan teu béda jiga Sarmad. Odon nanya ka Sarmad bari nepak taktakna. Odon seuri nyakatak nikmat pisan. Odon ngilu cingogo gigireunana. Odon ngalieuk, tuluy nangtung reuwaseun. Odon (Rada tarik sorana). Odon murungkut bari ngacong-ngacongkeun leungeunna, undur-unduran ninggalkeun Sarmad, ngadeukeutan Sandra. Odon sideku hareupeun Sandra tuluy ngahudangkeun Sandra, sorana halon. Mang Odon nangtung tuluy ninggalkeun Sandra, karék ogé tilu léngkah
Analisis	: Dina adegan katujuh kapanggih aya sapuluh kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Odon.
(050)	
Kode Data	: NDTT/SF/A-7/19
Struktur formal	: Kramagung (Tokoh Euis)
Cutatan	: Euis kaluar maké dangdanan sakola nyampeurkeun ka lebah Sandra. Euis indit ninggalkeun Sandra.
Analisis	: Dina adegan katujuh kapanggih aya dua kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Euis.

(051)

Kode Data : NDTT/SF/A-7/17-19

Struktur formal : Kramagung (Tokoh Sandra)

Cutatan : Sandra nguniang hudang tuluy diuk murungkut dina pojok korsi bari nangkeup tuurna.
 Sandra teu maliré, manéhna ngan ukur ngusir Mang Odon maké leungeunna.
 Sandra ngarérét ngawaskeun ka lebah imahna Euis.
 Sandra ngabalieur miceun teuteupna ka hareup.
 Sandra teu némbalan, kalah anteng neuteup ka jauhna. Sandra nguniang hudang tina diukna tuluy leumpang neuteup imahna, teu lila leumpang deui, eureun hareupeun imah Euis, terus diteuteup leleb, sanggeus rada lila neuteup imah Euis, Sandra leumpang deui ngadeukeutan tangkal caringin, diteuteup leleb.
 Ngarénghap bari nyarita dareuda nahan piceurikeun.
 Sandra nyegruk ceurik nyuuh handapeun tangkal caringin.

Analisis : Dina adegan katujuh kapanggih aya tujuh kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Sandra.

(052)

Kode Data : NDTT/SF/A-8/20-23

Struktur formal : Kramagung (Tokoh Euis)

Cutatan : Euis kaluar ti imahna, nyampeurkeun bari mawa piring, nu dieusian ku dahareun jeung gelas palastik nu eusina cai hérang. Euis diuk hareupeun Sandra.
 Euis (Ngasongkeun piring).
 Euis (Ditembangkeun pupuh asmarandana).
 Euis (Kerung, neuteup leleb ka lebah Sandra).
 Euis (Nempas).
 Euis ngusapan taktak Sandra deudeuh nakeranan.
 Euis malikeun awakna rék balik, tapi karék sababaraha léngkah Sandra nyarita deui.
 Euis (Ngarandeg, malikeun awakna).
 Jiga anu geus surti Euis diuk hareupeun Sandra.
 Euis nahan cipanon, bari ngusapan buuk Sandra bangun anu deudeuh pisan.
 Euis anu nahan rasa sedihna tuluy cengkat, nyimbutan Sandra ku sarung.
 Duanana (Euis) ngahuleng, kaayaan jadi simpé.
 Euis diuk nyarandé kana suku korsi, leungeunna teu leupas tina awak Sandra.

Analisis : Dina adegan kadalapan kapanggih aya 13 kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Euis.

(053)	
Kode Data	: NDTT/SF/A-8/20-22
Struktur formal	: Kramagung (Tokoh Sandra)
Cutatan	: Sandra tetep neutep kosong ka hareup bari nangkeup tuur tipepereket jiga nu nahan kanyeri, sirahna unggut-unggutan. Sandra (Nempas). Sandra tuluy ngarangkul Euis bari nyarita. Sandra (jiga ka indungna). Sandra ngaleupaskeun rangkulanna, ngagolér deui dina korsi.
Analisis	: Dina adegan kadalapan kapanggih aya lima kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Sandra.
(054)	
Kode Data	: NDTT/SF/A-8/22-23
Struktur formal	: Kramagung (Tokoh Sarmad)
Cutatan	: Teu sawatara lila Sarmad nyampeurkeun, gék diuk gigireun Euis. Sarmad (Ngusapan sirah Euis). Duanana (Sarmad) ngahuleng, kaayaan jadi simpé. Sarmad ngahuleng sakeudeung. Sarmad (Nyéréngéh seuri). Sarmad gura-giru indit rék néang Mang Odon.
Analisis	: Dina adegan kadalapan kapanggih aya genep kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Sarmad.
(055)	
Kode Data	: NDTT/SF/A-9/23-27
Struktur formal	: Kramagung (Tokoh Euis)
Cutatan	: Euis nguniang hudang tuluy asup ka imahna, saréngséna solat subuh Euis balik deui masih maké mukena. Euis cengkat, culang-cileung ningalian kaayaan di sabudeureun éta tempat. Euis (Beuki reuwas). Euis (Ngangres). Euis olohok ningali kalakuan Sandra. Euis (Dareuda). Euis (Dareuda nahan cimatana). Euis (Nyekelan pigeulangan leungeun Sandra). Euis (Nembangkeun pupuh kinanti babarengan). Euis (Nembangkeun pupuh jurudemung bari dareuda nahan ceurikna). Euis ngarérét nelele-nelele Sandra, tuluy Euis ngaragap kana beuheung jeung pigeulangan leungeun Sandra, ngarénjag, tuluy ngahuleng sakeudeung ngarasakeun Sandra geus teu aya dikieuna.
Analisis	: Dina adegan kasalapan kapanggih aya sabelas kramagung (kalimah

<p>(056)</p> <p>Kode Data : NDTT/SF/A-9/23-26</p> <p>Struktur formal : Kramagung (Tokoh Sandra)</p> <p>Cutatan : Sandra ngulisik, hudang culang-cileung, reuwaseun. Sandra (Culang-cileung, teuteupna baluas). Sandra (Nyarita sorangan bari neuteup ka salasahiji arah). Sandra nguniang hudang teuteupna teleb ka hareup, Sandra leumpang lalaunan, tuluy ngajanteng sakeudeung. Sandra malikeun awakna, tuluy leumpang ngadeukeutan Euis gék diuk deui dina korsi. Sandra nantelkeun curuk kana biwirna, nitah jempé ka Jaya. Sandra nepak leungeun indungna tina taktakna. Sandra ngenyang leungeun Euis, tuluy nitah diuk di gigireunnana. Sandra (Nembangkeun pupuh kinanti babarengan).</p> <p>Analisis : Dina adegan kasalapan kapanggih aya salapan kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Sandra.</p>
<p>(057)</p> <p>Kode Data : NDTT/SF/A-9/24-27</p> <p>Struktur formal : Kramagung (Tokoh Ratna)</p> <p>Cutatan : Ratna pating torjol nyalampeurkeun ka lebah Sandra jeung Euis bari hariweusweus. Ratna (Reuwas, nyaritana dareuda). Ratna nyegruk ceurik nyuuh dina taktak salakina. Ratna (Ngaragap taktak Sandra) Ratna ngajerit ngarontok anakna. Ratna (Nyegruk ceurik). Ratna nyegruk ceurik bari andiprek ngeukeupan layon anakna, tuluy Ratna ngusapan buuk Sandra.</p> <p>Analisis : Dina adegan kasalapan kapanggih aya tujuh kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Ratna.</p>
<p>(058)</p> <p>Kode Data : NDTT/SF/A-9/24-27</p> <p>Struktur formal : Kramagung (Tokoh Jaya)</p> <p>Cutatan : Jaya pating torjol nyalampeurkeun ka lebah Sandra jeung Euis bari hariweusweus. Jaya neger-negerkeun manéh. Jaya (Nempas). Jaya ngajerit ngarontok anakna. Jaya nyegruk ceurik, sataker tanagana Jaya ngabopong layon Sandra, tuluy didiukeun dina lahunannana. Jaya nyegruk ceurik bari andiprek ngeukeupan layon anakna.</p> <p>Analisis : Dina adegan kasalapan kapanggih aya genep kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Jaya.</p>

(059)

Kode Data : NDTT/SF/A-9/24-27

Struktur formal : Kramagung (Tokoh Sarmad)

Cutatan : Sarmad pating torojol nyalampeurkeun ka lebah Sandra jeung Euis bari hariweusweus.
Sarmad ngusap dada bari silih rérént nahan sedihna.

Analisis : Dina adegan kasalapan kapanggih aya dua kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Sarmad.

(060)

Kode Data : NDTT/SF/A-9/24-27

Struktur formal : Kramagung (Tokoh Odon)

Cutatan : Odon pating torojol nyalampeurkeun ka lebah Sandra jeung Euis bari hariweusweus.
Odon ngusap dada bari silih rérént nahan sedihna.

Analisis : Dina adegan kasalapan kapanggih aya dua kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Odon.

(061)

Kode Data : NDTT/SF/A-1/5

Struktur formal : *Solilokui*

Cutatan : Euis : “Kuring nyaah ka anjeun San, kuring embung anjeun kagebrus kana kahirupan jiga kitu.”

Analisis : Ieu dialog diucapkeun ku Euis sarta kaasup kana *solilokui*, sabab dina ieu dialog Euis ngedalkeun kanyaahna ka Sandra salaku babaturan, sarta Euis embung babaturanna nyokot jalan anu salah.

(062)

Kode Data : NDTT/SF/A-3/7

Struktur formal : *Solilokui*

Cutatan : Sandra : “Aing teu yakin...Pasti ieu surat téh salah...Duuuh Gustiiiiii....”

Analisis : Ieu dialog diucapkeun ku Sandra sarta kaasup kana *solilokui*, sabab dina ieu dialog Sandra ngedalkeun rasa teu percaya kana naon anu keur karandapan ku manéhna, sarta Sandra teu bisa narima kana éta hal.

(063)

Kode Data : NDTT/SF/A-4/10

Struktur formal : *Solilokui*

Cutatan : Sandra : “Dina kaayaan kieu...Boro-boro nulungan, waktu ogé teu nyésa pikeun kuring..!!! Sibuk..?!!!, Bosen..!! Naha teu aya waktu saeutik ogé pikeun ngadéngé kaayaan Sandra..?!!”

Analisis : Ieu dialog diucapkeun ku Sandra sarta kaasup kana *solilokui*, sabab dina ieu dialog Sandra ngedalkeun ngeunaan kanyérina anu geus lila teu dipaliré ku indung jeung bapana, sabab sibuk digawé.

Sri Intan Mulyani, 2023

NASKAH DRAMA “TUNGTUNGNA TUNGGARA” KARYA AYO G. SASMITA (Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(064)

Kode Data : NDTT/SF/A-7/15

Struktur formal : *Solilokui*

Cutatan : Sarmad : “ Yéh...Ari silaing kapanan kamari téh kakarék ditambah, naha ayeuna bét kempés deui.”

Analisis : Ieu dialog diucapkeun ku Sarmad sarta kaasup kana *solilokui*, sabab dina ieu dialog Sarmad ngedalkeun kakeselna kanu ban sapédahna anu kempés waé.

(065)

Kode Data : NDTT/SF/A-7/19

Struktur formal : *Solilokui*

Cutatan : Sandra : “Kuring teu nyaho rék nepi ka iraha kikieuan téh... Waktu nu leuwih nyaho bakal kumaha juntrungna ieu lalakon téh.. Cing béjaan kuring.. Béjaan.. Kudu kumaha deui kuring téh.. Kuring geus teu kuat narima lalakon nu ieu...Ieu hiji babak lalakon dina kahirupan kuring nu karasa kacida beuratna... Indung jeung bapa kuring jongjon teuing kana pagawéana séwang-séwangan, jiga nu teu sadar maranéhana téh boga budak anu keur meumeujeuhna ngabutuhkeun bimbingan, ngabutuhkeun kasih sayang ti nu jadi indung jeung bapa... Kuring teu nyangka jalan nu disorang téh jadi kieu balukarna, saminggu katukang kuring divonis ku dokter.. Yén kuring ka inféksi ku virus HIV jeung umur kuring moal leuwih ti saminggu deui... ”

Analisis : Ieu dialog diucapkeun ku Sandra sarta kaasup kana *solilokui*, sabab dina ieu dialog Sandra ngedalkeun kacapéna pikeun nyanghareupan kahirupan anu karasa beurat, manéhna ngarasa bingung kumaha cara pikeun nyanghareupan kaayaan anu keur karandapan. Sandra teu nyangka yén jalan anu disorang téh nyababkeun hal anu ngarugikeun pikeun diri manéhna.

(066)

Kode Data : NDTT/SF/A-4/9

Struktur formal : *Aside*

Cutatan : Jaya : “Ratna...!!! Dasar...Bedegong téh béak karep...!!!”

Analisis : Ieu dialog téh kaasup kana *aside*, sabab dina dialog katitén Jaya anu keur keuheul ka Ratna, tuluy manéhna kukulutus ditukangeun Ratna, bari Ratna teu ngadéngé kana omongan Jaya.

(067)

Kode Data : NDTT/SF/A-5/13

Struktur formal : *Aside*

Cutatan : Sandra : “Tuh...Tingali...Itu imah anu sakitu leutikna, dicicingan ku dua urang, anak jeung bapa.. Hirup miskin, heureut pakeun pungsat bahan...Tapi karasana mani haneuteun, asa hégar, jembar ku kanyaah, pinuh ku kabungah...”

Analisis : Dina ieu dialog, katitén Sandra anu keur dialog jeung panongton pikeun nepikeun rasa keueungna hirup nyorangan, teu dipaliré ku indung jeung ku bapa. Sandra népikeun pesen ka anu nongton yén harta banda téh teu cukup ari dibandingkeun jeung kanyaah mah.

Sri Intan Mulyani, 2023

NASKAH DRAMA “TUNGTUNGNA TUNGGARA” KARYA AYI G. SASMITA (*Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(068)

Kode Data : NDTT/SF/A-6/13

Struktur formal : *Aside*

Cutatan : Euis : “Bakateuing ku capé mikir...Nepi ka tibra kieu saréna...Sing sabar baé dulur.”

Analisis : Dina ieu dialog ogé, katitén Euis anu keur ngobrol sorangan, sanajan aya Sandra di hareupeunna tapi Sandra teu ngadéngé kana dialog anu ditepikeun ku Euis.

(069)

Kode Data : NDTT/SF/A-9/28

Struktur formal : *Épilog*

Cutatan : -

Analisis : Dina ieu naskah drama “Tungtungna Tunggara” teu kapanggih ayana unsur épilog, sabab épilog anu aya dina naskah téh kurang luyu jeung tiori, eusina lain kacindekan atawa amanat ti pangarang tapi dipungkas ku pupuh jurudemung sarta aya anu ngagorowok “Sandra” sabada pupuhna beres.

Kartu Data Analisis Struktur Naratif Naskah Drama

(001)	
Kode Data	: NDTT/SN/A-1/4
Struktur Naratif	: Téma
Cutatan	: Euis : “Anjeun mabok deui nya...?!?” Sandra : “Héh...Lain urusan anjeun...!! Kuring rék mabok ké, balik peuting ké, rék ngalér, ngidul, rék kitu, rék kieu lain urusan anjeun...Ngariti...!!!” Euis : “Tapi...” Sandra : “Indit...Indit...Anjeun sarua baé jiga si Amih jeung si Apih...Bisana ngan ukur ngomong, ngatur, teu maliré kana kahayang jeung kaayaan anak...”
Analisis	: Sandra salah nyorang jalan. Dina cutatan di luhur kacaritakeun yén Sandra téh rémén pisan balik peuting jeung mabok-mabokan. Ti dieu mimiti pasualan téh dimimitian, yén Sandra geus jadi budak anu salah dina nyorang jalan hirupna.

(002)	
Kode Data	: NDTT/SN/A-1/5
Struktur Naratif	: Téma
Cutatan	: Sandra : “ Sandra geus pach... ! Sandra ayeuna lain Sandra baheula, Sandra anu kudu nurut kana kahayang indung jeung bapana, nu diatur kudu kieu, kudu kitu jiga robot,.. Anu kudu ngajaga sikep sangkan kolotna teu era, tapi.. Manehna teu boga waktu saeutik-eutik acan pikeun anakna makumaha..” Euis : “Indung jeung bapa anjeun jalma terhormat, dihargaan ku sasama, anjeun kudu bisa ngigelanana sangkan bisa ngajaga kahormatan maranehna..” Sandra : “Hahahaha... Tah éta, éta pisan nu jadi alesan kuring,... (NYARITA BARI NGANGRES) Ti saprak si Apih jadi pajabat, manehna sibuk ngurus pagawean, ngurus rahayat, ari kuring anakna geus teu dipaliré, teu diurus,.. Indung kuring riweuh ngurusan seminar, memener kalakuan anak batur, tapi kuring anakna, teu dibéré waktu saeutik ogé pikeun tatanya...”
Analisis	: Sandra geus ngarasa ilang jati dirina, katitén dina cutatan di luhur pasualan anu muncul dina ieu dialog nyaéta Sandra ngarasa geus leungit jadi dirina, manéhna ngarasa lain Sandra anu baheula, anu bisa nurut ka indung jeung bapana, tapi Sandra ayeuna nyaéta Sandra anu geus nyorang kahirupan anu anyar. Ieu téh lantaran kolotna kajongjonan ngurus pagawean nepi ka teu bisa merhatikeun kahirupan Sandra anakna. Sikep Sandra téh mangrupa bentuk <i>pemberontakan</i> tinu jadi anak, sangkan bisa diperhatikeun deui.

(003)

Kode Data : NDTT/SN/A-4/9

Struktur Naratif : Téma

- Cutatan** : O.S Ratna : “Tah.. Surat panggilan ti sakola, poé ieu Apih kudu nepungan wali kelas na si Sandra jam 9 di sakola... Ulah telat cenah.”
- O.S Jaya : “Geus surat panggilan deui baé.. Kunaon deui cenah budak téh..??!!
- O.S Ratna : “Teu nyaho teuing...Asa mani unggal minggu surat panggilan téh...”
- O.S Jaya : “Apih teu bisa.. Poé ieu Apih sibuk pisan di kantor, kudu nepungan sémah ti Jepang..!!
- O.S Rartna : “Ihhhh... Ari Apih.. kapanan Amih ogé sarua, poé ieu teh aya dua acara, jam 10 kudu geus aya di Bandung seminar kenakalan rumaja, jam 7 peutingna kudu geus aya di Surabaya seminar prilaku menyimpang kaum rumaja.. Teu aya waktu Pih....!!!

Analisis : Kasibukan kolot Sandra, dina cutatan di luhur pasualan anu muncul téh mimitina tina kasibukan Ratna jeung Jaya. Ratna anu sibuk nguruskeun seminar jeung Jaya anu sibuk nguruskeun pagawéanna salaku pejabat. Dina ieu dialog katitén yén Ratna jeung Jaya euweuh pisan waktu pikeun merhatikeun Sandra, di titah ka sakola gé pikeun nepungan guru Sandra papada keukeuh teu barisa datang sabab sibuk ku pagawéanna.

(004)

Kode Data : NDTT/SN/A-4/10

Struktur Naratif : Téma

- Cutatan** : Sandra : “Dina kaayaan kieu.... Boro-boro nulungan, waktu ogé teu nyésa pikeun kuring....!!!! Sibuk..??!! Bosen..!! Naha teu aya waktu saeutik ogé pikeun ngadéngé kaayaan Sandra..??!! (*NYARITA RADA DAREUDA, MELAS MELIS*) Sandra ngarti...Sagala nu dipigawé ku maranéhna téh pikeun kahirupan Sandra.. Tapi.. Lain ngan saukur éta nu dipihareup ku Sandra.. Lain....!!!”

Analisis : Sandra anu ngarasa teu diperhatikeun, dina cutatan di luhur pasualan anu dicaritakeun nyaéta ngeunaan kanyeri Sandra anu geus lila teu dipaliré ku indung bapana. Indung jeung bapana geus euweuh pisan waktu pikeun nulungan, ngadéngé kaayaan Sandra, jeung mikanyaah Sandra, antukna Sandra ngarasa hirup nyorangan euweuh batur pakumaha. Sabenerna lain harta banda wungkul anu dipihareup ku Sandra tapi ogé kanyaah ti kolotna.

(005)

Kode Data : NDTT/SN/A-5/12

Struktur Naratif : Téma

- Cutatan** : Euis : “Anjeun hirup beunghar, loba harta tara kakurangan.. Bapa kuring mah ngan saukur tukang parkir.. Hirup susah sagala kakurangan..”
- Sandra : “Tapi kuring tara dianteur ku Bapa kuring ka sakola...Kuring tara dahar bareng jeung si Amih...Kuring tara ngaboncéng sapédah bari suka bungah jeung si Apih jiga anjeun...!!!!”
- Euis : “Sandra...Sakabéh anu karandapan ku urang ayeuna geus jadi titis tulis ti nu kawasa...Masing-masing jalma boga kaleuwihan jeung kakurangan séwang-séwangan.. Urang kudu sukuran, ulah ngarasula...!!!!”
- Sandra : “Enya.....,!!! Kapanan loba jalma beunghar di ieu dunya téh, tapi naha bet kudu kuring..?!!! Kuring sadar hirup kuring sagala loba.. Sagala cukup malah kaleuwihan ku harta, tapi...Kuring miskin ku kanyaah ti nu jadi indung jeung bapa...Kuring teu boga batur pakumaha,.. Teu aya batur ngobrol lamun kuring sedih, teu aya batur seuri lamun kuring senang, maranéhna teu aya lamun kuring hayang ogo...Hayang dielus rambut ku ramo-ramo nu jadi indung...Hayang dibélaan ku ramo-ramo keker nu jadi bapa...!!!”

Analisis : Sandra kuciwa kana kaayaan, dina cutatan di luhur pasualan anu karandapan ku Sandra téh ngeunaan kasono Sandra ka indung jeung bapana anu geus lila teu tepung, teu maliré, Sandra ogé ngabandingkeun kahirupan manéhna jeung Euis. Sanajan Euis miskin ku harta banda tapi manéhna beunghar ku kanyaah, Sedengkeun Sandra ngarasa kaleuwihan ku harta tapi ngarasa miskin ku kanyaah. Sandra hayang dipikanyaah jeung diaping ku kolotna jiga Euis.

(006)

Kode Data : NDTT/SN/A-5/13-14

Struktur Naratif : Téma

- Cutatan** : Sandra : “ Tuh...Tingali...Itu imah anu sakitu leutikna, dicicingan ku dua urang, anak jeung bapa...Hirup miskin, heureut pakeun pungsat bahan..Tapi karasana mani haneuteun, asa hégar, jembar ku kanyaah, pinuh ku kabungah....”
- SANDRA LEUMPANG KA HAREUPEUN IMAHNA.*
- Sandra : “ Béda pisan jeung imah anu itu...Imah gedong sigrong nu dieusian ku jalma beunghar, bru di juru, bro di panto ngalayah di tengah imah, lubak-libuk teu kalebok...!! Malah antukna mah mubah jeung mubadzir...Tapi karasana suwung...Sepi, eungap, panas, teu pikabetaheun...Teu kadéngé cakakakna sora bapa, teu kadéngé ngirungna sora indung... Istuning jiga hirup dina liang sireum...”

Analisis : Harta teu ngajamin kabagjaan, dina cutatan di luhur pasualan anu hayang ditepikeun ku panulis ngaliwatan dialog anu ditepikeun ku Sandra nyaéta sanajan hirup beunghar tapi teu ngajamin kahirupan téh bakal bagja, tangtu aya kurangna waé, pon kitu deui anu miskin. Teu salilana anu miskin dina ngajalankeun hirupna teu bagja. Katitén dina kahirupan Euis dina ieu naskah, sanajan Euis hirup sagala kakurangan tapi manéhna bungah, béda jeung Sandra anu beunghar loba pakaya tapi hirupna ngarasa susah.

(007)

Kode Data : NDTT/SN/A-7/18

Struktur Naratif : Téma

- Cutatan** : Sandra : “Geus cukup Mang...!!! Tong dituluykeun, kuring geus apal.. Maranéhna moal aya nu nanyakeun kuring... Da kuring mah mah dianggap euweuh, teu penting...Urusan maranéhna leuwih penting ti batan anakna sorangan..!!!”
- Odon : “Hapunten Néng...Sanés Emang culangung...Manawi aranjeuna téh sibuk pisan katinggalna ku Amang mah...Tapi kapanan sadayana ogé kanggo Enéng...”
- Sandra : “Keur maranéhana Mang lain keur kuring... !! Keur kaégoisan maranéhna Mang lain keur kuring..!!, Keur kasenangan maranéhna lain keur kasenangan kuring...”

Analisis : Sandra kabur ti imahna, dina cutatan di luhur pasualan anu dicaritakeun nyaéta waktu Sandra kabur ti imahna. Sandra anu geus dua poé teu balik ka imah, miharep ditéangan ku indung jeung bapana, tapi harepan éta téh teu kajadian sabab indung jeung bapa Sandra masih kénéh jongjon kana pagawéanna séwang-séwang. Ieu hal katitén tina dialog antara Sandra jeung Odon di luhur, Sandra nanyakeun indung jeung bapana ka Odon, tapi Odon ngan bisa ngupahan Sandra yén kolotna téh keur meumeujeuhna sibuk.

(008)

Kode Data : NDTT/SN/A-7/19

Struktur Naratif : Téma

- Cutatan** : Sandra : “Kuring teu nyaho rék nepi ka iraha kiekuean téh... Waktu nu leuwih nyaho bakal kumaha juntrungna ieu lalakon téh.. Cing béjaan kuring...Béjaan...Kudu kumaha deui kuring téh...Kuring geus teu kuat narima lalakon nu ieu..”
- NGARENGHAP BARI NYARITA DAREUDA NAHAN
PICEURIKEUN*
- “Ieu hiji babak lalakon dina kahirupan kuring nu karasa kacida beuratna... Indung jeung bapa kuring jongjon teuing kana pagawéana séwang-séwangan, jiga nu teu sadar maranéhana téh boga budak anu keur meumeujeuhna ngabutuhkeun bimbingan, ngabutuhkeun kasih sayang ti nu jadi indung jeung bapa...Kuring teu nyangka jalan nu disorang téh jadi kieu balukarna, saminggu katukang kuring divonis ku dokter.. Yén kuring ka inféksi virus HIV, jeung umur kuring moal leuwih ti saminggu deui...”

Analisis : Sandra keuna panyakit HIV, dina cutatan di luhur pasualan dirasakeun ku Sandra anu ngarasa geus bingung kana kahirupanna, ngarasa pasrah kana lalakon anu bakal kasorang kahareupna. Sandra divonis miboga panyakit HIV saminggu katukang, sabab pergaulan bebasna anu geus maké obat-obatan terlarang. Manéhna ngarasa kaduhung dibaréngan ku rasa kuciwa kana lalakon hirupna.

(009)

Kode Data : NDTT/SN/A-8/21

Struktur Naratif : Téma

Cutatan : Sandra : “Rék iraha manéhna boga waktu keur kuring,... Geus saminggu kuring ngadagoan manéhna datang, si Apih jeung si Amih leuwih nyaah kana pagawéanna, maranéhna leuwih sieun kaleungitan pagawéanna ti batan kaleungitan kuring... Anakna...”

EUIS NGUSAPAN TAKTAK SANDRA DEUDEUH NAKERANAN,

Sandra : “Alloh teu adil... Anjeun boga kulawarga nu nyaah ka anjeun, ngabimbing, ngaping ngajaring anjeun dina sagala kaayaan, haneuteun di imah...Jig anjeun geura mulang, ka bapa anjeun.. Ulah sakali-kali nyieun bapa anjeun melang, cukup karawu kasiku ku kuring, jieun bapa anjeun bangga ka anjeun ulah jiga kuring...”

Euis : “Sandra.. Alloh maha adil, kuring yakin jaga, anjeun bakal pinanggih jeung kabagjaan nu sajati... Kuring jeung bapa kuring teu weléh ngadu’a sangkan anjeun bisa kaluar tina pasualan ieu... Kuring jangji, isuk atawa pagéto lamun kuring panggih jeung kolot anjeun kuring bakal ngingetan yén anjeun butuh pisan maranéhna... Sing sabar nya.. Kuring rék balik..”

Analisis : Sandra kuciwa ka indung jeung bapana, dina cutatan di luhur euis pasualanna ngeunaan kakeuheul Sandra ka indung jeung bapana anu geus teu paduli pisan ka manéhna, Sandra geus teu dibéré waktu saeutik-eutik acan ku kolotna pikeun makumaha. Geus saminggu Sandra teu tepung pisan jeung kolotna sabab ripuh ku pagawean. Tapi sanajan Sandra kuciwa ka kolotna, manéhna tetep miboga bebeneran dina sikepna, Sandra mapatahan ka Euis sangkan teu nyieun bapana hariwang.

(010)

Kode Data : NDTT/SN/A-8/21-22

Struktur Naratif : Téma

Cutatan : Sandra : “Amih.... Sandra sonoooo pisan ka Amih,..Amih kamana baé..? Tos sabaraha sasih teu pendak sareng Sandra.. Sandra kacida sonona ka Amih...”

EUIS NAHAN CIPANONNA, BARI NGUSAPAN BUUK SANDRA BANGUN ANU DEUDEUH PISAN.

Sandra : “Amihh... Sandra hoyong pisan susu jahé kenging ngadamel Amih, langkung ti sataun amih teu ngadamelkeun kanggo Sandra, ke énjing damelkeun nya Mih, kanggo Sandra... Amih...Badé angkat damel deui nya... Hapunten Sandra nya ngaganggu kasibukan Amih..Sok bilih Amih badé angkat deui mah.. Sandra ngantuk badé bobo...”

Analisis : Kasono Sandra ka kolotna, Cutatan di luhur eusi pasualanna ngeunaan kasono Sandra ka indung jeung bapana. Sandra sono pisan kanu kabiasaan-kabiasaan baheula anu sok dipigawé ku indungna di imah. Sandra ngan butuh waktu ti indung jeung bapana, sarta teu niat ngaganggu kana kasibukanna ayeuna.

(011)

Kode Data : NDTT/SN/A-8/22

Struktur Naratif : Téma

Cutatan : Sarmad: “Tétélanya...Harta banda, dunya barana, nu dipibanda Néng Sandra teu bisa ngagantian kanyaah nu jadi kolot.. Bapana...Pajabat...Dihargaan ku sasama, indungna tukang méré seminar ka para kaum rumaja, tapi naha ka anakna sorangan teu malirénnya... Bingung apa mah Is..”

Euis : “Duka atuh...”

Sarmad: “ Peupeujeuh Apa mah ka Euis...Sagala nu karandapan ku Néng Sandra sing jadi conto pikeun hidep, ulah sakali-kali wawuh jeung narkoba...”

Analisis : Harta teu bisa ngagantikeun kanyaah, dina cutatan di luhur pasualan ditepikeun ku panulis ngaliwatan dialog anu ditepikeun ku Sarmad yén saéstuna harta banda téh teu bisa ngagantikeun kanyaah anu jadi kawajiban kolot ka budakna, saloba-lobana harta ari teu dibarengan jeung kanyaah mah moal bisa ngabagjakeun kanu jadi anak. Tuluy didieu peran kolot ogé penting pikeun ngaping jeung ngarahkeun anak-anakna sangkan teu ngilu kanu pergaulan anu salah.

(012)

Kode Data : NDTT/SN/A-9/25

Struktur Naratif : Téma

Cutatan : Euis : “Sandra.. Éta nu di gigireun anjeun téh indung bapa anjeun...!!”

Sandra : “Sakalian béjakeun... Harta kakayaan manéhna teu bisa ngagantian kanyaah nu jadi indung jeung bapa.. Jeung omat ulah poho béjakeun kuring sonoooo... pisan ka si Apih jeung si Amih...Kitu nya... Hampura kituh kuring teu bisa jadi budak anu diharepkeun ku maranéhanana...”

Ratna : “Sandra.. ieu Amih...Bageur...Hanpura Amih nu geus tamélar jolédar ka hidep!!”

Analisis : Pesen pamungkas ti Sandra pikeun kolotna, dina cutatan di luhur pasualan ditepikeun ku Sandra anu keur sakarat. Sandra mihapé béja ka Euis pikeun ngabéjakeun ka indung bapana, yén manéhna rék indit miheulaan jeung béjakeun kasusah sarta kasono anu dirasakeun ku Sandra salila ieu anu geus lila teu dipaliré ku indung jeung bapana. Tuluy anu pamungkas Sandra ménta hampura sabab geus jadi budak anu teu bisa diharepkeun..

(013)

Kode Data : NDTT/SN/A-9/27

Struktur Naratif : Téma

Cutatan : Jaya : “Sandraaaaaaaaaa.....!!!! Hampura Apih bageurrr... Apih teu nyangka hidep sangsara ka rugrugan ku harta, Apih geus salah ngamaknaan kasenangan nu jadi anak...Apih salahhhh.....!!! Sandra anakingggg...Hudang bageurrr.. Hudang...Hudang!!!!

Sandraaa... Apih jangji, Apih bakal méré waktu anu cukup pikeun hidep... Hudang bageurrr... Sandra... Hudangggg.....!!!

Analisis : Kolot Sandra ngarasa kaduhung, dina cutatan di luhur pasualan anu dirasakeun ku indung jeung bapa Sandra, dialog di luhur nyaritakeun yén Jaya salaku bapa Sandra ngarasa kaduhung geus tamélar ka Sandra, dina dialogna manéhna jangji yén bakal méré waktu anu cukup pikeun Sandra tapi éta téh geus euweuh gunana, sabab Sandra geus nepungan pati tiheula.

(014)

Kode Data : NDTT/SN/A-1/1

Struktur Naratif : Galur (*Eksposisi*)

Cutatan : *SETTING PANGGUNG DIBAGI KANA TILU BAGIAN, TENGAH RADA KA KATUHU NGAGAMBARKEUN TEPAS IMAH GEDONG, AYA TIHANG BETON BULEUD. BEULAH KATUHU AYA TANGKAL CARINGIN GEDE ANU NGARANGKADAK. JIGANA UMURNA GEUS PULUHAN TAUN MALAH BISA JADI GEUS MÉH NGARATUS TAUN, HANDAPEUN ÉTA TANGKAL CARINGIN AYA KORSI TAMAN ANU RADA PANJANG, PANJANGNA BISA DIPAKÉ DIUK KU TILUAN. BEULAH KENCA AYA IMAH BILIK BASAJAN PISAN, HAREUPEUN ÉTA IMAH BILIK AYA SAPÉDAH KOLOT NU GEUS BUTUT, TAPI MASIH KÉNÉH BISA DIPAKÉ KEUR BONCÉNGAN.*

WANCI PEUTING KIRA-KIRA JAM SATENGAH DALAPAN, SANDRA LEUMPANG DADALIGDEUGAN KA IMAHNA, MAKÉ BAJU SAKOLA SMA, SIRAHNA DIHARUDUNG KU JÉKÉT, CULANG-CILEUNG NEMPOAN KA SABUDEUREUN IMAHNA JIGA ANU SIEUN PAPANGGIH JEUNG BATUR.

BARANG NEPI KA HAREUPEN PANTO IMAHNA, SANDRA EUREN TULUY NGODOK KANTONGNA NÉANGAN KONCI IMAH.

Analisis : *Eksposisi* dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” leuwih nyarita kana kaayaan setting tempat anu ngajéntrékeun latar anu bakal dipintonkeun dina carita. Tuluy nyaritakeun Tokoh Sandra jeung Euis anu ngamimitian carita dina ieu drama.

(015)

Kode Data : NDTT/SN/A-1/5

Struktur Naratif : Galur (*Komplikasi*)

Cutatan : Sandra : “Sandra geus paéh... ! Sandra ayeuna lain Sandra baheula, Sandra anu kudu nurut kana kahayang indung jeung bapana, nu diatur kudu kieu, kudu kitu jiga robot,.. Anu kudu ngajaga sikep sangkan kolotna teu éra, tapi.. Manéhna teu boga waktu saeutik-eutik acan pikeun anakna makumaha..”

Euis : “Indung jeung bapa anjeun jalma terhormat, dihargaan ku sasama, anjeun kudu bisa ngigelanana sangkan bisa ngajaga kahormatan maranéhna..”

Sandra : “Hahahaha...Tah éta, éta pisan nu jadi alesan kuring,... (*NYARITA BARI NGANGRES*) Ti saprak si Apih jadi pajabat, manéhna sibuk ngurus pagawéan, ngurus rahayat, ari kuring anakna geus teu dipaliré, teu diurus,.. Indung kuring riweuh ngurusan seminar, memener kalakuan anak batur, tapi kuring anakna, teu dibéré waktu saeutik ogé pikeun tatanya..”

Analisis : Komplikasi dina ieu naskah, kapanggih dina dialog anu ditepikeun ku dua tokoh, nyaéta tokoh Sandra jeung tokoh Euis. Tina obrolan dua tokoh ieu, kapanggih yén tokoh Sandra mimiti miboga masalah téh saprak bapana jadi pajabat, jeung indungna jadi pangurus seminar, ti dinya Sandra ngarasa hirup nyorangan jeung teu dipaliré ku indung jeung bapana.

(016)

Kode Data : NDTT/SN/A-8/21

Struktur Naratif : Galur (*Klimaks*)

Cutatan : Sandra : “Alloh teu adil...Anjeun boga kulawarga nu nyaah ka anjeun, ngabimbing, ngaping ngajaring anjeun dina sagala kaayaan, haneuteun di imah...”

Jig anjeun geura mulang, ka bapa anjeun.. Ulah sakali-kali nyieun bapa anjeun melang, cukup karawu kasiku ku kuring, jieun bapa anjeun bangga ka anjeun ulah jiga kuring..”

Euis : “Sandra.. Alloh maha adil, kuring yakin jaga, anjeun bakal pinanggih jeung kabagjaan nu sajati... Kuring jeung bapa kuring teu weléh ngadu’ a sangkan anjeun bisa kaluar tina pasualan ieu... Kuring jangji, isuk atawa pagéto lamun kuring panggih jeung kolot anjeun kuring bakal ngingetan yén anjeun butuh pisan maranéhna... Sing sabar nya.. Kuring rék balik..”

EUIS MALIKEUN AWAKNA RÉK BALIK, TAPI KAKARÉK SABABARAHHA LENGKAH SANDRA NYARITA DEUI.

Sandra : “Euis..?! Anjeun bisa nulungan kuring..? Anggep wéh ieu téh paménta anu pamungkas ti kuring salila babarengan jeung anjeun..”

Sandra : “Amihh... Sandra hoyong pisan susu jahé kencing ngadamel Amih, langkung ti sataun Amih teu ngadamelkeun kanggo Sandra, ké énjing damelkeun nya Mih, kanggo Sandra... Amih...Badé angkat damel deui nya... Hapunten Sandra nya ngaganggu kasibukan Amih.. Sok bilih Amih badé angkat deui mah.. Sandra ngantuk badé bobo..”

Analisis : Dina ieu naskah, bagian klimaks ditepikeun ku Sandra anu geus ngarasa capé nyanghareupan hirupna anu nyorangan, sarta ngarasa sono pisan ka indung jeung bapana, nepi ka ahirna cumarita yén Alloh téh geus teu adil ka manéhna, tapi sanajan kitu Sandra tetep bisa ngelingan Euis sangkan teu ngaleuleungit kanyaah bapana.

(017)

Kode Data : NDTT/SN/A-8/22

Struktur Naratif : Galur (*Resolusi*)

Cutatan : Euis : “Cobian atuh ka Mang Odon, jigana apaleun dimana juragan Jaya sareng Ibu Ratna ayeuna...”

SARMAD NGAHULENG SAKEUDEUNG.

Sarmad: “Heueuh nya si Odon.. Apa yakin si Odon apal dimana juragan Jaya sareng Ibu Ratna... Heueuh bener.. Leuwih hadé ayeuna nepungan si Odon... Euis, Apa rek nepungan si Odon, hidep mah tungguan wéh di dieu nya..”.

SARMAD GURA-GIRU INDIT RÉK NÉANG MANG ODON. EUIS DIUK NYARANDÉ KANA SUKU KORSI, LEUNGEUNA TEU LEUPAS TINA AWAK SANDRA, KAAYAAN JADI SIMPÉ.

Analisis : Resolusi anu kapanggih ditepikeun ku tokoh Euis. Masalah anu aya dina klimaks dibéréskeun ku solusi anu ditepikeun ku Euis, ku cara nitah Sarmad sangkan nepungan Odon pikeun ngabéjaan indung jeung bapa Sandra ngeunaan kaayaan anu keur karandapan ku Sandra.

(018)

Kode Data : NDTT/SN/A-9/27

Struktur Naratif : Galur (*Konklusi*)

Cutatan : *RÉNGSÉ EUIS NEMBANGKEUN PUPUH JURUDEMUNG, EUIS NGARÉRÉT NELEK-NELEK SANDRA, KATINGALI SANDRA PEREUM BARI IMUT, TULUY EUIS NGARAGAP KANA BEUHEUNG JEUNG PIGEULANGAN LEUNGEUN SANDRA, NGARENJAG, TULUY NGAHULENG SAKEUDENG NGARASAKEUN SANDRA GEUS TEUAYA DIKIEUNA.*

Euis : “Inalilahi Wainailahi Rojiunnnn...”

JAYA JEUNG RATNA NGAJERIT NGARONTOK ANAKNA, ODON JEUNG SARMAD NGUSAP DADA BARI, SILIH RÉRÉT NAHAN SEDIHNA.

JAYA JEUNG RATNA NYEGRUK CEURIK BARI ANDIPREK NGEUKEUPAN LAYON ANAKNA, TULUY RATNA NGUSAPAN BUUK SANDRA. KAAYAAN JADI SIMPÉ.

Analisis : Konklusi anu kapanggih aya dina ahir carita ieu naskah drama. Ahirna Sandra geus nepi ka tungtungna tunggara. Sandra nepungan pati tiheula sabada tepung jeung indung bapana sarta dipangnembangkeun pupuh anu baheula sok ditembangkeun ku manéhna jeung indung bapana. Ari indung jeung bapana ngan bisa nyaksian anakna anu keur sakarat, dibarengan ku rasa kaduhung anu kabina-bina lantaran geus teu maliré ka anakna.

(019)

Kode Data : NDTT/SN/A-1/5

Struktur Naratif : Tokoh (Euis salaku tokoh séntral)

Cutatan : Euis : “Indung jeung bapa anjeun jalma terhormat, dihargaan ku sasama, anjeun kudu bisa ngigelanana sangkan bisa ngajaga kahormatan maranéhna..”

Euis : “Tapi, cara anjeun salah, lain kieu cara anjeun nyanghareupanana...!”

Euis : “Kuring nyaah ka anjeun San, kuring embung anjeun kagebrus kana kahirupan jiga kitu...”

Analisis : Tina dialog di luhur katitén yén Euis téh jalma bageur. Salian ti bageur, Euis ogé paduli kasasama, daék ngelingan ka babaturan sarta miboga rasa kanyaah anu jembar. Euis dina carita ogé jadi tokoh konci maturan tokoh Sandra pikeun ngajalankeun alur carita. Jadi, Euis ogé anu bakal mantuan jeung méré solusi ka lawan tokohna nyaéta Sandra.

(020)

Kode Data : NDTT/SN/A-1/5

Struktur Naratif : Tokoh (Sandra salaku tokoh séntral)

Cutatan : Sandra : “Sandra geus paéh... ! Sandra ayeuna lain Sandra baheula, Sandra anu kudu nurut kana kahayang indung jeung bapana, nu diatur kudu kieu, kudu kitu jiga robot,.. Anu kudu ngajaga sikep sangkan kolotna teu éra, tapii... Manéhna teu boga waktu saeutik-eutik acan pikeun anakna makumaha...”

Analisis : Tina dialog di luhur katitén yén Sandra jalma anu antagonis, sabab sikepna anu ditilik kurang hadé dina ieu carita, manéhna jalma anu gurat batu, hésé diomongan, sarta kumaha karepna sorangan. Éta hal téh, disababkeun ku kanyerina teu dipaliré ku indung jeung bapana. Sandra jadi jalma anu berontak, ngahaja maké narkoba pikeun ngubar kakeueung hirupna.

(021)

Kode Data : NDTT/SN/A-4/9

Struktur Naratif : Tokoh (Ratna salaku tokoh Panengah)

Cutatan : O.S Ratna : “Tah.. Surat panggilan ti sakola, poé ieu Apih kudu nepungan wali kelasna si Sandra jam 9 di sakola... Ulah telat cenah....”
 O.S Ratna : “Ihhhh... Ari Apih.. kapanan Amih ogé sarua, poé ieu téh aya dua acara, jam 10 kudu geus aya di Bandung seminar kenakalan rumaja, jam 7 peutingna kudu geus aya di Surabaya seminar prilaku menyimpang kaum rumaja.. Teu aya waktu Pih....!!!”

Analisis : Tina dialog di luhur katitén yén tokoh Ratna téh kaasup kana tokoh penengah anu teu ngadukung ka tokoh séntral, eusi dina dialog nuduhkeun yén tokoh Ratna téh mentingkeun teuing pagawéanna anu ahirna manéhna teu mentingkeun kana kapentingan anakna.

(022)

Kode Data : NDTT/SN/A-4/9-10

Struktur Naratif : Tokoh (Jaya salaku tokoh Panengah)

Cutatan : O.S Jaya : “Urusan budak mah urusan Amih...!! Pilakadar ngurusan budak hiji ogé meni teu metu...!!”
 Jaya : “Ratna...!!!?? Dasar ...Bedegong téh béak karep...!!”
 Jaya : “Héh... Béjakeun, Apih jeung Amih sibuk, can aya waktu nepungan ka sakola.....!!!”

Analisis : Tina dialog di luhur katitén yén tokoh Jaya gé kaasup kana tokoh penengah anu teu ngadukung ka tokoh séntral, eusi dina dialog nuduhkeun yén tokoh Jaya gé mentingkeun teuing kana pagawéanna anu ahirna manéhna teu paduli kana kabutuhan anakna. Tokoh Jaya ogé egois hayang meunang sorangan, sarta saruana jeung pamajikanna.

(023)

Kode Data : NDTT/SN/A-7/15-16

Struktur Naratif : Tokoh (Sarmad salaku tokoh Pembantu)

Cutatan : Sarmad : “Yéh.. Ari silaing kapanan kamari téh kakarék ditambah, naha ayeuna bet kempés deui...?!!”
 Sarmad : “(Hut-heat metakeun jurus-jurus silat) Bujur buneng... !!!”
 Sarmad : “Nyaho.. déwék ogé.. Ban kempés mah kudu ditambah....!!!”

Analisis : Tina dialog di luhur katitén yén tokoh Sarmad téh kaasup kana tokoh pembantu anu jadi panglengkep dina ieu carita, sangkan caritana teu ngabosenkeun. Katitén dina eusi dialogna anu nyaritakeun Sarmad anu keur ngomongkeun ban sapedahna anu kempés, nepi ka manéhna ngaluarkeun jurus-jurus sangkan anu nongton bisa seuri nempo paripolahna.

(024)

Kode Data : NDTT/SN/A-7/17

Struktur Naratif : Tokoh (Odon salaku tokoh Pembantu)

Cutatan : Odon : “(RADA TARIK SORANA) Heueuh mantak naon atuh nelpon ké, sms ké...!! Kapanan jaman téh geus canggih atuh...”

Analisis : Pon kitu ogé tokoh Odon, dina dialog di luhur katitén yén tokoh Odon téh kaasup ogé kana tokoh pembantu dia ieu carita. Eusi dialogna nyaritakeun ngeunaan Odon anu keur ngobrol jeung Sarmad sarta ngabahas Sandra, tapi Odon ngomongna kamana waé, anu ahirna Sarmad émosi.

(025)

Kode Data : NDTT/SN/A-1/3

Struktur Naratif : Latar (Tempat)

Cutatan : *SANDRA LEUMPANG DADALIGDEUGAN KA IMAHNA***Analisis** : Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana imah gedong.

(026)

Kode Data : NDTT/SN/A-2/6

Struktur Naratif : Latar (Tempat)

Cutatan : *BRAY PANTO IMAH MUKA, ODON NGASUPKEUN BABAWAANNA KAJERO IMAH.***Analisis** : Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana imah gedong.

(027)

Kode Data : NDTT/SN/A-3/7

Struktur Naratif : Latar (Tempat)

Cutatan : *TEU LILA EUIS KALUAR TI IMAH SANDRA***Analisis** : Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana imah gedong.

(028)

Kode Data : NDTT/SN/A-4/9

Struktur Naratif : Latar (Tempat)

Cutatan : *KADÉNGÉ SORA INDUNG JEUNG BAPA SANDRA TI JERO IMAH GEDONG***Analisis** : Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana imah gedong.

(029)

Kode Data : NDTT/SN/A-3/7

Struktur Naratif : Latar (Tempat)

Cutatan : *SANDRA LEUMPANG LALAUNAN GÉK DIUK DINA KORSI TAMAN HANDAPEUN CARINGIN***Analisis** : Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar korsi taman anu aya di handapeun caringin gedé.

(030)

Kode Data : NDTT/SN/A-4/8

Struktur Naratif : Latar (Tempat)

Cutatan : *SANDRA GÉK DIUK DINA KORSI TAMAN HANDAPEUN CARINGIN***Analisis** : Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar korsi taman anu aya di handapeun caringin gedé.

(031)

Kode Data : NDTT/SN/A-5/11

Struktur Naratif : Latar (Tempat)

Cutatan : SANDRA NGAGOLÉR DINA KORSI TAMAN**Analisis** : Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar korsi taman anu aya di handapeun caringin gedé.

(032)

Kode Data : NDTT/SN/A-6/14

Struktur Naratif : Latar (Tempat)

Cutatan : KATINGALI SANDRA NGAGOLÉR, SARÉ DINA KORSI TAMAN.**Analisis** : Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar korsi taman anu aya di handapeun caringin gedé.

(033)

Kode Data : NDTT/SN/A-7/15

Struktur Naratif : Latar (Tempat)

Cutatan : SANDRA MASIH KÉNÉH TIBRA SARÉ DINA KORSI TAMAN
HANDAPEUN TANGKAL CARINGIN**Analisis** : Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar korsi taman anu aya di handapeun caringin gedé.

(034)

Kode Data : NDTT/SN/A-8/20

Struktur Naratif : Latar (Tempat)

Cutatan : SANDRA MASIH KÉNÉH NGAJENTUL NANGKEUP TUUR DINA KORSI
TAMAN**Analisis** : Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar korsi taman anu aya di handapeun caringin gedé.

(035)

Kode Data : NDTT/SN/A-9/24

Struktur Naratif : Latar (Tempat)

Cutatan : SANDRA MALIKEUN AWAKNA TULUY LEUMPANG NGADEUKEUTAN
EUIS, GÉK DIUK DEUI DINA KORSI.**Analisis** : Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar korsi taman anu aya di handapeun caringin gedé.

(036)

Kode Data : NDTT/SN/A-1/3

Struktur Naratif : Latar (Tempat)

Cutatan : EUIS KALUAR TI JERO IMAHNA MURU KA LEBAH SANDRA.**Analisis** : Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar imah bilik basajan.

(037)

Kode Data : NDTT/SN/A-1/5

Struktur Naratif : Latar (Tempat)

Cutatan : *EUIS BALIK KA IMAHNA.***Analisis** : Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar imah bilik basajan.

(038)

Kode Data : NDTT/SN/A-2/6

Struktur Naratif : Latar (Tempat)

Cutatan : *EUIS JEUNG SARMAD KALUAR TI IMAHNA.***Analisis** : Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar imah bilik basajan.

(039)

Kode Data : NDTT/SN/A-4/8

Struktur Naratif : Latar (Tempat)

Cutatan : *SARMAD (KALUAR TI IMAHNA NYAMPEURKEUN SAPÉDAH NU NYARANDÉ HAREUPEUN IMAHNA).***Analisis** : Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar imah bilik basajan.

(040)

Kode Data : NDTT/SN/A-5/11

Struktur Naratif : Latar (Tempat)

Cutatan : *EUIS SASAPU DI BURUAN IMAHNA***Analisis** : Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar imah bilik basajan.

(041)

Kode Data : NDTT/SN/A-6/14

Struktur Naratif : Latar (Tempat)

Cutatan : *KULUTRAK LAWANG PANTO IMAH SARMAD MUKA, TULUY KALUAR SARMAD BARI DIHARUDUNG SARUNG***Analisis** : Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar imah bilik basajan.

(042)

Kode Data : NDTT/SN/A-7/15

Struktur Naratif : Latar (Tempat)

Cutatan : *MINDAHKEUN SAPÉDAHNA KA BURUAN IMAHNA***Analisis** : Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar imah bilik basajan.

<p>(043) Kode Data : NDTT/SN/A-1/3 Struktur Naratif : Latar (Waktu)</p> <p>Cutatan : <i>WANCI PEUTING KIRA-KIRA JAM SATENGAH DALAPAN.</i> Analisis : Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu peuting.</p>
<p>(044) Kode Data : NDTT/SN/A-1/3 Struktur Naratif : Latar (Waktu)</p> <p>Cutatan : Euis : “ Sandra kunaon anjeun remen pisan balik peuting ayeuna mah..” Analisis : Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu peuting.</p>
<p>(045) Kode Data : NDTT/SN/A-6/14 Struktur Naratif : Latar (Waktu)</p> <p>Cutatan : <i>WANCI PEUTING KIRA-KIRA JAM SAPULUH.</i> Analisis : Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu peuting.</p>
<p>(046) Kode Data : NDTT/SN/A-6/14 Struktur Naratif : Latar (Waktu)</p> <p>Cutatan : Sarmad : “Tos tabuh 10 wengi Néng...” Analisis : Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu peuting.</p>
<p>(047) Kode Data : NDTT/SN/A-7/18 Struktur Naratif : Latar (Waktu)</p> <p>Cutatan : Odon : “Tadi wengi wangsul Néng...” Analisis : Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu peuting.</p>
<p>(048) Kode Data : NDTT/SN/A-8/20 Struktur Naratif : Latar (Waktu)</p> <p>Cutatan : <i>WANCI BA'DA ISA, SANDRA MASIH KÉNÉH NGAJENTUL NAGKEUP TUUR</i> Analisis : Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu peuting.</p>

(049)	Kode Data : NDTT/SN/A-2/6
Struktur Naratif : Latar (Waktu)	
Cutatan	: <i>WANCI ISUK-ISUK SANDRA KALUAR TI IMAHNA.</i>
Analisis	: Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu isuk-isuk.
(050)	Kode Data : NDTT/SN/A-4/8
Struktur Naratif : Latar (Waktu)	
Cutatan	: <i>SAMINGGU GEUS KALIWAT, ISUK-ISUK SANDRA KALUAR TI IMAHNA MAKÉ BAJU SAKOLA.</i>
Analisis	: Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu isuk-isuk.
(051)	Kode Data : NDTT/SN/A-7/15
Struktur Naratif : Latar (Waktu)	
Cutatan	: <i>WANCI ISUK-ISUK, SANDRA MASIH KÉNÉH SARÉ.</i>
Analisis	: Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu isuk-isuk.
(052)	Kode Data : NDTT/SN/A-3/7
Struktur Naratif : Latar (Waktu)	
Cutatan	: <i>WANCI SAREUPNA, RATNA DATANG BARI ANGKARIBUNG KUBABAWAAN</i>
Analisis	: Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu sareupna.
(053)	Kode Data : NDTT/SN/A-5/13
Struktur Naratif : Latar (Waktu)	
Cutatan	: Sarmad : “Euis ..! Wanci sareupna masih kénéh ngarobrol di luar.. Pamali ieuh...”
Analisis	: Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu sareupna.
(054)	Kode Data : NDTT/SN/A-5/13
Struktur Naratif : Latar (Waktu)	
Cutatan	: Euis : “...Tapi leuwih hadé mah anjeun ogé geura balik, geus wanci sareupna, bisi kumaonam ké...”
Analisis	: Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu sareupna.

(055)	Kode Data : NDTT/SN/A-5/11
Struktur Naratif : Latar (Waktu)	
Cutatan	: <i>WANCI BEURANG MAJU KA SORÉ, SANDRA NGAGOLÉR DINA KORSI TAMAN.</i>
Analisis	: Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu beurang maju ka soré.
(056)	Kode Data : NDTT/SN/A-7/17
Struktur Naratif : Latar (Waktu)	
Cutatan	: Odon : “Néng Sandra... Parantos siang Néng...Isin seueur jalmi lalar liwat, bilih badé kulem deui mah lajengkeun baé di lebet kamar Néng..!!”
Analisis	: Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu beurang.
(057)	Kode Data : NDTT/SN/A-7/17
Struktur Naratif : Latar (Waktu)	
Cutatan	: Odon : “...Nanging tadi subuh angkat deui...”
Analisis	: Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu subuh.
(058)	Kode Data : NDTT/SN/A-7/18
Struktur Naratif : Latar (Waktu)	
Cutatan	: Odon : “...Nanging Subuh kénéh tos angkat deui...Badé ka Jakarta saurna mah..”
Analisis	: Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu subuh.
(059)	Kode Data : NDTT/SN/A-9/23
Struktur Naratif : Latar (Waktu)	
Cutatan	: <i>WANCI SUBUH, EUIS NGUNIANG HUDANG</i>
Analisis	: Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu subuh.
(060)	Kode Data : NDTT/SN/A-7/17
Struktur Naratif : Latar (Waktu)	
Cutatan	: Odon : “...Numawi Néng...Kamari wangsulna téh...”
Analisis	: Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu kamari.

(061)	Kode Data : NDTT/SN/A-4/9
Struktur Naratif : Latar (Waktu)	
Cutatan	: O.S Ratna : “Teu nyaho teuing...Asa mani unggal minggu surat panggilan téh...”
Analisis	: Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu unggal minggu.

(062)	Kode Data : NDTT/SN/A-4/9
Struktur Naratif : Latar (Waktu)	
Cutatan	: O.S Ratna : “Tah... Surat panggilan ti sakola, poé ieu Apih kudu nepungan wali kelasna si Sandra jam 9..!!”
Analisis	: Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu poé ieu.

(063)	Kode Data : NDTT/SN/A-4/9
Struktur Naratif : Latar (Waktu)	
Cutatan	: O.S Jaya : “Apih teu bisa ..Poé ieu Apih sibuk pisan di kantor, kudu nepungan sémah ti Jepang.”
Analisis	: Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu poé ieu.

(064)	Kode Data : NDTT/SN/A-4/9
Struktur Naratif : Latar (Waktu)	
Cutatan	: O.S Ratna : “Ihh...Ari Apih, kapanan Amih ogé sarua, poé ieu téh aya dua acara.”
Analisis	: Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu poé ieu.

(065)	Kode Data : NDTT/SN/A-4/8
Struktur Naratif : Latar (Waktu)	
Cutatan	: <i>SAMINGGU GEUS KALIWAT, ISUK-ISUK SANDRA KALUAR TI IMAHNA.</i>
Analisis	: Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu saminggu geus kaliwat.

(066)

Kode Data : NDTT/SN/A-1/5

Struktur Naratif : Latar (Sosial)

Cutatan : Euis : “Indung jeung bapa anjeun jalma terhormat, dihargaan ku sasama, anjeun kudu bisa ngigelanana sangkan bisa ngajaga kahormatan maranéhna...”

Sandra : “Hahahaha..Tah éta, éta pisan nu jadi alesan kuring,... (NYARITA BARI NGANGRES) Ti saprak si Apih jadi pajabat, manéhna sibuk ngurus pagawéan, ngurus rahayat, ari kuring anakna geus teu dipaliré, teu diurus,.. Indung kuring riweuh ngurusan seminar, memener kalakuan anak batur, tapi kuring anakna, teu dibéré waktu saeutik ogé pikeun tatanya...”

Analisis : Dina ieu dialog, kapanggih yén latar sosial kulawarga sandra téh nyaéta jalma anu terhormat, dihargaan ku batur, jalma beunghar. sarta status sosialna beuki ningkat sabada bapana jadi pajabat. Éta nandakeun yén Sandra téh latar sosialna kelas luhur. Tapi sanajan kitu dina ieu carita, jalma anu kelas luhur justru anu teu meunang kabagjaan atawa anu ngarasa tunggara.

(067)

Kode Data : NDTT/SN/A-5/12

Struktur Naratif : Latar (Sosial)

Cutatan : Euis : “Anjeun hirup beunghar, loba harta tara kakurangan.. Bapa kuring mah ngan saukur tukang parkir...Hirup susah sagala kakurangan..”

Sandra : “Tapi kuring tara dianteur ku Bapa kuring ka sakola.. Kuring tara dahar bareng jeung si Amih.. Kuring tara ngaboncéng sapédah bari suka bungah jeung si Apih jiga anjeun...!!!!”

Analisis : Dina ieu dialog, kapanggih yén latar sosial kulawarga Euis téh nyaéta jalma biasa-biasa, jalma miskin ku harta, pagawéan ngan ukur tukang parkir sarta sagala kakurangan. Tapi najan kitu Euis ngarasa bagja ku kaayaanana. Ieu hal nandakeun yén kulawarga Euis téh kaasup kana latar sosial kelas handap.

(068)

Kode Data : NDTT/SN/A-1/5

Struktur Naratif : Gaya Basa

Cutatan : Euis : “Indung jeung bapa anjeun jalma terhormat, dihargaan ku sasama, anjeun kudu bisa ngigelannana sangkan bisa ngajaga kahormatan maranéhna...”

Analisis : Dina cutatan dialog diluhur ngajéntrékeun yén Sandra téh kudu mampuh nuturkeun kahirupan indung jeung bapana, pikeun ngajaga kahormatanna sabab kolot Sandra téh jalma anu dipihormat di lingkungan masarakat. Ieu dialog kaasup kana gaya basa kadalon.

(069)

Kode Data : NDTT/SN/A-1/5

Struktur Naratif : Gaya Basa

Cutatan : Sandra : "...Ku jalan ieu kuring bisa ngubaran haté, nyingraykeun ka keueung hirup nyorangan..."

Analisis : Ieu dialog kaasup kana gaya basa kadalon sabab, tokoh Sandra téh ngajéntrékeun ngeunaan haténa anu keur peurih, sarta ubar anu bisa ngubaran haténa téh nyaéta jalan anu keur disorang ku manéhna..

(070)

Kode Data : NDTT/SN/A-4/9

Struktur Naratif : Gaya Basa

Cutatan : Jaya : "Ratna...!!?? Dasar ...Bedegong téh béak karep..."

Analisis : Ieu dialog kaasup kana gaya basa rarahulan sabab, Jaya anu nyebutkeun yén Ratna bedengongna béak karep anu hartina ratna téh bedegong kacida, padahal mah kasalahan Ratna ngan henteu bisa nepungan ka sakola, jadi aya unsur anu dileuleuwihi.

(071)

Kode Data : NDTT/SN/A-5/14

Struktur Naratif : Gaya Basa

Cutatan : Sandra : "...Imah gedong sigrong nu dieusian ku jalma beunghar, bru di juru, bro di panto ngalayah di tengah imah, lubak-libuk teu kalebok..!!"

Analisis : Ieu dialog kaasup kana gaya basa rarahulan sabab, Sandra anu nyaritakeun pakaya di imahna anu kawilang loba teuing, sarta ahirna jadi mubah jeung mubadzir, jadi aya unsur anu dileuleuwihi.

(072)

Kode Data : NDTT/SN/A-8/21

Struktur Naratif : Gaya Basa

Cutatan : Sandra : "...Cukup karawu kasiku ku kuring..."

Analisis : Ieu dialog kaasup kana gaya basa rarahulan sabab, hartina cukup Sandra wungkul anu ngalaman kapeurihna hirup téh, tapi basana dileuleuwihkeun.

(073)

Kode Data : NDTT/SN/A-4/12

Struktur Naratif : Gaya Basa

Cutatan : Sandra : "...Hayang dielus rambut ku ramo-ramo nu jadi indung...Hayang dibélaan ku ramo-ramo keker nu jadi bapa..!!"

Analisis : Ieu dialog kaasup kana gaya basa raguman sabab, Gaya basa raguman nyaéta jenis gaya basa pertautan anu nyebutkeun bagian leutik, tapi ngawengku sakabéh hal. Saperti conto dialog di luhur, anu disebutkeun ngan saukur ramo-ramo, tapi anu dimaksudna mah sakabéh wujud indung jeung bapa Sandra. Dina ieu dialog nyaritakeun Sandra anu hayang ditangtayungan ku indung jeung bapana.

(074)

Kode Data : NDTT/SN/A-4/9

Struktur Naratif : Ironi

Cutatan : Sarmad : “ Aéh heueuh...Hé..Hé..Hé hampuranya..Keunlah engké mun poé ieu meunang rejeki gedé urang beulikeun kabéh kana sapatu, sugan meunang tujuh rampasan mah..Hé..Hé..Hé...”

Analisis : Dialog di luhur téh kaasup kana ironi, sabab dina eusi dialogna tokoh Sarmad téh nyungkun kana kaayaan harita, yén manéhna rék meuli sapatu tujuh rampasan saupama poé éta meunang rejeki gedé. Padahal ari dina enas-enasna mah tangtuna meuli sapatuna ngan saukur hiji.

Kartu Data Analisis Psikologi Sastra Humanistik Naskah Drama

(001)	Kode Data : NDTT/PS/A-5/11
Psikologi Humanistik : Pangabutuh Fisiologis (Tokoh Sandra)	
Cutatan	: Euis :“Tos daang acan..?” <i>SANDRA GIDEUG, EUIS NGARENGHAP.</i> Euis :“Sandra.. Kuring ngarti naon anu karandapan ku anjeun ayeuna kacida beuratna, tapi... Ulah nyiksa kana awak...Daang heulanya.. Kabeneran tadi kuring meuli goréngan di jalan, ké dagoan sakeudeung nya..”
Analisis	: Dina dialog di luhur kacaritakeun yén Euis anu keur nawaran dahar ka Sandra. Didieu Sandra nyiksa dirina ku cara teu ngalakukeun nanaon, salasihijina ngantep kana rasa lapar. Dahar didieu tangtuna kaasup kana kabutuhan fisiologis atawa kabutuhan poko manusa. Cindekna kabutuhan fisiologis Sandra téh teu kacumponan.
(002)	Kode Data : NDTT/PS/A-7/19
Psikologi Humanistik : Pangabutuh Fisiologis (Tokoh Sandra)	
Cutatan	: Sandra : “ Kuring teu hayang sarapan ..”
Analisis	: Dina dialog di luhur kacaritakeun yén Sandra nyiksa dirina ku cara teu ngalakukeun nanaon, salasihijina ngantep kana rasa lapar. Dina ieu hal, kabutuhan Sandra salaku jalma anu kudu ngeusi tanagana ku cara dahar teu kacumponan.. Dahar didieu tangtuna kaasup kana kabutuhan fisiologis atawa kabutuhan poko manusa. Cindekna kabutuhan fisiologis Sandra téh teu kacumponan.
(003)	Kode Data : NDTT/PS/A-4/8
Psikologi Humanistik : Pangabutuh Fisiologis (Tokoh Euis)	
Cutatan	: Euis : “ (Norojol ti jero imah nyampeurkeun) Har ari Apa.. Kapanan Euis mah mung gaduh hiji sapatu téh.. Éta ogé kenging ngagaleuh Apa dua taun ka pengker..”
Analisis	: Dina dialog di luhur kacaritakeun yén Euis ngarasa teu kacumponan kabutuhan sakolana saperti sapatu. Dina ieu hal, kabutuhan sakola Euis téh teu kacumponan, sarta ieu kabutuhan téh kaasup kana kabutuhan fisiologis atawa kabutuhan poko. Cindekna kabutuhan fisiologis Euis téh teu kacumponan.
(004)	Kode Data : NDTT/PS/A-5/12
Psikologi Humanistik : Pangabutuh Fisiologis (Tokoh Euis)	
Cutatan	: Euis : “ (Nempas) Anjeun hirup beunghar, loba harta tara kakurangan.. Bapa kuring mah ngan saukur tukang parkir..Hirup susah sagala kakurangan.”
Analisis	: Dina dialog di luhur kacaritakeun yén Euis ngarasa hirupna salaga kakurangan. Dina ieu hal, kabutuhan sapopoé Euis téh teu kacumponan, sarta ieu kabutuhan téh kaasup kana kabutuhan fisiologis atawa kabutuhan poko. Cindekna kabutuhan fisiologis Euis téh teu kacumponan.

<p>(005)</p> <p>Kode Data : NDTT/PS/A-7/15</p> <p>Psikologi Humanistik : Pangabutuh Fisiologis (Tokoh Sarmad)</p> <p>Cutatan : Sarmad : “Yéh.. Ari silaing kapanan kamari téh kakarék ditambah, naha ayeuna bet kempés deui...?!?”</p> <p>Analisis : Dina dialog di luhur kacaritakeun yén Sarmad anu keur kukulutus sabab ban sapédahna kempés waé. Dina ieu hal, katitén yén Sarmad téh kabutuhanna pikeun digawé teu kacumponan. Ieu kabutuhan téh kaasup kana kabutuhan fisiologis, jadi bisa dicindekkeun yén Sarmad téh kabutuhan fisiologisna teu kacumponan.</p>
<p>(006)</p> <p>Kode Data : NDTT/PS/A-7/17</p> <p>Psikologi Humanistik : Pangabutuh Fisiologis (Tokoh Sarmad)</p> <p>Cutatan : Sarmad : “(Nangtung, bari molotot) Nelepon-nelepon butak sia...!! Na ti iraha aing boga telepon hah...!!”</p> <p>Analisis : Dina dialog di luhur kacaritakeun yén Sarmad dina jaman kiwari teu boga telepon. Dina ieu hal, katitén yén Sarmad téh kabutuhan pikeun komunikasina teu kacumponan. Ieu kabutuhan téh kaasup kana kabutuhan fisiologis, jadi bisa dicindekkeun yén Sarmad téh kabutuhan fisiologisna teu kacumponan.</p>
<p>(007)</p> <p>Kode Data : NDTT/PS/A-5/9</p> <p>Psikologi Humanistik : Pangabutuh Fisiologis (Tokoh Jaya)</p> <p>Cutatan : Jaya : “Apih teu bisa... Poé ieu Apih sibuk pisan di kantor, kudu nepungan sémah ti Jepang.”</p> <p>Analisis : Dina ieu dialog, kacaritakeun yén Jaya téh teu boga pisan waktu pikeun manéhna atawa kulawargana. Jaya sibuk nguruskeun pagawéanna. Dina ieu hal katitén yén Jaya téh teu kacumponan kabutuhan pribadina, nyaéta waktu pikeun istirahat jeung kulawarga. Ieu kabutuhan téh kaasup kana kabutuhan fisiologis atawa kabutuhan dasar manusa, jadi cindekna didieu Jaya kabutuhan fisiologisna teu kacumponan.</p>
<p>(008)</p> <p>Kode Data : NDTT/PS/A-5/9</p> <p>Psikologi Humanistik : Pangabutuh Fisiologis (Tokoh Ratna)</p> <p>Cutatan : Ratna : “Ih... Ari Apih...Kapanan Amih ogé sarua, poé ieu téh aya dua acara, jam 10 kudu geus aya di Bandung seminar kenakalan rumaja, jam 7 peutingna kudu geus aya di Surabaya seminar prilaku menyimpang kaum rumaja.. Teu aya waktu Pih...!!!”</p> <p>Analisis : Dina ieu dialog, kacaritakeun yén Ratna ogé teu boga pisan waktu pikeun manéhna atawa kulawargana. Ratna sibuk nguruskeun pagawéanna anu sok aya di luar kota pikeun ngeusi seminar. Dina ieu hal katitén yén Ratna téh teu kacumponan kabutuhan pribadina, nyaéta waktu pikeun istirahat jeung kulawarga. Ieu kabutuhan téh kaasup kana kabutuhan fisiologis atawa kabutuhan dasar manusa, jadi cindekna di dieu Ratna kabutuhan fisiologisna teu kacumponan.</p>

(009)

Kode Data : NDTT/PS/A-7/15

Psikologi Humanistik : Pangabutuh Fisiologis (Tokoh Odon)

Cutatan : *TEU LILA ODON NGETEYEP TUKANGEUN SARMAD, DANGDANANNA TEU BÉDA JIGA SARMAD*

Analisis : Dina ieu cutatan, bisa katitén yén Odon téh jalma biasa jiga Sarmad, anu kabutuhan kana sapopoéna kurang kacumponan. Contona kabutuhan kana pakéan anu kaasup kana kabutuhan fisiologis atawa kabutuhan dasar. Ku kituna, tokoh Odon dina ieu naskah téh kabutuhan fisiologisna teu kacumponan.

(010)

Kode Data : NDTT/PS/A-5/12

Psikologi Humanistik : Pangabutuh Rasa Aman (Tokoh Sandra)

Cutatan : Sandra : “(Sandra nangtung bari jejebris nyaritana) ...Kuring teu boga batur pakumaha,.. Teu aya batur ngobrol lamun kuring sedih, teu aya batur seuri lamun kuring senang, maranéhna teu aya lamun kuring hayang ogo...Hayang dielus rambut ku ramo-ramo nu jadi indung...Hayang dibélaan ku ramo-ramo keker nu jadi bapa...!!”

Analisis : Dina dialog di luhur kacaritakeun yén Sandra ngarasa hirup sorangan, manéhna ngarasa euweuh pikeun panyalindungan hirupna, geus euweuh ramo-ramo indung pikeun ngusapan, ogé euweuh ramo-ramo bapa pikeun ngajaga. Sandra ngarasa nyorangan jeung euweuh anu mélaan. Dina ieu hal katitén yén Sandra téh ngarasa teu aman dina nyorang hirupna. Di dieu geus écés yén Sandra kabutuhan kana rasa amanna teu kacumponan.

(011)

Kode Data : NDTT/PS/A-1/5

Psikologi Humanistik : Pangabutuh ku Kanyaah (Tokoh Sandra)

Cutatan : Sandra : “Hahahaha...Tah éta, éta pisan nu jadi alesan kuring,...
(*NYARITA BARI NGANGRES*) Ti saprak si Apih jadi pajabat, manéhna sibuk ngurus pagawéan, ngurus rahayat, ari kuring anakna geus teu dipaliré, teu diurus,.. Indung kuring riweuh ngurusan seminar, memener kalakuan anak batur, tapi kuring anakna, teu dibéré waktu saeutik ogé pikeun tatanya..”

Analisis : Dina dialog di luhur kagambar yén Sandra téh ngarasa geus teu dipaliré ku indung jeung bapana. Dina ieu dialog gé kacaritakeun katunggara Sandra anu ngarasa hirup sorangan sarta teu dipikanyaah ku indung bapana. Sandra ngarasa geus teu dipikanyaah ku kolotna, sabab teu diurus, teu dipaliré, jeung teu dibéré waktu saeutik-eutik acan. Sandra ogé ngarasa sono pisan ka indung jeung bapana. Dina ieu hal katitén yén Sandra téh ngarasa geus teu dipikanyaah deui. Jadi cindekna pangabutuh kana kanyaah Sandra téh teu kacumponan..

(012)	
Kode Data	: NDTT/PS/A-5/12
Psikologi Humanistik : Pangabutuh ku Kanyaah (Tokoh Sandra)	
Cutatan	: Sandra : “Tapi kaayaan geus robah, teu jiga baheula, ayeuna maranéhna teu nyaahen ka kuring.. Teu aya nu maliré ka kuring...”
Analisis	: Dina dialog di luhur kagambar yén Sandra téh ngarasa geus teu dipaliré ku indung jeung bapana. Dina ieu dialog gé kacaritakeun katunggara Sandra anu ngarasa hirup sorangan sarta teu dipikanyaah ku indung bapana. Sandra ngarasa geus teu dipikanyaah ku kolotna, sabab teu diurus, teu dipaliré, jeung teu dibéré waktu saeutik-eutik acan. Sandra ogé ngarasa sono pisan ka indung jeung bapana. Dina ieu hal katitén yén Sandra téh ngarasa geus teu dipikanyaah deui. Jadi cindekna pangabutuh kana kanyaah Sandra téh teu kacumponan..
(013)	
Kode Data	: NDTT/PS/A-9/25
Psikologi Humanistik : Pangabutuh ku Kanyaah (Tokoh Sandra)	
Cutatan	: Sandra : “Sakalian béjakeun... Harta kakayaan manéhna teu bisa ngagantian kanyaah nu jadi indung jeung bapa.. Jeung omat ulah poho béjakeun kuring sonoooo... Pisan ka si Apih jeung si mih...Kitu nya... Hampura kituh kuring teu bisa jadi budak anu diharepkeun ku maranéhanana...”
Analisis	: Dina dialog di luhur kagambar yén Sandra téh ngarasa geus teu dipaliré ku indung jeung bapana. Dina ieu dialog gé kacaritakeun katunggara Sandra anu ngarasa hirup sorangan sarta teu dipikanyaah ku indung bapana. Sandra ngarasa geus teu dipikanyaah ku kolotna, sabab teu diurus, teu dipaliré, jeung teu dibéré waktu saeutik-eutik acan. Sandra ogé ngarasa sono pisan ka indung jeung bapana. Dina ieu hal katitén yén Sandra téh ngarasa geus teu dipikanyaah deui. Jadi cindekna pangabutuh kana kanyaah Sandra téh teu kacumponan..
(014)	
Kode Data	: NDTT/PS/A-1/5
Psikologi Humanistik : Pangabutuh ku Kanyaah (Tokoh Euis)	
Cutatan	: Euis : “(Ngagerentes) Kuring nyaah ka anjeun San, kuring embung anjeun kagebrus kana kahirupan jiga kitu...”
Analisis	: Dina dialog di luhur kacaritakeun yén Euis ngarasa nyaah ka Sandra salaku babaturan, tapi Sandra teu ngabales kana kanyaah ti Euis. Dina ieu hal katitén yén Euis teu kacumponan pangabutuh kanyaahna, sabab euweuh timbal balik ti Sandra.
(015)	
Kode Data	: NDTT/PS/A-9/27
Psikologi Humanistik : Pangabutuh ku Kanyaah (Tokoh Jaya)	
Cutatan	: Jaya : “ Sandra anaking... Bageuuurr hampura Apih Sandra.. Apih rumasa tamélar jolédar ka hidep..”
Analisis	: Dina dialog di luhur kacaritakeun yén Jaya ningalikeun kanyaahna ka Sandra, tapi disagédéngéun éta Jaya gé ngarasa kaduhung geus tamélar ka Sandra, sarta ménta hampura. Di dieu Sandra teu maliré kana éta kanyaah sabab geus ngarasa kuciwa saacanna. Dina ieu hal katitén yén Jaya teu kacumponan pangabutuh kanyaahna, sabab geus teu dipaliré ku Sandra.

(016)	
Kode Data	: NDTT/PS/A-9/25
Psikologi Humanistik : Pangabutuh ku Kanyaah (Tokoh Ratna)	
Cutatan	: Ratna : “(Ngaragap taktak sandra) Sandra.. Ieu Amih... Bageur... Hampura Amih nu geus tamélar jolédar ka hidep..!!”
Analisis	: Dina dialog di luhur kacaritakeun yén Ratna ningalikeun kanyaahna ka Sandra, tapi disagédénggeun éta Ratna gé ngarasa kaduhung geus tamélar ka Sandra. Di dieu Sandra teu maliré kana éta kanyaahna sabab geus ngarasa kuciwa saacanna. Dina ieu hal katitén yén Ratna teu kacumponan pangabutuh kanyaahna, sabab euweuh <i>timbang balik</i> ti Sandra.

(017)	
Kode Data	: NDTT/PS/A-4/10
Psikologi Humanistik : Pangabutuh ku Penghargaan (Tokoh Sandra)	
Cutatan	: Sandra : “Dina kaayaan kieu.... Boro-boro nulungan, waktu ogé teu nyésa pikeun kuring....!!!! Sibuk..??!! Bosen..!! naha teu aya waktu saeutik ogé pikeun ngadéngé kaayaan Sandra..??!!” “(NYARITA RADA DAREUDA, MELAS MELIS) Sandra ngarti.. Sagala nu dipigawé ku maranéhna téh pikeun kahirupan Sandra.. Tapi...Lain ngan saukur éta nu dipihareup ku Sandra.. Lain.....!!!”
Analisis	: Dina cutatan di luhur katitén yén Sandra téh ngarasa geus teu dihargaan di kulawargana. Sandra ngarasa geus teu dianggap aya, ménta waktu saeutik ogé teu dipaliré ku indung jeung bapana. Kolot Sandra jongjon teuing kana pagawéanna nepi ka anakna teu kauruskeun. Dina ieu hal geus écés yén kabutuhan Sandra ku rasa penghargaan téh geus teu kacumponan, sabab di imahna ngarasa geus teu dianggap aya.

(018)	
Kode Data	: NDTT/PS/A-7/18
Psikologi Humanistik : Pangabutuh ku Penghargaan (Tokoh Sandra)	
Cutatan	: Sandra : “Geus cukup Mang...!!! Tong dituluykeun, kuring geus apal...Maranéhna moal aya nu nanyakeun kuring... Da kuring mah mah dianggap euweuh, teu penting.. Urusan maranéhna leuwih penting tibatan anakna sorangan..!!”
Analisis	: Dina cutatan di luhur katitén yén Sandra téh ngarasa geus teu dihargaan di kulawargana. Sandra ngarasa geus teu dianggap aya, ménta waktu saeutik ogé teu dipaliré ku indung jeung bapana. Kolot Sandra jongjon teuing kana pagawéanna nepi ka anakna teu kauruskeun. Dina ieu hal geus écés yén kabutuhan Sandra ku rasa penghargaan téh geus teu kacumponan, sabab di imahna ngarasa geus teu dianggap aya.

(019)	
Kode Data	: NDTT/PS/A-4/9
Psikologi Humanistik : Pangabutuh ku Penghargaan (Tokoh Ratna)	
Cutatan	: Ratna : “Asa ku hayang meunang sorangan geuning Apih mah.. Pokona Amih teu bisa.....!!!”
Analisis	: Dina cutatan di luhur katitén yén Ratna téh ngarasa teu dihargaan ku salakina sabab salakina hayang meunang sorangan, teu ngaragap kana kaayaan Ratna anu papada sibuk. Saupama nilik kana dialog di luhur, ngeunaan pasualan anu karandapan ku Ratna, geus écés yén Ratna téh kabutuhan ku penghargaananna teu kacumponan.

(020)

Kode Data : NDTT/PS/A-9/24

Psikologi Humanistik : Pangabutuh ku Penghargaan (Tokoh Ratna)

Cutatan : Ratna : “(Reuwas, nyaritana dareuda) Sandra anaking...Naha hidep teu bébéja ti baheula ka Amih bageur...!!”

Analisis : Dina cutatan di luhur katitén yén Ratna téh ngarasa katitén Ratna téh geus teu dianggap ogé ku Sandra. Saupama nilik kana dialog di luhur, ngeunaan pasualan anu karandapan ku Ratna, geus écés yén Ratna téh kabutuhan ku penghargaananna teu kacumponan.

(021)

Kode Data : NDTT/PS/A-9/25

Psikologi Humanistik : Pangabutuh ku Penghargaan (Tokoh Jaya)

Cutatan : Jaya : “Sandra... Ieu Apih bageur Apih...!!”
 Sandra : “Apih..? Apih saha..? Rarasaan kuring mah teu pernah wawuh ka aranjeun..!!”
*RATNA NYEGRUK CEURIK NYUUH DINA TAKTAK SALAKINA,
 JAYA NEGER-NEGERKEUN MANÉH.*
 Euis : “ Sandra.... Teu pantes anjeun nyarita kitu ka kolot anjeun.....!!!”

Analisis : Dina cutatan di luhur, nyaritakeun Jaya anu geus teu dipikawanoh ku anakna Sandra, Sandra ngarasa teu wawuh ka bapana sorangan. Di dieu katitén yén Jaya salaku bapa téh geus teu dihargaan ku Sandra sabab geus teu dianggap aya. Ku kituna, kabutuhan ku penghargaan tokoh Jaya téh teu kacumponan.

Lampiran 3 Tabél Data

Analisis Struktur Formal Naskah Drama

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
1.	Prolog	(001) NDTT/SF/A-1/3	-	Dina ieu naskah teu kapanggih unsur-unsur prolog, sabab anu aya ngan ukur nyaritakeun ngeunaan setting panggungna wungkul. Henteu nyaritakeun eusi carita, paguneman batin palaku, atawa konflik carita anu bakal karandapan ku unggal tokoh.
2.	Dialog	Dialog Sandra jeung Euis		
		(002) NDTT/SF/A-1/3	<p>Euis "Teu koncina San...!"</p> <p>Sandra "Naha konci imah kuring bet aya di anjeun...?"</p> <p>Euis "Teu konci nyantel dina panto, anjeun poho ngoncikeun panto méméh indit ka sakola jigana mah."</p>	Obrolan Euis jeung Sandra ngeunaan konci imah Sandra anu tinggaleun.
		(003) NDTT/SF/A-1/3-4	<p>Euis "Sandra...! Kunaon anjeun remen pisan balik peuting ayeuna mah...! Sandra!"</p> <p>Sandra "Lain urusan anjeun..."</p> <p>Euis : "Kuring..."</p> <p>Sandra "Cukup..!! Kuring teu hayang ngadéngé.. Kuring capé"</p> <p>Euis "Anjeun mabok deui nya..?"</p> <p>Sandra "Héh.. Lain urusan anjeun..! Kuring rék mabok, balik peuting, rék ngalér, ngidul, rék kitu, rék kieu, lain urusan anjeun... ngarti!!"</p> <p>Euis : "Tapi..!"</p> <p>Sandra "Indit.. Indit.. Anjeun sarua baé jiga si Amih jeung si Apih.. Bisana ngan ukur ngomong, ngatur, teu maliré kana kahayang jeung kaayaan anak..."</p>	Nyaritakeun Euis anu paduli kana kaayaan Sandra anu balik waé peuting, tapi Sandra teu narima kana pananya Euis. Ahirna Sandra nitah balik ka Euis.

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			<p>Euis : “ Sandra...!” Sandra : “ Indit...!”</p>	
		(004) NDTT/SF/A- 1/4-5	<p>Euis “Sandra..!! mana kitu ogé indung jeung bapa anjeun téh nyaah ka anjeun.. Sakuduna mah anjeun téh atoh, boga kolot anu bisa nyukupan sagala kabutuhan anjeun...!”</p> <p>Sandra “Gaandenggg...!! Kuring teu butuh ceramah anjeun....!!!</p> <p>Euis “Sandra, naha anjeun jadi kieu..? Kuring asa teu wawuh ka anjeun ayeuna.. padahal kuring jeung anjeun téh nyobat ti bubudak...”</p> <p>Sandra “ Sandra geus paéh...!”</p> <p>Euis “Naon maksud anjeun...?!”</p> <p>Sandra “Sandra geus paéh... ! Sandra ayeuna lain Sandra baheula, Sandra anu kudu nurut kana kahayang indung jeung bapana, nu diatur kudu kieu, kudu kitu jiga robot,.. Anu kudu ngajaga sikep sangkan kolotna teu éra, tapii.. Manéhna teu boga waktu saeutik-eutik acan pikeun anakna makumaha...”</p>	<p>Nyaritakeun Euis anu keur mapatahan Sandra sangkan henteu kitu paripolahna. Tapi Sandra malik nyaritakeun kapeurihna anu geus lila teu dipaliré ku indung jeung bapana saprak papada sibuk.</p>
		(005) NDTT/SF/A- 1/5	<p>Euis “Indung jeung bapa anjeun jalma terhormat, dihargaan ku sasama, anjeun kudu bisa ngigelannana sangkan bisa ngajaga kahormatan maranéhna..”</p> <p>Sandra “Hahahaha... Tah éta, éta pisan nu jadi alesan kuring,... (NYARITA BARI NGANGRES) Ti saprak si Apih jadi pajabat, manéhna sibuk ngurus pagawéan,ngurus rahayat, ari kuring anakna geus teu dipaliré, teu diurus,.. Indung kuring riweuh ngurusan</p>	<p>Nyaritakeun Euis anu keur ngelingan Sandra sangkan bisa narimakeun kaayaan, tapi Sandra nyaritakeun kahirupanna anu asa nyorangan saprak bapana jadi pajabat jeung indungna jadi pangjejer seminar nepi ka Euis cicing teu bisa ngomong deui.</p>

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			<p>seminar, memener kalakuan anak batur, tapi kuring anakna, teu dibéré waktu saeutik ogé pikeun tatanya...</p> <p>Euis “Tapi, cara anjeun salah, lain kieu cara anjeun nyanghareupanana.”</p> <p>Sandra “Nyaho naon anjeun kana kahirupan kuring..?! Kumawani nyebutkeun salah sagala...?? Anjeun kudu nyaho, ieu jalan panghadéna pikeun kuring, ku jalan ieu kuring bisa ngubaran haté, nyingraykeun ka keueung hirup nyorangan di imah...” “Naha anjeun bet cicing..? timimiti ayeuna anjeun teu kudu pipilueun ngurus urusan kuring... Kuring bisa nyanghareupan hirup kuring sorangan...”</p>	
		(007) NDTT/SF/A-3/7-8	<p>Euis “Sandra Anjeun kunaon..?, Sandra ..!!! Nyaan anjeun téh..”</p> <p>Sandra “Euis... Hampura kuring..”</p> <p>Euis “Sing sabar dulur...”</p> <p>Sandra “ Tulungan kuring Euis... Tulungan.. kuring kudu kumaha..?”</p> <p>Euis “ Sandra, leuwih hadé ayeuna mah anjeun balik... Geus wanci sareupna... Kuring pasti nulungan anjeun..”</p>	Nyaritakeun Sandra anu reuwas sabab karék apal kana panyakitna, tuluy ménta tulung ka sobatna Euis.
		(010) NDTT/SF/A-5/11-12	<p>Euis “ Sandra.. Kuring ngarti naon anu karandapan ku anjeun ayeuna kacida beuratna, tapi... Ulah nyiksa kana awak.. Daang heula nya..Kabeneran tadi kuring meuli goréngan di jalan, ké dagoan sakeudeung nya....”</p> <p>Sandra</p>	Nyaritakeun Sandra anu geus capé nyanghareupan kahirupanana, Sandra ngabandingkeun kahirupan manéhna jeung Euis anu katempo leuwih bagja ti batan manéhna, sanajan teu loba harta.

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			<p>“Sakapeung mah kuring sok ngarasa nyorangan hirup di dunya téh.. Béda pisan jeung anjeun..”</p> <p>Euis “Naha anjeun bet nyarita kitu..?”</p> <p>Sandra “Anjeun boga bapa anu nyaah..!..”</p> <p>Euis “Anjeun boga bapa, boga indung.. Kuring mah teu boga indung..?!”</p> <p>Sandra “Tapi kaayaan geus robah, teu jiga baheula, ayeuna maranéhna teu nyaheun ka kuring.. Teu aya nu maliré ka kuring..”</p> <p>....</p>	
		(015) NDTT/SF/A-7/19	<p>Euis “San... Rék nepi ka iraha kikeuyan téh.. ??!”</p> <p>Sandra “Nepi ka waktuna datang...”</p> <p>Euis “Kuring indit sakola heula nya...”</p>	Nyaritakeun Euis anu geus hariwang ka Sandra, antukna manéhna nanyakeun nék nepi ka iraha Sandra cicing di korsi taman, tapi Sandra keukeuh kana pamadeganna.
		(016) NDTT/SF/A-8/20	<p>Euis “Lur.. Ieu daang heula....!!! Sing sabar, kuring yakin sagala masalah aya tungtungna,.. sakali deui kuring ngingetan, ulah nyiksa awak sorangan jiga kieu...”</p> <p>Sandra “Tinggalkeun kuring... Kuring hayang sorangan..!!!”</p> <p>Euis “Sandra.. anjeun butuh batur.. ...”</p> <p>Sandra “Ayeuna kuring teu butuh sasaha, waktu kuring geus séép...”</p> <p>Euis “Naha anjeun bet nyarita kitu...?!?”</p> <p>Sandra “Ceuk dokter, umur kuring moal lila deui...”</p> <p>Euis</p>	Nyaritakeun Euis anu keur ngelingan Sandra sangkan henteu nyiksa kana awakna sorangan, sanajan hal anu keur kaalaman ku Sandra kawilang beurat. Sandra anu geus pasrah kana kaayaan anu bakal karandapan kahareupna yén waktu manéhna geus teu lila deui sabab panyakitna.

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			<p>“Cukup....!! Anjeun teu kudu nyarita nanaon.. kuring jeung sakabéh jalma geus nyaho sagala nu karandapan ku diri anjeun ayeuna.. Anjeun ulah peunggas harepan jiga kieu... Anjeun geus bébéja ka indung bapa anjeun...?”</p>	
		(017) NDTT/SF/A-8/21	<p>Sandra “Euis..?! Anjeun bisa nulungan kuring..? Anggep wéh ieu téh paménta anu pamungkas ti kuring salila babarengan jeung anjeun..”</p> <p>Euis “Naha kumaha kitu..?!”</p> <p>Sandra “Kadieu geura... Kuring hayang anjang-anjangan jeung anjeun, kuring hayang anjeun jadi si Amih sakeudeung nya... “ “ Amih.... Sandra sonoooo pisan ka Amih,.. Amih kamana baé..? tos sabaraha sasih teu pendak sareng Sandra.. Sandra kacida sonona ka Amih...”</p>	<p>Nyaritakeun Sandra anu ménta tulung ka Euis sangkan api-api jadi indungna, sabab Sandra ngarasa geus sono pisan ka indung jeung bapana anu salila ieu geus teu maliré manéhna.</p>
		(019) NDTT/SF/A-9/23	<p>Sandra “Euis... Naha geuning anjeun ngumpulkeun jalma sakieu lobana, ngariungan kuring...?! Aya naon ieu téh Euis...”</p> <p>Euis “Har.. Naha da di dieu mah teu aya sasaha, iwal kuring jeung anjeun..?!”</p> <p>Sandra “Naha,.. Geuning,... Sarua kabéh dedeg pangadegna jalma téh..?!”</p> <p>Euis “Sandra istigfar... Da teu aya sasaha di dieu mah iwal kuring jeung anjeun.. istigfar Sandra...!”</p> <p>Sandra “Jeung maraké baju sarua bodas saukuran, samodél geuning...?! Euis.. Saha maranéhna téh..?”</p> <p>Euis : “Sandra...!”</p>	<p>Nyaritakeun Sandra anu geus ngomong kamana waé jeung samar tetempoan, tapi Euis tetep maturan sarta ngingetan Sandra sangkan bisa sadar.</p>
Dialog Jaya jeung Odon				

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
		(006) NDTT/SF/A- 2/6-7	<p>Jaya “ Odon... Odon.. Kadieu Don...!” Odon : “Abdi Gan...” Jaya “Béjakeun ka si RT, déwék hayang ngarubakan jeung ngaspal ieu jalan, sangkan mobil déwék bisa asup, béjakeun urusan waragad mah déwék nu ngatur kitu...” Odon “Ayeun juragan..?!” Jaya “ Heueuh ayeuna..!! Piraku kudu nungguan taun hareup mah...” Odon “ Eu.. Maksud téh badé didamelan iraha...? “ Jaya “ Minggu hareup..”</p>	Nyaritakeun Jaya jeung Odon anu karék datang ti luar kota. Dina dialogna katitén Jaya nitah Odon laporan ka RT pikeun ngajalankeun proyék nyieun jalan di kampungna.
Dialog Sarmad jeung Euis				
		(008) NDTT/SF/A- 4/8-9	<p>Sarmad “ Euis...Geuwat atuh dangdanna.. Geus beurang teuing... Bisi kabeurangan..” Euis “ Sakedap atuh... Euis nuju ngalereskeun heula sapatu...” Sarmad “ Naha kunaon deui atuh sapatu téh...” Euis “ Soéh deui hareupna, tilas kamari dianggé olah raga...” Sarmad “Heuhhh... Sapatu sakola ulah dipaké olah raga atuh...” Euis “Har ari Apa.. Kapanan Euis mah mung gaduh hiji sapatu téh.. Éta ogé kénging ngagaleuh Apa dua taun ka pengker..” Sarmad “ Aéh heueuh... Hé hé hé Hampura nya, Keunlah engké mun poé ieu meunang rejeki gedé urang beulikeun kabéh kana sapatu, sugan</p>	Nyaritakeun Sarmad jeung Euis anu rék indit ka sakola, tapi Euis teu kaluar waé ti imahna. Euis lila téh lantaran sapatu sakolana anu soék dipaké olah raga. Tuluy Sarmad ngajangjikeun rék mangmeulikeun sapatu saupama meunang rejeki anu leuwih.

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			<p>meunang tujuh rampasan mah.. Hé hé hé....”</p> <p>Euis “ Ah si Apa mah, sok kaleuleuwih ari nanaon téh..”</p>	
		(011) NDTT/SF/A-5/13	<p>Euis “Euleuh.. Ieu sapatu kanggo Euis..?! Aduh meni saé pisan.. Hatur nuhun nya Apa.... “</p> <p>Sarmad “ Heueuh.... Anggap wéh éta téh hadiah ulang taun keur hidep...”</p> <p>Euis “Ulang taun..?! Kapan lami kénéh...Sasasih deui...”</p> <p>Sarmad “Heueuh keun baé mumpung Apa boga rezeki,... Can tangtu bulan hareup mah aya rezeki jiga poé tadi...”</p>	Nyaritakeun Sarmad keur méré sapatu ka Euis sabab sapatuna geus jebol. Euis kacida bagjana dipangmeulikeun sapatu sakola.
		(018) NDTT/SF/A-8/22	<p>Sarmad “Tétéla nya.. Harta banda, dunya barana, nu dipibanda Néng Sandra teu bisa ngagantian kanyaah nu jadi kolot..”</p> <p>Euis : “Duka atuh...”</p> <p>Sarmad “Peupeujeuh Apa mah ka Euis.. Sagala nu karandapan ku Néng Sandra sing jadi conto pikeun hidep, ulah sakali-kali wawuh jeung narkoba”</p> <p>Euis “Ayeuna urang kudu kumaha..?”</p> <p>Sarmad “Aduh... Kudu kumaha ieu nulunganana,.. Bingung....Diantep karunya, ditulungan kumaha carana..?! Teu aya deui jalan... Anu bisa nulungan éta budak téh iwal ti indung jeung bapana... Tapiiii.. Nya kudu kamana nyusul indung jeung bapana..?!?”</p> <p>Euis</p>	Nyaritakeun Sarmad anu keur méré peupeujeuh ka Euis sangkan ngajauhan anu ngaranna narkoba, Sandra téh kudu jadi pieunteungeun yén saupama wanoh jeung barang haram téh bakal kitu balukarna.

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			“Cobian atuh ka Mang Odon, jigana apaleun dimana juragan Jaya sareng Ibu Ratna ayeuna...”	
		Dialog Ratna jeung Jaya		
		(009) NDTT/SF/A- 4/9	<p>Ratna “Tah.. Surat panggilan ti sakola, poé ieu Apih kudu nepungan wali kelasna si Sandra jam 9 di sakola... Ulah telat cenah...”</p> <p>Jaya “Geus surat panggilan deui baé.. Kunaon deui cenah budak téh..?!?”</p> <p>Ratna “Teu nyaho teuing.. Asa meni unggal minggu surat panggilan téh.”</p> <p>Jaya “Apih teu bisa.. Poé ieu Apih sibuk pisan di kantor, kudu nepungan sémah ti Jepang..!!”</p> <p>Ratna “Thhhh... Ari Apih.. kapanan Amih ogé sarua, poé ieu téh aya dua acara, jam 10 kudu geus aya di Bandung seminar kenakalan rumaja, jam 7 peutingna kudu geus aya di Surabaya seminar prilaku menyimpang kaum rumaja.. teu aya waktu Pih....!!!”</p> <p>Jaya “Urusan budak mah urusan Amih...!! Pilakadar ngurus budak hiji ogé meni teu metu...!!!”</p> <p>Ratna “Asa ku hayang meunang sorangan geuning Apih mah.. Pokona amih teu bisa....!!”</p> <p>Jaya “Ratna...!!!?? Dasar ...Bedegong téh béak karep...!!!”</p>	Nyaritakeun Ratna jeung Jaya anu keur paséa sabab kudu ka sakola nepungan wali kelasna Sandra anakna. Tapi duanana teu bisa nepungan sabab papada sibuk ku urusanna séwang-séwang. Ahirna eweuh anu indit ka sakola Sandra.
		Dialog Sarmad jeung Sandra		
		(012)	<p>Sarmad “Néng... Néng... Néng Sandra... Tos wengi.. Geura</p>	Nyaritakeun Sarmad anu nyampeurkeun ka Sandra pikeun nitah saré ka

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
		NDTT/SF/A-6/14-15	<p>ngalih ka lebet,.. Tiris di dieu mah..”</p> <p>Sandra “Aéhh.. Mang Sarmad.. Jam sabaraha ieu Mang..?”</p> <p>Sarmad “ Tos tabuh 10 wengi Néng..”</p> <p>Sandra “ Ohhh... Jam 10 nya... peuting kénéh geuning?”</p> <p>Sarmad “Néng Sandra..Punten pisan sanés Emang nyanyahoan, bawiraos numutkeun Emang mah geura ngalih ka lebet kulemna... Tong dibiasakeun teuing kulem di luar.. Sing hawatos kana salira Néng.. Bilih teu damang ...”</p> <p>“ Néng... Néng.. Emh.. Geus tibra deui...”</p>	imahna, tapi teu dipaliré ku Sandra. Sandra ngan nanyakeun jam, tuluy saré deui sanajan Sarmad masih ngomong.
Dialog Sarmad jeung Odon				
		(013) NDTT/SF/A-7/16	<p>Odon “Lain Mad euy.. Sugan silaing mah nyaho...”</p> <p>Sarmad “Nyaho.. Déwék ogé.. Ban kempés mah kudu di tambal....!!”</p> <p>Odon “Yéhhh.. Lain urusan ban deuleu... Geus dua peuting Néng Sandra teu balik.. Kamana nya.. Sugan budak silaing mah apal, kapan batur sakolana lin...?!! ”</p> <p>“Gusti nu agung.. Geuning bet héés didinya éta budak téh...?!! Ti iraha Mad ..?!”</p> <p>Sarmad “Ti kamari...!!”</p> <p>Odon “Naha silaing teu ngabéjaan ka déwék...!!”</p> <p>Sarmad “Da silaingna teu nanya...!!”</p>	Nyaritakeun Odon anu keur bingung néangan Sandra, tuluy nyampeurkeun ka Sarmad anu keur nempoan ban sapédahna anu kempes. Odon nanyakeun Sandra ka Sarmad, sabab budakna sobatna Sandra. Sarmad nuduhkeun yén Sandra aya di handapeun caringin gedé keur saré dina korsi, tuluy disampeurkeun ku Odon.
Dialog Odon jeung Sandra				
		(014) NDTT/SF/A-7/17-18	<p>Odon “Néng.. Sandra.. Parantos siang Néng.. Isin tuh seueur jalmi lalar liwat...</p>	Nyaritakeun Odon anu nyampeurkeun ka Sandra pikeun ngahudangkeun jeung nitah pindah ka

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			<p>Bilih badé kulem deui mah lajengkeun baé dilebet kamar Néng..!!”</p> <p>Sandra “Mang Odon..!?!?”</p> <p>Odon “Abdi Néng..?!?”</p> <p>Sandra “Ari si Apih jeung si Amih geus datang...?”</p> <p>Odon “Numawi Néng.. Kamari wangsulna téh... Nanging tadi Subuh angkat deui...”</p> <p>Sandra “Nanyakeun kuring teu...???”</p> <p>Odon “Numawi.. Neng... Euuu.. Euuuu...”</p> <p>Sandra “Geus cukup Mang...!!! tong dituluykeun, kuring geus apal.. Maranéhna moal aya nu nanyakeun kuring... Da kuring mah mah dianggap euweuh, teu penting.. Urusan maranéhna leuwih penting tibatan anakna sorangan..!!”</p>	<p>imah. Tapi Sandra tuluy nanyakeun indung jeung bapana, ari Odon teu bisa ngajawab pananya Sandra. Sandra beuki ambek ka indung jeung bapana anu geus teu paduli ka manéhna. Tuluy Odon dititah balik ku Sandra.</p>
Dialog Ratna, Jaya, Sandra, jeung Euis				
		<p>(020) NDTT/SF/A- 9/24-25</p>	<p>Ratna “Sandra anaking...Naha hidep teu bébéja ti baheula ka Amih bageur...!!!”</p> <p>Jaya “Sandra ...Naha bet jadi kieu bageur... Kunaon hidep téh kunaon?”</p> <p>Sandra “Euis, saha deui ieu téh...!! Daratang bari rariweuh kieu..???”</p> <p>Ratna “Sandra ieu Amih bageur...!!!”</p> <p>Sandra “Amih.. Ti iraha anjeun ngaku jadi indung kuring..?”</p> <p>Jaya “Bageur.. Naha hidep bet nyarita kitu... !!”</p> <p>Sandra “Saha anjeun..?”</p>	<p>nyaritakeun Sandra anu geus teu kuat ngalakonan kahirupanana. Sandra geus teu walakaya, geus teu apal ka indung jeung bapana. Dina ieu dialog aya Ratna jeung Jaya anu hariwang ka Sandra, tapi Sandra geus teu apal ka maranéhna anu salila ieu teu maliré ka Sandra. Euis didieu nyobaan nyadarkeun Sandra, tapi sakabéhna geus euweuh gunana.</p>

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			<p>Jaya “Sandra... Ieu Apih bageur Apih...!!”</p> <p>Sandra “Apih..? Apih saha..? rarasaan kuring mah teu pernah wawuh ka aranjeun..!!”</p> <p>Euis “Sandra.... Teu pantes anjeun nyarita kitu ka kolot anjeun.....!!”</p>	
3.	Babak	(021) NDTT/SF/A- 1/3	<p><i>SETTING PANGGUNG DIBAGI KANA TILU BAGIAN, TENGAH RADA KA KATUHU NGAGAMBARKEUN TEPAS IMAH GEDONG, AYA TIHANG BETON BULEUD. BEULAH KATUHU AYA TANGKAL CARINGIN GEDÉ ANU NGARANGKADAK JIGANA UMURNA GEUS PULUHAN TAUN MALAH BISA JADI GEUS MÉH NGARATUS TAUN, HANDAPEUN ÉTA TANGKAL CARINGIN AYA KORSI TAMAN ANU RADA PANJANG, PANJANGNA BISA DIPAKÉ DIUK KU TILUAN. BEULAH KÉNCA AYA IMAH BILIK BASAJAN PISAN, HAREUPEUN ÉTA IMAH BILIK AYA SAPÉDAH KOLOT NU GEUS BUTUT, TAPI MASIH KÉNÉH BISA DIPAKÉ KEUR BONCÉNGAN.</i></p>	Nuduhkeun setting panggung anu tetep sarta henteu ganti ti awal carita nepi ka ahir carita, hartina ieu naskah drama téh ngan diwangun ku hiji kajadian anu lumangsung dina hiji tempat, sarta naskah dramana euweuh terusanna atawa caritana geus beres sababak.
4.	Adegan	(022) NDTT/SF/A- 1/3	<p><i>WANCI PEUTING KIRA-KIRA JAM SATENGAH DALAPAN, SANDRA LEUMPANG DADALIGDEUGAN KA IMAHNA, MAKÉ BAJU SAKOLA SMA, SIRAHNA DIHARUDUNG KU JÉKÉT, CULANG-CILEUNG NEMPOAN KASABUDEUREUN IMAHNA, JIGA ANU SIEUN PAPANGGIH JEUNG BATUR.</i></p>	Adegan kahiji dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” dimimitian ku setting waktu anu nuduhkeun peuting jam satengah dalapanan, katitén Sandra anu karék balik bari leumpang dadaligdeugan muru ka imahna, saacan asup ka imahna Sandra jeung Euis ngobrol ngeunaan kaayaan Sandra anu geus robah.
		(023) NDTT/SF/A- 2/6	<p><i>WANCI ISUK-ISUK, SANDRA KALUAR TI IMAH, PAROMAN SANDRA PIAS ALUM BANGUN ANU NAHAN RASA NYERI, LEUMPANG LALUANAN NINGALKEUN IMAHNA. TEU SAWATARA LILA EUIS JEUNG SARMAD KALUAR TI IMAHNA, KALACAT KANA SAPÉDAH TULUY INDIT. JURAGAN JAYA LEUMPANG BARI NGOBROL DINA TELEPON, DITUTURKEUN KU ODON BADEGANA BARI NGAJINGJING</i></p>	Adegan kadua dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” dimimitian ku setting waktu anu nuduhkeun wanci isuk-isuk, katitén jaya anu karék balik ti luar kota, sarta keur nelepon hayang nyieun jalan ka imahna.

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			<i>KOPER KÉNCA KATUHU MANI RIDU.</i>	
		(024) NDTT/SF/A-3/7	<i>SANDRA DATANG, PAROMANA ALUM, PANONNA BEUREUM BASEUH KU CIPANON. LEUMPANG LALAUNAN GÉK DIUK DINA KORSI TAMAN HANDAPEUN CARINGIN. SANDRA NGALUARKEUN AMPLOP TINA KANTONGNA, TULUY NGALUARKEUN KERTAS TINA JERO AMPLOP. TEU LILA SURAT DIBACA, SANDRA NGINGHAK NAHAN CEURIK, PAROMANA JIGA NU HANDEUEUL.</i>	Adegan katilu dina naskah drama “Tungtungna Tunggara” dimimitian ku setting waktu anu nuduhkeun wanci sareupna, katitén Sandra karék datang bari paromana alum, panon beureum baseuh ku cipanon. Teu lila Sandra muka amplop anu eusi amplopna matak pikasediheun.
		(025) NDTT/SF/A-4/8	<i>SAMINGGU GEUS KALIWAT, ISUK-ISUK, SANDRA KALUAR TI IMAHNA, MAKÉ BAJU SAKOLA, NYORÉN KANTONG, LEUMPANG LALAUNAN, JIGA NU JAUH PANINEUNGAN, PAROMANA ALUM. TEU AYA SUMANGET PIKEUN HIRUP. GÉK DIUK DINA KORSI TAMAN HANDAPEUN TANGKAL CARINGIN. TEU SAWATARA LILA SARMAD KALUAR TI IMAHNA, MAKÉ PAKÉAN JIGA BIASANA.</i>	Adegan kaopat dina naskah drama “Tungtungna Tunggara” dimimitian ku setting waktu anu nuduhkeun saminggu geus kaliwat tina kajadian Sandra muka amplop, wanci isuk-isuk Sandra karék kaluar ti imahna langsung gék dina korsi taman, bari ngabandingkeun kulawarga manéhna anu geus papada teu paduli, jeung kulawarga Euis anu sabalikna.
		(026) NDTT/SF/A-5/11	<i>WANCI BEURANG MAJU KA SORÉ, SANDRA NGAGOLÉR DINA KORSI TAMAN. KANTONGNA DIPAKÉ GANJEL SIRAHNA. TEU SAWATARA LILA EUIS DATANG MASIH MAKÉ BAJU SAKOLA, EUIS ASUP KA IMAHNA BARI NGARÉRÉT NGABAGI TEUTEUP KA SANDRA ANU MASIH KÉNÉH NGAGOLÉR DINA KORSI TAMAN. EUIS GOGODEG TULUY ASUP KA IMAHNA, TEU LILA EUIS KALUAR DEUI BARI MAWA SAPU, EUIS SASAPU DI BURUAN IMAHNA SAKAPEUNG EUIS NGARÉRÉT KA LEBAH SANDRA SARÉNGSÉNA SASAPU NYAMPEURKEUN KA LEBAH SANDRA.</i>	Adegan kalima dina naskah drama “Tungtungna Tunggara” dimimitian ku setting waktu anu nuduhkeun wanci beurang maju ka soré, katitén Sandra keur ngagolér dina korsi taman. Disampeurkeun ku Euis tuluy diajak ngobrol, Sandra nyegrug ceurik ngabudalkeun sagala kasono ka indung jeung bapana.
		(027) NDTT/SF/A-6/14	<i>WANCI PEUTING KIRA KIRA JAM 10, KATINGALI SANDRA NGAGOLÉR SARÉ DINA KORSI TAMAN, MASIH KÉNÉH MAKÉ SARAGAM SAKOLA ANU TADI ISUK, SARÉ TIBRA BARI NAGKEUP TUUR KATIRISAN. KULUTRAK LAWANG PANTO IMAH SARMAD MUKA TULUY KALUAR SARMAD BARI DIHARUDUNG SARUNG, RÉT</i>	Adegan kagenep dina naskah drama “Tungtungna Tunggara” dimimitian ku setting waktu anu nuduhkeun wanci peuting jam sapuluhan, katitén Sandra anu masih kénéh ngagoler dina korsi taman

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			<i>KALEBAH SANDRA, SARMAD GOGODEG TULUY NYAMPEURKEUN KA LEBAH SANDRA, NILIK-NILIK SAKEUDEUNG TULUY MANI ATI-ATI PISAN NGAHUDANGKEUN SANDRA</i>	disampeurkeun ku Sarmad bapana Euis. Sarmad nitah ka Sandra sangkan saré dijero imah tapi henteu dipaliré ku Sandra.
		(028) NDTT/SF/A- 7/15	<i>WANCI ISUK-ISUK, SANDRA MASIH KÉNÉH TIBRA SARÉ DINA KORSI TAMAN HANDAPEUN TANGKAL CARINGIN, BARI DISIMBUTAN KU SARUNG NU GEUS LODROH, BAROLONG. LOBA JALMA NU LALIWAT, BARI TING RARÉRÉT KA LEBAH SANDRA TULUY GOGODEG BARI TING KARECEWIS JEUNG PAPADA BATURNA. SARMAD KALUAR TI IMAHNA, DANGDANAN JIGA BIASANA MINDAHKEUN SAPÉDAH KA BURUAN IMAHNA, BARI CINGOGO MARIKSAAN BAN SAPÉDAH ANU KARASA RADA KEMPÉS. TULUY NANGTUNG BARI GAGARO NGOMONG KA SAPÉDAHNA BARI KEKEROT.</i>	Adegan katujuh dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” dimimitian ku setting waktu anu nuduhkeun wanci isuk-isuk, katitén Sandra anu masih saré dina korsi taman. Tuluy kaluar Sarmad bari disampeurkeun ku Odon anu keur néangan Sandra. Sarmad nuduhkeun yén Sandra aya dina korsi taman, tuluy Odon nyampeurkeun Sandra.
		(029) NDTT/SF/A- 8/20	<i>WANCI BA'DA ISA, SANDRA MASIH KÉNÉH NGAJENTUL NANGKEUP TUUR DINA KORSI TAMAN, KATINGALI BUUKNA KUSUT, BEUNGEUTNA PIAS, BIWIRNA NGADÉGDÉG, LEUNGEUNA MEREKET PAGEUH, TEUTEUPNA KOSONG KA HAREUP. EUIS KALUAR TI IMAHNA, NYAMPEURKEUN BARI MAWA PIRING, NU DIEUSIAN KU DAHAREUN JEUNG GELAS PLASTIK NU EUSINA CAI HÉRANG, EUIS DIUK HAREUPEUN SANDRA. SANDRA TETEP NEUTEUP KOSONG KA HAREUP BARI NANGKEUP TUUR TIPEPEREKET JIGA NU NAHAN KANYERI, SIRAHNA UNGGUT-UNGGUTAN.</i>	Adegan kadalapan dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” dimimitian ku setting waktu anu nuduhkeun wanci peuting, katitén Sandra anu masih cicing dina korsi taman bari jiga anu nahan kanyeri, Euis nyampeurkeun Sandra bari mawa dahareun, Sandra ngabudahkeun sakabéh katunggarana ka Euis salila ieu, yé manéhna téh sono ka indung jeung bapana.
		(030) NDTT/SF/A- 9/23	<i>WANCI SUBUH, EUIS NGUNIANG HUDANG TULUY ASUP KA IMAHNA, SARÉNGSÉNA SOLAT SUBUH EUIS BALIK DEUI MASIH MAKÉ MUKENA, SANDRA TIBRA KÉNÉH. SANDRA NGULISIK, HUDANG CULANG-CILEUNG, REUWASEUN.</i>	Adegan kasalapan dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” dimimitian ku setting waktu anu nuduhkeun wanci subuh, katitén Euis anu nguniang hudang sabab ngabaturan Sandra saré diluar. Sandra ngomongna geus kamana karepna, Euis ngarasa hariwang antukna Euis nitah Sarmad sangkan ngabéjaan Odon pikeun nyaritakeun kayaan Sandra

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
				ayeuna. Ahirna indung jeung bapa Sandra datang, tapi geus euweuh gunana.
5.	Kramagung	Tokoh Sandra		
		(031) NDTT/SF/A-1/3-5	Sandra (Reuwas malikeun awakna). Sandra ngajeuwang konci tina leungeun Euis, tuluy malikeun awakna rék mukakeun panto. Sandra teu maliré ka Euis. Sandra (Molotot). Sandra (Nempas). Sandra mukakeun panto imahna, tuluy asup bari ngagabrugkeun panto imahna. Sandra (Ngagorowok ti jero imah). Bray panto muka, Sandra kaluar deui. Sandra (Seuri, nyarita bari ngangres). Sandra asup deui ka jero imah.	Dina adegan kahiji kapanggih aya 10 kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Sandra.
		(035) NDTT/SF/A-3/7-8	Sandra (Nginghak nahan ceurik bari nyuuh dina panyarandéan korsi). Sandra ngarérét neutaup Euis, tuluy ngagabrug bari ngasongkeun surat. Sandra (Nempas).	Dina adegan katilu kapanggih aya tilu kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Sandra.
(039) NDTT/SF/A-4/8-10	Sandra kaluar ti imahna, maké baju sakola, nyorén kantong, leumpang lalaunan, tuluy gék diuk dina korsi taman handapeun tangkal caringin. Sandra ngahuleng bari nyarandé. Sandra ngabalieur tina panénjo bapana. Sandra nguniang hudang, niténan ka lebah kolotna indit, teu sawatara lila Sandra nyanghareup kana tangkal caringin, nyarita bari ambek. Sandra (Nyarita rada dareuda, melas-melis) Sandra nyegruk ceurik bari nyuuh dina handapeun tangkal caringin.	Dina adegan kaopat kapanggih aya genep kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Sandra.		

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
		(043) NDTT/SF/A- 5/11-14	<p>Sandra nguniang hudang, bari gigisik tuluy diuk nyarandé ka beulah katuhu. Sandra gideug, bari mérésan buukna.</p> <p>Sandra ngenyang leungeun Euis bari nyarita.</p> <p>Sandra (Nangtung bari jejebris nyaritana).</p> <p>Sandra diuk deui dina korsi bari melong ka lebah imah Euis.</p> <p>Sandra anu tadi melong ka imah Euis, nguniang hudang lalaunan leumpang nyanghareupan tangkal caringin tuluy ngomong dareuda.</p> <p>Sandra (Bari nuduhkeun ka imah Euis).</p> <p>Sandra leumpang ka hareupeun imahna. Sandra nyuuh bari nyegruk ceurik.</p>	Dina adegan kalima kapanggih aya salapan kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Sandra.
		(046) NDTT/SF/A- 6/14	<p>Sandra nguniang hudang, bari gigisik melong ka lebah Sarmad.</p> <p>Sandra (Culang-cileung).</p> <p>Sandra ngagolér deui nuluykeun saréna.</p>	Dina adegan kagenep kapanggih aya tilu kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Sandra.
		(051) NDTT/SF/A- 7/17-19	<p>Sandra nguniang hudang tuluy diuk murungkut dina pojok korsi bari nangkeup tuurna.</p> <p>Sandra teu maliré, manéhna ngan ukur ngusir Mang Odon maké leungeunna.</p> <p>Sandra ngarérét ngawaskeun ka lebah imahna Euis.</p> <p>Sandra ngabalieur miceun teuteupna ka hareup.</p> <p>Sandra teu némbalan, kalah anteng neutep ka jauhna.</p> <p>Sandra nguniang hudang tina diukna tuluy leumpang neutep imahna, teu lila leumpang deui, eureun hareupeun imah Euis, terus diteuteup leleb, sanggeus rada lila neutep imah Euis, Sandra leumpang deui ngadeukeutan tangkal caringin, diteuteup leleb.</p> <p>Ngarénghap bari nyarita dareuda nahan piceurikeun.</p>	Dina adegan katujuh kapanggih aya tujuh kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Sandra.

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			Sandra nyegruk ceurik nyuuh handapeun tangkal caringin.	
		(053) NDTT/SF/A- 8/20-22	Sandra tetep neuteup kosong ka hareup bari nangkeup tuur tipepereket jiga nu nahan kanyeri, sirahna unggut-unggutan. Sandra (Nempas). Sandra tuluy ngarangkul Euis bari nyarita. Sandra (Jiga ka indungna). Sandra ngaleupaskeun rangkulanna, ngagolér deui dina korsi.	Dina adegan kadalapan kapanggih aya lima kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonon ku tokoh Sandra.
		(056) NDTT/SF/A- 9/23-26	Sandra ngulisik, hudang culang-cileung, reuwaseun. Sandra (Culang-cileung, teuteupna baluas). Sandra (Nyarita sorangan bari neuteup ka salasahiji arah). Sandra nguniang hudang teuteupna teleb ka hareup, Sandra leumpang lalaunan, tuluy ngajanteng sakeudeung. Sandra malikeun awakna, tuluy leumpang ngadeukeutan Euis gék diuk deui dina korsi. Sandra nantelkeun curuk kana biwirna, nitah jempé ka Jaya. Sandra nepak leungeun indungna tina taktakna. Sandra ngenyang leungeun Euis, tuluy nitah diuk di gigireunnana. Sandra (Nembangkeun pupuh kinanti babarengan).	Dina adegan kasalapan kapanggih aya salapan kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonon ku tokoh Sandra.
Tokoh Euis				
		(032) NDTT/SF/A- 1/3-5	Euis (Ngasongkeun konci imah ka Sandra) Euis (Ngajewang leungeun Sandra) Euis ukur bisa ngahuleng. Euis ngahuleng sajongjonan tuluy leumpang ka imahna. Euis (Ngagerentes) Euis balik ka imahna.	Dina adegan kahiji kapanggih aya genep kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonon ku tokoh Euis.
		(036) NDTT/SF/A- 3/7-8	Euis leumpang muru ka imahna. Euis eureun lebah caringin, Euis ngarenjag nempo Sandra.	Dina adegan katilu kapanggih aya opat kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			Euis (Nyampeurkeun Sandra tuluy diuk gigireunana). Euis nampanan surat, tuluy ngimeutan eusi surat. Euis ngarenjag reuwas saréngséna maca éta surat. Euis (Ngarérépéh Sandra bari mémérés buukna).	kudu dilakonan ku tokoh Euis.
		(038) NDTT/SF/A-4/8-9	Euis (Némbal ti jero imah) Euis (Norojol ti jero imah nyampeurkeun) Euis kalacat naék kana luhur sapédah, tuluy indit ninggalkeun imahna.	Dina adegan kaopat kapanggih aya tilu kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Euis.
		(042) NDTT/SF/A-5/11-13	Euis datang maké baju sakola, nempo Sandra bari gogodeg, tuluy asup ka imahna. Euis kaluar deui bari mawa sapu, tuluy sasapu diburuan imahna, saréngséna sasapu nyampeurkeun ka lebah Sandra. Euis ngarénghap. Euis cengkat, tapi dikenyang Sandra. Euis (Nempas). Euis nangtung ninggalkeun Sandra, tuluy asup ka imahna.	Dina adegan kalima kapanggih aya genep kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Euis.
		(047) NDTT/SF/A-6/15	Teu lila Euis kaluar ti imahna bari mawa sarung nyampeurkeun ka lebah Sandra, gék hareupeun Sandra bari ngusapan sirahna. Euis hudang méméh indit ninggalkeun Sandra, Euis nyimbutan heula Sandra ku sarung anu dibawa ti jero imah. Sanggeus ngarérét heula ka lebah imah Sandra, Euis leumpang deui asup ka imahna.	Dina adegan kagenep kapanggih aya dua kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Euis.
		(050) NDTT/SF/A-7/19	Euis kaluar maké dandanan sakola nyampeurkeun ka lebah Sandra. Euis indit ninggalkeun Sandra.	Dina adegan katujuh kapanggih aya dua kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Euis.
		(052) NDTT/SF/A-8/20-23	Euis kaluar ti imahna, nyampeurkeun bari mawa piring, nu dieusian ku dahareun jeung gelas palastik nu eusina cai	Dina adegan kadalapan kapanggih aya 13 kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			<p>hérang. Euis diuk hareupeun Sandra. Euis (Ngasongkeun piring). Euis (Ditembangkeun pupuh asmarandana). Euis (Kerung, neuteup leleb ka lebah Sandra). Euis (Nempas). Euis ngusapan taktak Sandra deudeuh nakeranan. Euis malikeun awakna rék balik, tapi karék sababaraha léngkah Sandra nyarita deui. Euis (Ngarandeg, malikeun awakna). Jiga anu geus surti Euis diuk hareupeun Sandra. Euis nahan cipanon, bari ngusapan buuk Sandra bangun anu deudeuh pisan. Euis anu nahan rasa sedihna tuluy cengkat, nyimbutan Sandra ku sarung. Duanana (Euis) ngahuleng, kaayaan jadi simpé. Euis diuk nyarandé kana suku korsi, leungeunna teu leupas tina awak Sandra.</p>	<p>kudu dilakonan ku tokoh Euis.</p>
		(055) NDTT/SF/A- 9/23-27	<p>Euis nguniang hudang tuluy asup ka imahna, saréngséna solat subuh Euis balik deui masih maké mukena. Euis cengkat, culang cileung ningalian kaayaan di sabudeureun éta tempat. Euis (Beuki reuwas). Euis (Ngangres). Euis olohok ningali kalakuan Sandra. Euis (Dareuda). Euis (Dareuda nahan cimatana). Euis (Nyekelan pigeulangan leungeun Sandra). Euis (Nembangkeun pupuh kinanti babarengan). Euis (Nembangkeun pupuh jurudemung bari dareuda nahan ceurikna). Euis ngarérét nelele-nelele Sandra, tuluy Euis ngaragap kana beuheung jeung pigeulangan leungeun Sandra, ngarénjag, tuluy ngahuleng sakeudeung</p>	<p>Dina adegan kasalapan kapanggih aya sabelas kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Euis.</p>

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			ngarasakeun Sandra geus teu aya dikieuna.	
		Tokoh Sarmad		
		(037) NDTT/SF/A-4/8-9	Sarmad (Kaluar ti imahna nyampeurkeun sapédah nu nyarandé hareupeun imahna). Sarmad (Bari ngilikan sapédahna). Tuluy Sarmad kalacat naék kana luhur sapédah, tuluy indit ninggalkeun imahna.	Dina adegan kaopat kapanggih aya tilu kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Sarmad.
		(044) NDTT/SF/A-5/13	Kurungyung Sarmad datang bari nuntun sapédah, bari ngajingjing kérésék nu eusina sapatu weuteuh kénéh. Sarmad nyarandékeun sapédahna, tuluy asup ka imah.	Dina adegan kalima kapanggih aya dua kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Sarmad.
		(045) NDTT/SF/A-6/14-15	Kulutrak lawang panto imah Sarmad muka, tuluy kaluar Sarmad bari diharudung sarung, rét ka lebah Sandra, Sarmad gogodeg tuluy nyampeurkeun ka lebah Sandra. Sarmad gagaro sirah bari leumpang ninggalkeun Sandra, asup deui ka imahna.	Dina adegan kagenep kapanggih aya dua kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Sarmad.
		(048) NDTT/SF/A-7/15-17	Sarmad kaluar ti imahna, mindahkeun sapédah ka buruan imahna, bari cingogo mariksa ban sapédah anu karasa rada kempés. Tuluy nangtung bari gagaro ngomong ka sapédahna bari kekerot. Sarmad cingogo deui lebah ban tukang sapédahna, bari ngahuleng gagaro sirahna. Sarmad nu keur uleng téh ngagurubug, malik bari masang kuda-kuda jiga nu rék gelut. Sarmad (Hut-hét metakeun jurus-jurus silat). Barang Sarmad sadar, tuluy nepakeun andukna kana sirah Odon. Sarmad cingogo deui hareupeun ban sapédahna. Sarmad (Nempas).	Dina adegan katujuh kapanggih aya sapuluh kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Sarmad.

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			Sarmad teu maliré kana omongan Odon, manéhna ngan ukur nuduhkeun ka lebah Sandra anu masih kénéh tibra saré. Sarmad (Nangtung bari molotot). Sarmad indit ninggalkeun imahna nungtun sapédah bari keuheul.	
		(054) NDTT/SF/A- 8/22-23	Teu sawatara lila Sarmad nyampeurkeun, gék diuk gigireun Euis. Sarmad (Ngusapan sirah Euis). Duanana (Sarmad) ngahuleng, kaayaan jadi simpé. Sarmad ngahuleng sakeudeung. Sarmad (Nyéréngéh seuri). Sarmad gura-giru indit rék néang Mang Odon.	Dina adegan kadalapan kapanggih aya genep kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Sarmad.
		(059) NDTT/SF/A- 9/24-27	Sarmad pating torojol nyalampeurkeun ka lebah Sandra jeung Euis bari hariweusweus. Sarmad ngusap dada bari silih rérét nahan sedihna.	Dina adegan kasalapan kapanggih aya dua kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Sarmad.
Tokoh Odon				
		(034) NDTT/SF/A- 2/6-7	Odon nurunkeun barang bawaannana, tuluy ngodok sakuna ngaluarkeun konci imah, bray panto imah muka, Odon ngasupkeun bawaannana ka jero imah. Odon kaluar ti imah rurusuhan nyampeurkeun ka lebah dununganana nangtung. Odon indit nepungan RT.	Dina adegan kadua kapanggih aya tilu kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Odon.
		(049) NDTT/SF/A- 7/15-19	Teu lila Odon ngeteyep tukangeunnana, dangdanan teu béda jiga Sarmad. Odon nanya ka Sarmad bari nepak taktakna. Odon seuri nyakatak nikmat pisan. Odon ngilu cingogo gigireunana. Odon ngalieuk, tuluy nangtung reuwaseun. Odon (rada tarik sorana). Odon murungkut bari ngacong-ngacongkeun	Dina adegan katujuh kapanggih aya sapuluh kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Odon.

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			<p>leungeunna, undur-unduran ninggalkeun Sarmad, ngadeukeutan Sandra.</p> <p>Odon sideku hareupeun Sandra tuluy ngahudangkeun Sandra, sorana halon.</p> <p>Mang Odon nangtung tuluy ninggalkeun Sandra, karék ogé tilu léngkah mang Odon balik deui.</p> <p>Tuluy Odon ninggalkeun Sandra sorangan nu masih kénéh ngahuleng bari nangkeup tuurna di harudung sarung.</p>	
		(060) NDTT/SF/A- 9/24-27	<p>Odon pating torojol nyalampeurkeun ka lebah Sandra jeung Euis bari hariweusweus.</p> <p>Odon ngusap dada bari silih rérént nahan sedihna.</p>	Dina adegan kasalapan kapanggih aya dua kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Odon.
Tokoh Jaya				
		(033) NDTT/SF/A- 2/6-7	<p>Juragan jaya leumpang bari ngobrol dina telepon, tuluy eureun hareupeun Panto.</p> <p>Jaya nutup telepon, sup HP diasupkeun kana sakuna, tuluy alak-ilik ningalian jalan.</p> <p>Jaya (Rada tarik nyaritana).</p> <p>Jaya asup ka imahna.</p>	Dina adegan kadua kapanggih aya opat kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Jaya.
		(041) NDTT/SF/A- 4/9-10	<p>Jaya kaluar ti imahna.</p> <p>Jaya gogodeg, tuluy nyampeurkeun Sandra anu masih diuk dina korsi taman, dangdanan gingis maké jas, didasi jeung nyorén koper.</p> <p>Jaya tuluy ninggalkeun Sandra.</p>	Dina adegan kaopat kapanggih aya tilu kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Jaya.
		(058) NDTT/SF/A- 9/24-27	<p>Jaya pating torojol nyalampeurkeun ka lebah Sandra jeung Euis bari hariweusweus.</p> <p>Jaya neger-negerkeun manéh.</p> <p>Jaya (Nempas).</p> <p>Jaya ngajerit ngarontok anakna.</p> <p>Jaya nyegruk ceurik, sataker tanagana Jaya ngabopong layon Sandra, tuluy didiukeun dina lahunannana.</p>	Dina adegan kasalapan kapanggih aya genep kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Jaya.

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			Jaya nyegruk ceurik bari andiprek ngeukeupan layon anakna.	
		Tokoh Ratna		
		(040) NDTT/SF/A-4/9	Ratna kaluar ti imahna. Geus dangdan ginding bari mawa kantong leutik dina leungeunna, leumpang ngagedik ninggalkeun imahna, ngaliwat hareupeun Sandra anu masih ngahuleng nyaksian éta kajadian.	Dina adegan kaopat kapanggih aya hiji kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Ratna.
		(057) NDTT/SF/A-9/24-27	Ratna pating torojol nyalampeurkeun ka lebah Sandra jeung Euis bari hariweusweus. Ratna (Reuwas, nyaritana dareuda). Ratna nyegruk ceurik nyuuh dina taktak salakina. Ratna (Ngaragap taktak Sandra). Ratna ngajerit ngarontok anakna. Ratna (Nyegruk ceurik). Ratna nyegruk ceurik bari andiprek ngeukeupan layon anakna, tuluy Ratna ngusapan buuk Sandra.	Dina adegan kasalapan kapanggih aya tujuh kramagung (kalimah paréntah/pituduh) anu kudu dilakonan ku tokoh Ratna.
6.	<i>Solilokui</i>	(061) NDTT/SF/A-1/5	Euis “Kuring nyaah ka anjeun San, kuring embung anjeun kagebrus kana kahirupan jiga kitu.”	Ieu dialog diucapkeun ku Euis sarta kaasup kana <i>solilokui</i> , sabab dina ieu dialog Euis ngedalkeun kanyaahna ka Sandra salaku babaturan, sarta Euis embung babaturanna nyokot jalan anu salah.
		(062) NDTT/SF/A-3/7	Sandra “Aing teu yakin...Pasti ieu surat téh salah...Duuuh Gustiiii...”	Ieu dialog diucapkeun ku Sandra sarta kaasup kanan <i>solilokui</i> , sabab dina ieu dialog Sandra ngedalkeun rasa teu percaya kana naon anu keur karandapan ku manéhna, sarta Sandra teu bisa narima kana éta hal.
		(063) NDTT/SF/A-4/10	Sandra “Dina kaayaan kieu...Boro-boro nulungan, waktu ogé teu nyésa pikeun kuring...!!! Sibuk..?!!!, Bosen..!! Naha teu aya waktu saeutik ogé pikeun ngadéngé kaayaan Sandra..?!! Sandra ngarti.. sagala nu dipigawé ku	Ieu dialog diucapkeun ku Sandra sarta kaasup kanan <i>solilokui</i> , sabab dina ieu dialog Sandra ngedalkeun ngeunaan kanyérina anu geus lila teu dipaliré ku indung jeung bapana, sabab sibuk digawé.

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			maranéhna téh pikeun kahirupan Sandra ...Tapi...Lain ngan saukur éta nu dipiharep ku Sandra...Lain...!!!”	
		(064) NDTT/SF/A-7/15	Sarmad “ Yéh...Ari silaing kapanan kamari téh kakarék ditambah, naha ayeuna bét kempés deui.”	Ieu dialog diucapkeun ku Sarmad sarta kaasup kanan <i>solilokui</i> , sabab dina ieu dialog Sarmad ngedalkeun kakeselna kanu ban sapédahna anu kempés waé.
		(065) NDTT/SF/A-7/19	Sandra “Kuring teu nyaho rék nepi ka iraha kiekeuan téh... Waktu nu leuwih nyaho bakal kumaha juntrungna ieu lalakon teh.. Cing béjaan kuring.. Béjaan.. Kudu kumaha deui kuring téh.. Kuring geus teu kuat narima lalakon nu ieu.. Ieu hiji babak lalakon dina kahirupan kuring nu karasa kacida beuratna... Indung jeung bapa kuring jongjon teuing kana pagawéana séwang-séwangan, jiga nu teu sadar maranéhanana téh boga budak anu keur meumeujeuhna ngabutuhkeun bimbingan, ngabutuhkeun kasih sayang ti nu jadi indung jeung bapa... Kuring teu nyangka jalan nu disorang téh jadi kieu balukarna, Saminggu katukang kuring divonis ku dokter.. Yén kuring ka inféksi virus HIV, jeung umur kuring moal leuwih ti saminggu deui... ”	Ieu dialog diucapkeun ku Sandra sarta kaasup kanan <i>solilokui</i> , sabab dina ieu dialog Sandra ngedalkeun kacapéna pikeun nyanghareupan kahirupan anu karasa beurat, manéhna ngarasa bingung kumaha cara pikeun nyanghareupan kaayaan anu keur karandapan. Sandra teu nyangka yén jalan anu disorang téh nyababkeun hal anu ngarugikeun pikeun diri manéhna.
7.	<i>Aside</i>	(066) NDTT/SF/A-4/9	Jaya “Ratna...!!! Dasar...Bedegong téh béak karep...!!!”	Ieu dialog téh kaasup kana <i>aside</i> , sabab dina dialog katitén Jaya anu keur keuheul ka Ratna, tuluy manéhna kukulutus ditukangeun Ratna, bari Ratna teu ngadéngé kana omongan Jaya.

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
		(067) NDTT/SF/A- 5/13	Sandra “Tuh.. Tingali.. Itu imah anu sakitu leutikna, dicicingan ku dua urang, anak jeung bapa.. Hirup miskin, heureut pakeun pungsat bahan.. Tapi karasana mani haneuteun, asa hegar, jembar ku kanyaah, pinuh ku kabungah....”	Dina ieu dialog, katitén Sandra anu keur dialog jeung panongton pikeun nepikeun rasa keueungna hirup nyorangan, teu dipaliré ku indung jeung ku bapa. Sandra népikéun pesen ka anu nongton yén harta banda téh teu cukup ari dibandingkeun jeung kanyaah mah.
		(068) NDTT/SF/A- 6/13	Euis “Bakateuing ku capé mikir...Nepi ka tibra kieu saréna...Sing sabar baé dulur.”	Dina ieu dialog ogé, katitén Euis anu keur ngobrol sorangan, sanajan aya Sandra di hareupeunna tapi Sandra teu ngadéngé kana dialog anu ditepikeun ku Euis.
8.	Épilog	(069) NDTT/SF/A- 9/28	-	Dina ieu naskah drama “Tungtungna Tunggara” teu kapanggih ayana unsur épilog, sabab épilog anu aya dina naskah téh kurang luyu jeung tiori, eusina lain kacindekan atawa amanat ti pangarang tapi dipungkas ku pupuh jurudemung sarta aya anu ngagorowok “Sandra” sabada pupuhna beres.

Analisis Struktur Naratif Naskah Drama

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
1.	Tema	(001) NDTT/ SN/A-1 /4	<p>Euis “Anjeun mabok deui nya...?!?”</p> <p>Sandra “Héh...Lain urusan anjeun...!! Kuring rék mabok ké, balik peuting ké, rék ngalér, ngidul, rék kitu, rék kieu lain urusan anjeun...Ngarti...!!!”</p> <p>Euis : “Tapi...”</p> <p>Sandra “Indit...Indit...Anjeun sarua baé jiga si Amih jeung si Apih...Bisana ngan ukur ngomong, ngatur, teu maliré kana kahayang jeung kaayaan anak...”</p>	Sandra salah nyorang jalan, Dina cutatan di luhur kacaritakeun yén Sandra téh rémén pisan balik peuting jeung mabok-mabokan. Ti dieu mimiti pasualan téh dimimitian, yén Sandra geus jadi budak anu salah dina nyorang jalan hirupna.
		(002) NDTT/ SN/A-1 /5	<p>Sandra “ Sandra geus paéh... ! Sandra ayeuna lain Sandra baheula, Sandra anu kudu nurut kana kahayang indung jeung bapana, nu diatur kudu kieu, kudu kitu jiga robot... Anu kudu ngajaga sikep sangkan kolotna teu éra, tapi.. Manéhna teu boga waktu saeutik-eutik acan pikeun anakna makumaha..”</p> <p>Euis “Indung jeung bapa anjeun jalma terhormat, dihargaan ku sasama, anjeun kudu bisa ngigelanana sangkan bisa ngajaga kahormatan maranéhna..”</p> <p>Sandra “Hahahaha... Tah éta, éta pisan nu jadi alesan kuring,...(NYARITA BARI NGANGRES) Ti saprak si Apih jadi pajabat, manéhna sibuk ngurus pagawéan, ngurus rahayat, ari kuring anakna geus teu dipaliré, teu diurus,... Indung kuring riweuh ngurusan seminar, memener kalakuan anak batur, tapi kuring anakna, teu dibéré waktu saeutik ogé pikeun tatanya...”</p>	Sandra geus ngarasa ilang jati dirina, katitén dina cutatan di luhur pasualan anu muncul dina ieu dialog nyaéta Sandra ngarasa geus leungit jadi dirina, manéhna ngarasa lain Sandra anu baheula, anu bisa nurut ka indung jeung bapana, tapi Sandra ayeuna nyaéta Sandra anu geus nyorang kahirupan anu anyar. Ieu téh lantaran kolotna kajongjonan ngurus pagawean nepi ka teu bisa merhatikeun kahirupan Sandra anakna. sikep Sandra téh mangrupa bentuk pemberontakan tinu jadi anak, sangkan bisa diperhatikeun deui.

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
		(003) NDTT/ SN/A-4 /9	<p>O.S Ratna “Tah.. Surat panggilan ti sakola, poé ieu Apih kudu nepungan wali kelasna si Sandra jam 9 di sakola... Ulah telat cenah”</p> <p>O.S Jaya “Geus surat panggilan deui baé.. Kunaon deui cenah budak téh..?!!”</p> <p>O.S Ratna “Teu nyaho teuing.. Asa mani unggal minggu surat panggilan téh...”</p> <p>O.S Jaya “Apih teu bisa...Poé ieu Apih sibuk pisan di kantor, kudu nepungan semah ti Jepang..!!”</p> <p>O.S Rartna “Ihhhh... Ari Apih... Kapanan Amih ogé sarua, poé ieu téh aya dua acara, jam 10 kudu geus aya di Bandung seminar kenakalan rumaja, jam 7 peutingna kudu geus aya di Surabaya seminar prilaku menyimpang kaum rumaja.. Teu aya waktu Pih....!!!”</p>	<p>Kasibukan kolot Sandra, dina cutatan di luhur pasualan anu muncul téh mimitina tina kasibukan Ratna jeung Jaya. Ratna anu sibuk nguruskeun seminar jeung Jaya anu sibuk nguruskeun pagawéanna salaku pejabat. Dina ieu dialog katitén yén Ratna jeung Jaya euweuh pisan waktu pikeun merhatikeun Sandra, di titah ka sakola gé pikeun nepungan guru Sandra papada keukeuh teu barisa datang sabab sibuk ku pagawéanna.</p>
		(004) NDTT/ SN/A-4 /10	<p>Sandra “Dina kaayaan kieu...Boro-boro nulungan, waktu ogé teu nyésa pikeun kuring....!!!! Sibuk..?!! Bosen..!! Naha teu aya waktu saeutik ogé pikeun ngadéngé kaayaan Sandra..?!! (NYARITA RADA DAREUDA, MELAS-MELIS) Sandra ngarti.. Sagala nu dipigawé ku maranéhna téh pikeun kahirupan Sandra... Tapi.. Lain ngan saukur éta nu dipihareup ku Sandra.. Lain....!!!”</p>	<p>Sandra anu ngarasa teu diperhatikeun, dina cutatan di luhur pasualan anu dicaritakeun nyaéta ngeunaan kanyeri Sandra anu geus lila teu dipaliré ku indung bapana. Indung jeung bapana geus euweuh pisan waktu pikeun nulungan, ngadéngé kaayaan Sandra, jeung mikanyaah Sandra, antukna Sandra ngarasa hirup nyorangan euweuh batur pakumaha. Sabenerna lain harta banda wungkul anu dipihareup ku Sandra tapi ogé kanyaah ti kolotna..</p>

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
		(005) NDTT/ SN/A-5 /12	<p>Euis “Anjeun hirup beunghar, loba harta tara kakurangan.. Bapa kuring mah ngan saukur tukang parkir.. Hirup susah sagala kakurangan..”</p> <p>Sandra “Tapi kuring tara dianteur ku Bapa kuring ka sakola...Kuring tara dahar bareng jeung si Amih...Kuring tara ngaboncéng sapédah bari suka bungah jeung si Apih jiga anjeun...!!!!”</p> <p>Euis “Sandra...Sakabéh anu karandapan ku urang ayeuna geus jadi titis tulis ti nu kawasa...Masing-masing jalma boga kaleuwihan jeung kakurangan séwang-séwangan.. Urang kudu sukuran, ulah ngarasula....!!!!”</p> <p>Sandra “Enya.....,!!! Kapanan loba jalma beunghar di ieu dunya téh, tapi naha bet kudu kuring..??! Kuring sadar hirup kuring sagala loba.. Sagala cukup malah kaleuwihan ku harta, tapi...Kuring miskin ku kanyaah ti nu jadi indung jeung bapa...Kuring teu boga batur pakumaha,.. Teu aya batur ngobrol lamun kuring sedih, teu aya batur seuri lamun kuring senang, maranéhna teu aya lamun kuring hayang ogo...Hayang dielus rambut ku ramo-ramo nu jadi indung...Hayang dibélaan ku ramo-ramo keker nu jadi bapa...!”</p>	<p>Sandra kuciwa kana kaayaan, dina cutatan di luhur pasualan anu karandapan ku Sandra téh ngeunaan kasono Sandra ka indung jeung bapana anu geus lila teu tepung, teu maliré, Sandra ogé ngabandingkeun kahirupan manéhna jeung Euis. Sanajan Euis miskin ku harta banda tapi manéhna beunghar ku kanyaah, Sedengkeun Sandra ngarasa kaleuwihan ku harta tapi ngarasa miskin ku kanyaah. Sandra hayang dipikanyaah jeung diaping ku kolotna jiga Euis.</p>
		(006) NDTT/ SN/A-5 /13-14	<p>Sandra Tuh...Tingali...Itu imah anu sakitu leutikna, dicicingan ku dua urang, anak jeung bapa...Hirup miskin, heureut pakeun pungsat</p>	<p>Harta teu ngajamin kabagjaan, dina cutatan di luhur pasualan anu hayang ditepikeun ku panulis ngaliwatan</p>

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			<p>bahan..Tapi karasana mani haneuteun, asa hégar, jembar ku kanyaah, pinuh ku kabungah....”</p> <p><i>SANDRA LEUMPANG KA HAREUPEUN IMAHNA.</i></p> <p>Sandra “Béda pisan jeung imah anu itu...Imah gedong sigrong nu dieusian ku jalma beunghar, bru di juru, bro di panto ngalayah di tengah imah, lubak-libuk teu kalebok...!! Malah antukna mah mubah jeung mubadzir...Tapi karasana suwung...Sepi, eungap, panas, teu pikabetaheun... Teu kadéngé cakakakna sora bapa, teu kadéngé ngirungna sora indung... Istuning jiga hirup dina liang sireum...”</p>	<p>dialog anu ditepikeun ku Sandra nyaéta sanajan hirup beunghar tapi teu ngajamin kahirupan téh bakal bagja, tangtu aya kurangna waé, pon kitu deui anu miskin. Teu salilana anu miskin dina ngajalankeun hirupna teu bagja. Katitén dina kahirupan Euis dina ieu naskah, sanajan Euis hirup sagala kakurangan tapi manéhna bungah, béda jeung Sandra anu beunghar loba pakaya tapi hirupna ngarasa susah.</p>
		(007) NDTT/ SN/A-7 /18	<p>Sandra “Geus cukup Mang...!!! Tong dituluykeun, kuring geus apal.. Maranéhna moal aya nu nanyakeun kuring... Da kuring mah mah dianggap euweuh, teu penting...Urusan maranéhna leuwih penting ti batan anakna sorangan...!!”</p> <p>Odon “Hapunten Néng...Sanés Emang culangung...Manawi aranjeuna téh sibuk pisan katinggalna ku Amang mah... Tapi kapanan sadayana ogé kanggo Enéng...”</p> <p>Sandra “Keur maranéhanana Mang lain keur kuring... !! Keur kaégoisan maranéhna Mang lain keur kuring..!!, Keur kasenangan maranéhna lain keur kasenangan kuring...”</p>	<p>Sandra kabur ti imahna, dina cutatan di luhur pasualan anu dicaritakeun nyaéta waktu Sandra kabur ti imahna. Sandra anu geus dua poé teu balik ka imah, miharep ditéangan ku indung jeung bapana, tapi harepan éta téh teu kajadian sabab indung jeung bapa Sandra masih kénéh jongjon kana pagawéanna séwang-séwang. Ieu hal katitén tina dialog antara Sandra jeung Odon di luhur, Sandra nanyakeun indung jeung bapana ka Odon, tapi Odon ngan bisa ngupahan Sandra yén kolotna téh keur meumeujeuhna sibuk.</p>
		(008)	Sandra	Sandra keuna panyakit HIV, dina

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
		NDTT/ SN/A-7 /19	<p>“Kuring teu nyaho rék nepi ka iraha kikiuean téh... Waktu nu leuwih nyaho bakal kumaha juntrungna ieu lalakon téh.. Cing béjaan kuring...Béjaan...Kudu kumaha deui kuring téh...Kuring geus teu kuat narima lalakon nu ieu..”</p> <p><i>NGARENGHAP BARI NYARITA DAREUDA NAHAN PICEURIKEUN</i></p> <p>“Ieu hiji babak lalakon dina kahirupan kuring nu karasa kacida beuratna... Indung jeung bapa kuring jongjon teuing kana pagawéana séwang-séwangan, jiga nu teu sadar maranéhanana téh boga budak anu keur meumeujeuhna ngabutuhkeun bimbingan, ngabutuhkeun kasih sayang ti nu jadi indung jeung bapa...Kuring teu nyangka jalan nu disorang téh jadi kieu balukarna, saminggu katukang kuring divonis ku dokter.. Yén kuring ka inféksi virus HIV, jeung umur kuring moal leuwih ti saminggu deui...”</p>	<p>cutatan di luhur pasualan dirasakeun ku Sandra anu ngarasa geus bingung kana kahirupanna, ngarasa pasrah kana lalakon anu bakal kasorang kahareupna. Sandra divonis miboga panyakit HIV saminggu katukang, sabab pergaulan bebasna anu geus maké obat-obatan terlarang. Manéhna ngarasa kaduhung dibaréngan ku rasa kuciwa kana lalakon hirupna.</p>
		(009) NDTT/ SN/A-8 /21	<p>Sandra</p> <p>“Rék iraha manéhna boga waktu keur kuring,... Geus saminggu kuring ngadagoan manéhna datang, si Apih jeung si Amih leuwih nyaah kana pagawéanna, maranéhna leuwih sieun kaleungitan pagawéanna ti batan kaleungitan kuring... Anakna...”</p> <p><i>EUIS NGUSAPAN TAKTAK SANDRA DEUDEUH NAKERANAN,</i></p> <p>Sandra</p> <p>“Alloh teu adil... Anjeun boga kulawarga nu nyaah ka anjeun, ngabimbing, ngaping ngajaring anjeun dina sagala kaayaan, haneuteun di imah...Jig anjeun geura mulang, ka</p>	<p>Sandra kuciwa ka indung jeung bapana, dina cutatan di luhur euis pasualanna ngeunaan kakeuheul Sandra ka indung jeung bapana anu geus teu paduli pisan ka manéhna, Sandra geus teu dibéré waktu saeutik-eutik acan ku kolotna pikeun makumaha. Geus saminggu Sandra teu tepung pisan jeung kolotna sabab ripuh ku pagawéan. Tapi sanajan Sandra kuciwa ka kolotna, manéhna tetep</p>

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			<p>bapa anjeun.. Ulah sakali-kali nyieun bapa anjeun melang, cukup karawu kasiku ku kuring, jieun bapa anjeun bangga ka anjeun ulah jiga kuring...”</p> <p>Euis “Sandra.. Alloh maha adil, kuring yakin jaga, anjeun bakal pinanggih jeung kabagjaan nu sajati... Kuring jeung bapa kuring teu weléh ngadu’a sangkan anjeun bisa kaluar tina pasualan ieu... Kuring jangji, isuk atawa pagéto lamun kuring panggih jeung kolot anjeun kuring bakal ngingetan yén anjeun butuh pisan maranéhna... Sing sabar nya.. Kuring rék balik..”</p>	<p>miboga bebeneran dina sikepna, Sandra mapatahan ka Euis sangkan teu nyieun bapana hariwang.</p>
		(010) NDTT/ SN/A-8 /21-22	<p>Sandra “Amih.... Sandra sonoooo pisan ka Amih,..Amih kamana baé..? Tos sabaraha sasih teu pendak sareng Sandra.. Sandra kacida sonona ka Amih...” <i>EUIS NAHAN CIPANONA, BARI NGUSAPAN BUUK SANDRA BANGUN ANU DEUDEUH PISAN.</i></p> <p>Sandra “Amihh... Sandra hoyong pisan susu jahé kening ngadamel Amih, langkung ti sataun amih teu ngadamelkeun kanggo Sandra, ke énjing damelkeun nya Mih, kanggo Sandra... Amih...Badé angkat damel deui nya... Hapunten Sandra nya ngaganggu kasibukan Amih...Sok bilih Amih badé angkat deui mah.. Sandra ngantuk badé bobo...”</p>	<p>Kasono Sandra ka kolotna, Cutatan di luhur eusi pasualanna ngeunaan kasono Sandra ka indung jeung bapana. Sandra sono pisan kanu kabiasaan-kabiasaan baheula anu sok dipigawé ku indungna di imah. Sandra ngan butuh waktu ti indung jeung bapana, sarta teu niat ngaganggu kana kasibukanna ayeuna.</p>
		(011) NDTT/ SN/A-8 /22	<p>Sarmad “Tétélanya...Harta banda, dunya barana, nu dipibanda Néng Sandra teu bisa ngagantian kanyaah nu jadi kolot.. Bapana ...Pajabat.., Dihargaan ku sasama,</p>	<p>Harta teu bisa ngagantikeun kanyaah, dina cutatan di luhur pasualan ditepikeun ku panulis ngaliwatan dialog</p>

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			<p>indungna tukang méré seminar ka para kaum rumaja, tapi naha ka anakna sorangan teu malirénya... Bingung apa mah Is..” Euis : “Duka atuh...” Sarmad “ Peupeujeuh Apa mah ka Euis...Sagala nu karandapan ku Néng Sandra sing jadi conto pikeun hidep, ulah sakali-kali wawuh jeung narkoba...”</p>	<p>anu ditepikeun ku Sarmad yén saéstuna harta banda téh teu bisa ngagantikeun kanyaah anu jadi kawajiban kolot ka budakna, salobalobana harta ari teu dibarengan jeung kanyaah mah moal bisa ngabagjakeun kanu jadi anak. Tuluy didieu peran kolot ogé penting pikeun ngaping jeung ngarahkeun anak-anakna sangkan teu ngilu kanu pergaulan anu salah.</p>
		(012) NDTT/ SN/A-9 /25	<p>Euis “Sandra.. Éta nu digigireun ajeun téh indung bapa anjeun...!!” Sandra “Sakalian béjakeun... Harta kakayaan manéhna teu bisa ngagantian kanyaah nu jadi indung jeung bapa.. Jeung omat ulah poho béjakeun kuring sonoooo... pisan ka si Apih jeung si Amih...Kitunya... Hampura kituh kuring teu bisa jadi budak anu diharepkeun ku maranéhanana...” Ratna “Sandra.. ieu Amih...Bageur...Hampura Amih nu geus tamélar jolédar ka hidep!”</p>	<p>Pesen pamungkas ti Sandra pikeun kolotna, dina cutatan di luhur pasualan ditepikeun ku Sandra anu keur sakarat. Sandra mihapé béja ka Euis pikeun ngabéjakeun ka indung bapana, yén manéhna rék indit miheulaan jeung béjakeun kasusah sarta kasono anu dirasakeun ku Sandra salila ieu anu geus lila teu dipaliré ku indung jeung bapana. Tuluy anu pamungkas Sandra ménta hampura sabab geus jadi budak anu teu bisa diharepkeun</p>
		(013) NDTT/ SN/A-9 /27	<p>Jaya “Sandra.....!!! Hampura Apih bageur ...Apih teu nyangka hidep sangsara ka rugrugan ku harta, Apih geus salah ngamaknaan kasenangan nu jadi anak.. Apih salahhhh....!!! Sandra anakingggg...Hudang</p>	<p>Kolot Sandra ngarasa kaduhung, dina cutatan di luhur aya pasualan anu dirasakeun ku indung jeung bapa Sandra, dialog di luhur nyaritakeun yén Jaya salaku bapa Sandra ngarasa</p>

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			<p>bageurrr.. Hudang...Hudang!!!! Sandraaa... Apih jangji, Apih bakal méré waktu anu cukup pikeun hidep... Hudang bageurrr... Sandra... Hudanggg....!!! Duh Gustiiiiiii.... Naha bet kieu jadinanaa.... Naha Anjeun ngageuing kuring ku cara kieuu... Ampuunnnnnn Gustiiiiiii.....!!!”</p>	<p>kaduhung geus tamélar ka Sandra, dina dialogna manéhna jangji yén bakal méré waktu anu cukup pikeun Sandra tapi éta téh geus euweuh gunana, sabab Sandra geus nepungan pati tiheula.</p>
2.	Fakta carita	Galur	<p>(014) NDTT/ SN/A-1 /1</p> <p><i>SETTING PANGGUNG DIBAGI KANA TILU BAGIAN, TENGAH RADA KA KATUHU NGAGAMBARKEUN TEPAS IMAH GEDONG, AYA TIHANG BETON BULEUD. BEULAH KATUHU AYA TANGKAL CARINGIN GEDE ANU NGARANGKADAK. JIGANA UMURNA GEUS PULUHAN TAUN MALAH BISA JADI GEUS MÉH NGARATUS TAUN, HANDAPEUN ÉTA TANGKAL CARINGIN AYA KORSI TAMAN ANU RADA PANJANG, PANJANGNA BISA DIPAKÉ DIUK KU TILUAN. BEULAH KENCA AYA IMAH BILIK BASAJAN PISAN, HAREUPEUN ÉTA IMAH BILIK AYA SAPÉDAH KOLOT NU GEUS BUTUT, TAPI MASIH KÉNÉH BISA DIPAKÉ KEUR BONCÉNGAN.</i></p> <p><i>WANCI PEUTING KIRA-KIRA JAM SATENGAH DALAPAN, SANDRA LEUMPANG DADALIGDEUGAN KA IMAHNA, MAKÉ BAJU SAKOLA SMA, SIRAHNA DIHARUDUNG KU JÉKÉT, CULANG-CILEUNG NEMPOAN KA SABUDEUREUN IMAHNA JIGA ANU SIEUN PAPANGGIH JEUNG BATUR.</i></p> <p><i>BARANG NEPI KA HAREUPEN PANTO IMAHNA, SANDRA EUREN TULUY NGODOK KANTONGNA NÉANGAN KONCI IMAH.</i></p>	<p><i>Eksposisi</i> dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” leuwih nyarita kana kaayaan setting tempat anu ngajéntrékeun latar anu bakal dipintonkeun dina carita. Tuluy nyaritakeun Tokoh Sandra jeung Euis anu ngamimitian carita dina ieu drama.</p>
			<p>(015) NDTT/ SN/A-1 /5</p> <p>Sandra “ Sandra geus paéh... ! Sandra ayeuna lain Sandra baheula, Sandra anu kudu nurut kana kahayang indung jeung bapana, nu diatur kudu kieu, kudu kitu jiga robot,.. Anu kudu ngajaga sikep sangkan kolotna teu éra, tapii.. Manéhna teu boga waktu saeutik-eutik acan pikeun anakna makumaha..”</p>	<p>Komplikasi dina ieu naskah, kapanggih dina dialog anu ditepikeun ku dua tokoh, nyaéta tokoh Sandra jeung tokoh Euis. Tina obrolan dua tokoh ieu, kapanggih yén tokoh Sandra mimiti miboga masalah téh saprak bapana jadi</p>

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			<p>Euis “Indung jeung bapa anjeun jalma terhormat, dihargaan ku sasama, anjeun kudu bisa ngigelanana sangkan bisa ngajaga kahormatan maranéhna...”</p> <p>Sandra “Hahaha...Tah éta, éta pisan nu jadi alesan kuring,... (NYARITA BARI NGANGRES) ti saprak si apih jadi pajabat, manéhna sibuk ngurus pagawéan, ngurus rahayat, ari kuring anakna geus teu dipaliré, teu diurus,.. Indung kuring riweuh ngurusan seminar, memener kalakuan anak batur, tapi kuring anakna, teu dibéré waktu saeutik ogé pikeun tatanya...”</p>	<p>pajabat, jeung indungna jadi pangurus seminar, ti dinya Sandra ngarasa hirup nyorangan jeung teu dipaliré ku indung jeung bapana.</p>
		(016) NDTT/ SN/A-8 /21	<p>Sandra “Alloh teu adil...Anjeun boga kulawarga nu nyaah ka anjeun, ngabimbing, ngaping ngajaring anjeun dina sagala kaayaan, haneuteun di imah... Jig anjeun geura mulang, ka bapa anjeun.. Ulah sakali-kali nyieun bapa anjeun melang, cukup karawu kasiku ku kuring, jieun bapa anjeun bangga ka anjeun ulah jiga kuring..”</p> <p>Euis “Sandra.. Alloh maha adil, kuring yakin jaga, anjeun bakal pinanggih jeung kabagjaan nu sajati... Kuring jeung bapa kuring teu weléh ngadu’ a sangkan anjeun bisa kaluar tina pasualan ieu... Kuring jangji, isuk atawa pagéto lamun kuring panggih jeung kolot anjeun kuring bakal ngingetan yén anjeun butuh pisan maranéhna... Sing sabar nya.. Kuring rék balik..”</p> <p style="text-align: right;"><i>EUIS MALIKEUN AWAKNA RÉK BALIK, TAPI</i></p>	<p>Dina ieu naskah, bagian klimaks ditepikeun ku Sandra anu geus ngarasa capé nyanghareupan hirupna anu nyorangan, sarta ngarasa sono pisan ka indung jeung bapana, nepi ka ahirna cumarita yén Alloh téh geus teu adil ka manéhna, tapi sanajan kitu Sandra tetep bisa ngelingan Euis sangkan teu ngaleuleungit kanyaah bapana.</p>

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			<p><i>KAKARÉK SABABARAH LENGKAH SANDRA NYARITA DEUI.</i></p> <p>Sandra “Euis..?! Anjeun bisa nulungan kuring..? Anggep wéh ieu téh paménta anu pamungkas ti kuring salila babarengan jeung anjeun...”</p> <p>Sandra “Amihh... Sandra hoyong pisan susu jahé kening ngadamel Amih, langkung ti sataun Amih teu ngadamelkeun kanggo Sandra, ké énjing damelkeun nya Mih, kanggo Sandra... Amih...Badé angkat damel deui nya... Hapunten Sandra nya ngaganggu kasibukan Amih.. Sok bilih Amih badé angkat deui mah.. Sandra ngantuk badé bobo...”</p>	
		(017) NDTT/ SN/A-8 /22	<p>Euis “Cobian atuh ka Mang Odon, jigana apaleun dimana juragan Jaya sareng Ibu Ratna ayeuna...”</p> <p><i>SARMAD NGAHULENG SAKEUDEUNG.</i></p> <p>Sarmad “Heueuh nya si Odon.. Apa yakin si Odon apal dimana juragan Jaya sareng ibu Ratna... Heueuh bener.. Leuwih hadé ayeuna nepungan si Odon... Euis, Apa rék nepungan si Odon, hidep mah tungguan wéh di dieu nya..”.</p> <p><i>SARMAD GURA-GIRU INDIT RÉK NÉANG MANG ODON. EUIS DIUK NYARANDÉ KANA SUKU KORSI, LEUNGEUNA TEU LEUPAS TINA AWAK SANDRA, KAAYAAN JADI SIMPÉ.</i></p>	Resolusi anu kapanggih ditepikeun ku tokoh Euis. Masalah anu aya dina klimaks dibéréskeun ku solusi anu ditepikeun ku Euis, ku cara nitah Sarmad sangkan nepungan Odon pikeun ngabéjaan indung jeung bapa Sandra ngeunaan kaayaan anu keur karandapan ku Sandra.
		(018) NDTT/ SN/A-9 /27	<p><i>RÉNGSÉ EUIS NEMBANGKEUN PUPUH JURUDEMUNG, EUIS NGARÉRÉT NELEK-NELEK SANDRA, KATINGALI SANDRA PEREUM BARI IMUT, TULUY EUIS NGARAGAP KANA</i></p>	Konklusi anu kapanggih aya dina ahir carita ieu naskah drama. Ahirna Sandra geus nepi ka tungtungna tunggara. Sandra

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			<p><i>BEUHEUNG JEUNG PIGEULANGAN LEUNGEUN SANDRA, NGARENJAG, TULUY NGAHULENG SAKEUDENG NGARASAKEUN SANDRA GEUS TEUAYA DIKIEUNA.</i></p> <p>Euis “Inalilahi Wainailahi Rojiunnnn.... “</p> <p><i>JAYA JEUNG RATNA NGAJERIT NGARONTOK ANAKNA, ODON JEUNG SARMAAD NGUSAP DADA BARI, SILIH RÉRÉT NAHAN SEDIHNA.</i></p> <p><i>JAYA JEUNG RATNA NYEGRUK CEURIK BARI ANDIPREK NGEUKEUPAN LAYON ANAKNA, TULUY RATNA NGUSAPAN BUUK SANDRA. KAAYAAN JADI SIMPÉ..</i></p>	<p>nepungan pati tiheula sabada tepung jeung indung bapana sarta dipangnembangkeun pupuh anu baheula sok ditembangkeun ku manéhna jeung indung bapana. Ari indung jeung bapana ngan bisa nyaksian anakna anu keur sakarat, dibarengan ku rasa kaduhung anu kabina-bina lantaran geus teu maliré ka anakna</p>
			Tokoh Séntral	
		(019) NDTT/ SN/A-1 /5	<p>Euis “Indung jeung bapa anjeun jalma terhormat, dihargaan ku sasama, anjeun kudu bisa ngigelanana sangkan bisa ngajaga kahormatan maranéhna..”</p> <p>Euis “Tapi, cara anjeun salah, lain kieu cara anjeun nyinghareupanana....!”</p> <p>Euis “Kuring nyaah ka anjeun San, kuring embung anjeun kagebrus kana kahirupan jiga kitu...”</p>	<p>Tokoh (Euis salaku tokoh séntral), tina dialog di luhur katitén yén Euis téh jalma bageur. Salian ti bageur, Euis ogé paduli kasasama, daék ngelingan ka babaturan sarta miboga rasa kanyaah anu jembar. Euis dina carita ogé jadi tokoh konci maturan tokoh Sandra pikeun ngajalankeun alur carita. Jadi, Euis ogé anu bakal mantuan jeung méré solusi ka lawan tokohna nyaéta Sandra.</p>
		(020) NDTT/ SN/A-1 /5	<p>Sandra “Sandra geus paéh... ! Sandra ayeuna lain Sandra baheula, Sandra anu kudu nurut kana kahayang indung jeung bapana, nu diatur kudu kieu, kudu kitu jiga robot,.. Anu kudu ngajaga sikep sangkan kolotna teu éra, tapii...Manéhna teu boga waktu saeutik-eutik acan</p>	<p>Tokoh (Sandra salaku tokoh séntral), tina dialog di luhur katitén yén Sandra jalma anu antagonis, sabab sikepna anu ditilik kurang hadé dina ieu carita, manéhna jalma anu gurat batu, hésé diomongan,</p>

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			<p>pikeun anakna makumaha...”</p> <p>Sandra “ Naha anjeun bet cicing..? Ti mimiti ayeuna anjeun teu kudu pipilueun ngurus urusan kuring...Kuring bisa nyanghareupan hirup kuring sorangan...”</p>	<p>sarta kumaha karepna sorangan. Éta hal téh, disababkeun ku kanyerina teu dipaliré ku indung jeung bapana. Sandra jadi jalma anu berontak, ngahaja maké narkoba pikeun ngubarana kakeueung hirupna.</p>
Tokoh Panengah				
		(021) NDTT/ SN/A-4 /9	<p>O.S Ratna “Tah.. Surat panggilan ti sakola, poé ieu Apih kudu nepungan wali kelasna si Sandra jam 9 di sakola... Ulah telat cenah...”</p> <p>O.S Ratna “Ihhhh... Ari Apih.. kapanan Amih ogé sarua, poé ieu téh aya dua acara, jam 10 kudu geus aya di Bandung seminar kenakalan rumaja, jam 7 peutingna kudu geus aya di Surabaya seminar prilaku menyimpang kaum rumaja.. Teu aya waktu Pih....!!!”</p>	<p>Tokoh (Ratna salaku tokoh Panengah), tina dialog di luhur katitén yén tokoh Ratna téh kaasup kana tokoh penengah anu teu ngadukung ka tokoh séntral, eusi dina dialog nuduhkeun yén tokoh Ratna téh mentingkeun teuing pagawéanna anu ahirna manéhna teu mentingkeun kana kapentingan anakna. Tokoh Ratna ogé egois hayang meunang sorangan.</p>
		(022) NDTT/ SN/A-4 /9-10	<p>O.S Jaya “Urusan budak mah urusan Amih...!! Pilakadar ngurusan budak hiji ogé mani teu metu...!!”</p> <p>Jaya “ Ratna...!!!?? Dasar ...Bedegong téh béak karep...!!”</p> <p>Jaya “Héh... Bejakeun, Apih Jeung Amih Sibuk, can aya waktu nepungan ka sakola.....!!!”</p>	<p>Tokoh (Jaya salaku tokoh Panengah), tina dialog di luhur katitén yén tokoh Jaya gé kaasup kana tokoh penengah anu teu ngadukung ka tokoh séntral, eusi dina dialog nuduhkeun yén tokoh Jaya gé mentingkeun teuing kana pagawéanna anu ahirna manéhna teu paduli kana kabutuhan anakna. Tokoh Jaya ogé egois hayang meunang sorangan,</p>

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
				sarta saruana jeung pamajikanna.
		Tokoh Pembantu		
		(023) NDTT/ SN/A-7 /15-16	<p>Sarmad “Yéh.. Ari silaing kapanan kamari téh kakarék ditambah, naha ayeuna bet kempés deui...?!!”</p> <p>Sarmad “(Hut-heat metakeun jurus-jurus silat) Bujur buneng... !!!”</p> <p>Sarmad “ Nyaho.. Déwék ogé.. Ban kempés mah kudu di tambal....!!”</p>	Tokoh (Sarmad salaku tokoh Pembantu), tina dialog di luhur katitén yén tokoh Sarmad téh kaasup kana tokoh pembantu anu jadi panglengkep dina ieu carita, sangkan caritana teu ngabosenkeun. Katitén dina eusi dialogna anu nyaritakeun Sarmad anu keur ngomongkeun ban sapedahna anu kempés, nepi ka manéhna ngaluarkeun jurus-jurus sangkan anu nongton bisa seuri nempo paripolahna.
		(024) NDTT/ SN/A-7 /17	<p>Odon “(RADA TARIK SORANA) Heueuh mantak naon atuh nelpon ké, sms ké..!! Kapanan jaman téh geus canggih atuh...”</p> <p>Odon “Héhéhéhé... Hampura lur...Sory.. Soryyy... Okéh.. héhéhé dikantn heula juragan Sarmad... héhéhé...”</p>	Tokoh (Odon salaku tokoh Pembantu), pon kitu ogé tokoh Odon, dina dialog di luhur katitén yén tokoh Odon téh kaasup ogé kana tokoh pembantu dia ieu carita. Eusi dialogna nyaritakeun ngeunaan Odon anu keur ngobrol jeung Sarmad sarta ngabahas Sandra, tapi Odon ngomongna kamana waé, anu ahirna Sarmad émosi.
	Latar Tempat	Imah Gedong		
		(025) NDTT/ SN/A-1 /3	<i>SANDRA LEUMPANG DADALIGDEUGAN KA IMAHNA</i>	Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana imah gedong

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
		(02) NDTT/ SN/A-2/6	<i>BRAY PANTO IMAH MUKA, ODON NGASUPKEUN BABAWAANNA KA JERO IMAH.</i>	Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana imah gedong
		(027) NDTT/ SN/A-3/7	<i>TEU LILA EUIS KALUAR TI IMAH SANDRA</i>	Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana imah gedong
		(028) NDTT/ SN/A-4/9	<i>KADÉNGÉ SORA INDUNG JEUNG BAPA SANDRA TI JERO IMAH GEDONG.</i>	Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana imah gedong
Korsi Taman Handapeun Caringin Gedé				
		(029) NDTT/ SN/A-3/7	<i>SANDRA LEUMPANG LALAUNAN GÉK DIUK DINA KORSI TAMAN HANDAPEUN CARINGIN</i>	Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar korsi taman anu aya di handapeun tangkal caringin gedé.
		(030) NDTT/ SN/A-4/8	<i>SANDRA GÉK DIUK DINA KORSI TAMAN HANDAPEUN CARINGIN.</i>	Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar korsi taman anu aya di handapeun tangkal caringin gedé.
		(031) NDTT/ SN/A-5/11	<i>SANDRA NGAGOLÉR DINA KORSI TAMAN</i>	Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar korsi taman anu aya di handapeun tangkal caringin gedé.
		(032) NDTT/ SN/A-6/14	<i>KATINGALI SANDRA NGAGOLÉR, SARÉ DINA KORSI TAMAN.</i>	Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar korsi taman anu aya di handapeun tangkal caringin gedé.
		(033) NDTT/ SN/A-7/15	<i>SANDRA MASIH KÉNÉH TIBRA SARÉ DINA KORSI TAMAN HANDAPEUN TANGKAL CARINGIN.</i>	Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar korsi taman anu aya di handapeun tangkal caringin gedé.
		(034) NDTT/ SN/A-8/20	<i>SANDRA MASIH KÉNÉH NGAJENTUL NANGKEUP TUUR DINA KORSI TAMAN.</i>	Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar korsi taman anu aya di handapeun tangkal caringin gedé.
		(035) NDTT/ SN/A-9/24	<i>SANDRA MALIKEUN AWAKNA TULUY LEUMPANG NGADEUKEUTAN EUIS, GÉK DIUK DEUI DINA KORSI.</i>	Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar korsi taman anu aya di handapeun tangkal caringin gedé.

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
		Imah Bilik Basajan		
		(036) NDTT/ SN/A-1/3	<i>EUIS KALUAR TI JERO IMAHNA MURU KA LEBAH SANDRA.</i>	Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar imah bilik anu basajan.
		(037) NDTT/ SN/A-1/5	<i>EUIS BALIK KA IMAHNA.</i>	Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar imah bilik anu basajan.
		(038) NDTT/ SN/A-2/6	<i>EUIS JEUNG SARMAD KALUAR TI IMAHNA.</i>	Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar imah bilik anu basajan.
		(039) NDTT/ SN/A-4/8	<i>SARMAD (KALUAR TI IMAHNA NYAMPEURKEUN SAPÉDAH NU NYARANDÉ HAREUPEUN IMAHNA).</i>	Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar imah bilik anu basajan.
		(040) NDTT/ SN/A-5/11	<i>EUIS SASAPU DI BURUAN IMAHNA</i>	Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar imah bilik anu basajan.
		(041) NDTT/ SN/A-6/14	<i>KULUTRAK LAWANG PANTO IMAH SARMAD MUKA, TULUY KALUAR SARMAD BARI DIHARUDUNG SARUNG.</i>	Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar imah bilik anu basajan.
		(042) NDTT/ SN/A-7/15	<i>MINDAHKEUN SAPÉDAHNA KA BURUAN IMAHNA</i>	Latar tempat anu aya dina cutatan kaasup kana latar imah bilik anu basajan.
	Latar Waktu	Peuting		
		(043) NDTT/ SN/A-1/3	<i>WANCI PEUTING KIRA- KIRA JAM SATENGAH DALAPAN.</i>	Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu peuting.
		(044) NDTT/ SN/A-1/3	Euis “ Sandra kunaon anjeun remen pisan balik peuting ayeuna mah	Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu peuting.
		(045) NDTT/ SN/A-6/14	<i>WANCI PEUTING KIRA- KIRA JAM SAPULUH.</i>	Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu peuting.
		(046) NDTT/ SN/A-6/14	Sarmad “Tos tabuh 10 wengi Néng...”	Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu peuting.
		(047) NDTT/ SN/A-7/18	Odon “Tadi wengi wangsul Néng...”	Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu peuting.

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
		(048) NDTT/ SN/A-8/20	WANCI BA'DA ISA, SANDRA MASIH KÉNÉH NGAJENTUL NANGKEUP TUUR.	Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu peuting.
Isuk-isuk				
		(049) NDTT/ SN/A-2/6	WANCI ISUK-ISUK SANDRA KALUAR TI IMAHNA.	Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu isuk-isuk.
		(050) NDTT/ SN/A-4/8	SAMINGGU GEUS KALIWAT, ISUK-ISUK SANDRA KALUAR TI IMAHNA MAKÉ BAJU SAKOLA.	Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu isuk-isuk.
		(051) NDTT/ SN/A-7/15	WANCI ISUK-ISUK, SANDRA MASIH KÉNÉH SARÉ	Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu isuk-isuk.
Sareupna				
		(052) NDTT/ SN/A-3/7	WANCI SAREUPNA, RATNA DATANG BARI ANGKARIBUNG KU BABAWAAN.	Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu sareupna.
		(053) NDTT/ SN/A-5/13	Sarmad "Euis ..! Wanci sareupna masih kénéh ngarobrol di luar.. Pamali ieu..."	Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu sareupna.
		(054) NDTT/ SN/A-5/13	Euis "...Tapi leuwih hadé mah anjeun ogé geura balik, geus wanci sareupna, bisi kumaonam ké..."	Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu sareupna.
Beurang Maju Soré				
		(055) NDTT/ SN/A-5/11	WANCI BEURANG MAJU KA SORÉ, SANDRA NGAGOLÉR DINA KORSI TAMAN.	Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu beurang maju ka sore.
Beurang				
		(056) NDTT/ SN/A-7/17	Odon "Néng Sandra... Parantos siang Néng...Isin seueur jalmi lalar liwat, bilih badé kulem deui mah lajengkeun baé di lebet kamar Néng..!!"	Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu beurang.
Subuh				
		(057) NDTT/ SN/A-7/17	Odon "...Nanging tadi subuh angkat deui..."	Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu subuh.
		(058) NDTT/ SN/A-7/18	Odon	Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			"...Nanging Subuh kénéh tos angkat deui...Badé ka Jakarta saurna mah.."	kana latar waktu subuh.
		(059) NDTT/ SN/A-9/23	<i>WANCI SUBUH, EUIS NGUNIANG HUDANG.</i>	Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu subuh.
		Kamari		
		(060) NDTT/ SN/A-7/17	Odon "...Numawi Néng...Kamari wangsulna téh	Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu kamari.
		Unggal Minggu		
		(061) NDTT/ SN/A-4/9	O.S Ratna "Teu nyaho teuing...Asa mani unggal minggu surat panggilan téh..."	Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu unggal minggu.
		Poé Ieu		
		(062) NDTT/ SN/A-4/9	O.S Ratna "Tah... Surat panggilan ti sakola, poé ieu Apih kudu nepungan wali kelasna si Sandra jam 9..!!"	Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu poé ieu.
		(063) NDTT/ SN/A-4/9	O.S Jaya "Apih teu bisa ..Poé ieu Apih sibuk pisan di kantor, kudu nepungan sémah ti Jepang."	Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu poé ieu.
		(064) NDTT/ SN/A-4/9	O.S Ratna "Ihh...Ari Apih, kapanan Amih ogé sarua, poé ieu téh aya dua acara."	Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu poé ieu.
		Saminggu Geus Kaliwat		
		(065) NDTT/ SN/A-4/8	<i>SAMINGGU GEUS KALIWAT, ISUK-ISUK SANDRA KALUAR TI IMAHNA.</i>	Latar waktu anu aya dina cutatan kaasup kana latar waktu saminggu geus kaliwat.
	Latar Sosial	Jalma Beunghar Harta		
		(066) NDTT/ SN/A-1/5	Euis "Indung jeung bapa anjeun jalma terhormat, dihargaan ku sasama, anjeun kudu bisa ngigelanana sangkan bisa ngajaga kahormatan maranéhna..." Sandra "Hahahaha...Tah éta, éta pisan nu jadi alesan kuring,... (<i>NYARITA BARI NGANGRES</i>) ti saprak si Apih jadi pejabat, manéhna sibuk ngurus pagawéan,	Dina ieu dialog, kapanggih yén latar sosial kulawarga Sandra téh nyaéta jalma beunghar, jalma terhormat, tur dihargaan ku batur. Status sosialna beuki ningkat sabada Bapa Sandra jadi pejabat. Éta nandakeun yén Sandra téh latar sosialna kelas luhur. Tapi sanajan kitu

No.	Struktur		Kode Data	Cutatan	Analisis
				ngurus rahayat, ari kuring anakna geus teu dipaliré, teu diurus,.. Indung kuring riweuh ngurusan seminar, memener kalakuan anak batur, tapi kuring anakna, teu dibéré waktu saeutik ogé pikeun tatanya..”	dina ieu carita, jalma kelas luhur justru anu ngarasa teu bagja atawa anu ngarasa tunggara.
			(067) NDTT/ SN/A-5/12	<p style="text-align: center;">Jalma Miskin</p> <p>Euis “Anjeun hirup beunghar, loba harta tara kakurangan.. Bapa kuring mah ngan saukur tukang parkir.. Hirup susah sagala kakurangan..”</p> <p>Sandra “Tapi kuring tara dianteur ku Bapa kuring ka sakola.. Kuring tara dahar bareng jeung si Amih.. Kuring tara ngaboncéng sapédah bari suka bungah jeung si Apih jiga anjeun...!!!!”</p>	Dina ieu dialog, kapanggih yén latar sosial kulawarga Euis téh nyaéta jalma biasa-biasa, jalma miskin ku harta, pagawéan ngan ukur tukang parkir sarta sagala kakurangan. Tapi najan kitu Euis ngarasa bagja ku kaayaanna. Ieu hal nandakeun yén kulawarga Euis téh kaasup kana latar sosial kelas handap.
3.	Sarana carita	Judul	- NDTT/ SN/A- /1	Naskah Drama “Tungtungna Tunggara”	Dina ieu hasil panalungtikan, judul karya anu ditalungtik téh nyaéta naskah drama “Tungtungna Tunggara”. Konflik anu aya dina ieu naskah téh museur kana tokoh Sandra anu keur ngarasa tunggara sabab kurang ku kanyaah jeung teu dipaliré ku indung jeung bapana. Sanajan manéhna anak pejabat, loba hartana, tapi manéhna teu meunang kabagjaan dina hirupna, anu antukna manéhna ngarasa sorangan dina nyorang kahirupan. Tuluy salah dina nyokot pergaulan sabab teu

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
				diarahkeun ku kolotna anu ngabalukarkeun manéhna kudu katurug katutuh. Sandra ngalaman hal anu peurih dina hirupna, anu ahirna kudu ngarasa tungtungna tunggara. Sabab mangrupa pasualan anu kuat dina ieu naskah, ngajadikeun judul caritana jadi “Tungtungna Tunggara”.
	Puseur Implengan	-	Puseur implengan dina ieu naskah drama “Tungtungna Tunggara” nyaéta jalma katilu teu kawatesanan.	Sabab pangarang nyoko ka sakabéh karakter sarta mosisikeun salaku jalma katilu, tuluy pangarang nyiptakeun sababaraha karakter pikeun nempo, ngadéngé, atawa mikir dina jalanna carita. Salian ti éta, dina jero ieu naskah drama ampir kabéh palaku disebutkeun ngaranna nyaéta Sandra, Euis, Ratna, Jaya, Sarmad, jeung Odon, sarta euweuh anu nyebutkeun “abdi” salaku panulis nu langsung nyarita. Dina ieu naskah ogé sakabéh tokoh téh aktif dina ngahirupkeun caritana, utamana tokoh séntralna nyaéta Sandra jeung Euis
	Gaya Basa	Kadalon (Pleonasme)		
		(068) NDTT/ SN/ A-1 /5	Euis “ Indung jeung bapa anjeun jalma terhormat, dihargaan ku sasama, anjeun kudu bisa ngigelannana sangkan bisa	Gaya basa kadalon nyaéta jenis gaya basa anu nambahkeun informasi kanu naon anu geus jelas sarta

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
			ngajaga kahormatan maranéhna...”	henteu ngabutuhkeun keterangan deui. Dina cutatan dialog di luhur ngajéntrékeun yén Sandra téh kudu mampu nuturkeun kahirupan indung jeung bapana, pikeun ngajaga kahormatanna sabab kolot Sandra téh jalma anu dipihormat di lingkungan masarakat.
		(069) NDTT/ SN/ A-1 /5	Sandra “...Ku jalan ieu kuring bisa ngubaran haté, nyingraykeun ka keueung hirup nyorangan...”	Gaya basa kadalon nyaéta jenis gaya basa anu nambahkeun informasi kanu naon anu geus jelas sarta henteu ngabutuhkeun keterangan deui. Dina cutatan dialog di luhur tokoh Sandra téh ngajéntrékeun ngeunaan haténa anu keur peurih, sarta ubar anu bisa ngubaran haténa téh nyaéta jalan anu keur disorang ku manéhna.
			Rarahulan (Hiperbola)	
		(070) NDTT/ SN/ A-4 /9	Jaya “Ratna...!?? Dasar ...Bedegong téh béak karep	Gaya basa rarahulan nyaéta jenis gaya basa anu dileuleuwih, gaya basa anu ngajadikeun hal anu leutik jadi gedé. Dina ieu dialog Jaya nyebutkeun yén Ratna bedengongna béak karep anu hartina ratna téh bedegong kacida, padahal mah kasalahan Ratna téh ngan henteu bisa

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
				nepungan ka sakola, jadi aya unsur anu dileuleuwih.
		(071) NDTT/ SN/ A-5 /14	Sandra “...Imah gedong sigrong nu dieusian ku jalma beunghar, bru di juru, bro di panto ngalayah di tengah imah, lubak-ibuk teu kalebok..!!”	Gaya basa rarahulan nyaéta jenis gaya basa anu dileuleuwih, gaya basa anu ngajadikeun hal anu leutik jadi gedé. Dina ieu dialog Sandra nyaritakeun pakaya di imahna anu kawilang loba teuing, sarta ahirna jadi mubah jeung mubadzir.
		(072) NDTT/ SN/ A-8 /21	Sandra “...Cukup karawu kasiku ku kuring...”	Gaya basa rarahulan nyaéta jenis gaya basa anu dileuleuwih, gaya basa anu ngajadikeun hal anu leutik jadi gedé. Dina dialog ngajéntrékeun yén cukup Sandra wungkul anu ngalaman kapeurih hirup téh, tapi basana dileuleuwihkeun.
		Ragaman (Sinekdoke)		
		(073) NDTT/ SN/ A-4 /12	Sandra “...Hayang dielus rambut ku ramo-ramo nu jadi indung...Hayang dibélaan ku ramo-ramo keker nu jadi bapa..!!”	Gaya basa ragamun nyaéta jenis gaya basa pertautan anu nyebutkeun bagian leutik, tapi ngawengku sakabéh hal. Saperti conto dialog di luhur, anu disebutkeun ngan saukur ramo-ramo, tapi anu dimaksudna mah sakabéh wujud Indung jeung Bapa Sandra. Dina ieu dialog nyaritakeun Sandra anu hayang ditangtayungan ku indung jeung bapana.

No.	Struktur	Kode Data	Cutatan	Analisis
	Ironi	(074) NDTT/ SN/A-4 /9	Sarmad “ Aéh heueuh...Hé..Hé..Hé hampuranya...Keunlah engké mun poé ieu meunang rejeki gedé urang beulikeun kabéh kana sapatu, sugan meunang tujuh rampasan mah..Hé..Hé..Hé...”	Dialog di luhur téh kaasup kana ironi, sabab dina eusi dialogna tokoh Sarmad téh nyungkun kana kaayaan harita, yén manéhna rék meuli sapatu tujuh rampasan saupama poé éta meunang rejeki gedé. Padahal ari dina enas-enasna mah tangtuna meuli sapatuna ngan saukur hiji..

Analisis Psikologi Sastra Humanistik Naskah Drama

1) Tokoh Sandra

No.	Cutatan	Kode Data	Aspek Psikologi					Analisis
			PF	PRA	PKK	PKP	PAD	
1.	<p>Euis “Tos daang acan..?” <i>SANDRA GIDEUG, EUIS NGARENGHAP.</i> Euis “Sandra.. Kuring ngarti naon anu karandapan ku anjeun ayeuna kacida beuratna, tapi... Ulah nyiksa kana awak.. Daang heula nya.. Kabeneran tadi kuring meuli goréngan di jalan, ké dagoan sakeudeung nya..”</p>	(001) NDTT/ PS/A-5 /11						Dina dialog di luhur kacaritakeun yén Euis anu keur nawaran dahar ka Sandra. Didieu Sandra nyiksa dirina ku cara teu ngalakukeun nanaon, salasihijina ngantep kana rasa lapar. Dahar didieu tangtuna kaasup kana kabutuhan fisiologis atawa kabutuhan poko manusa. Cindekna kabutuhan fisiologis Sandra téh teu kacumponan.
2.	<p>Sandra “Kuring teu hayang sarapan ..”</p>	(002) NDTT/ PS/A-7 /19						Dina dialog di luhur kacaritakeun yén Sandra nyiksa dirina ku cara teu ngalakukeun nanaon, salasihijina ngantep kana rasa lapar. Dina ieu hal, kabutuhan Sandra salaku jalma anu kudu ngeusi tanagana ku cara dahar teu kacumponan.. Dahar didieu tangtuna kaasup kana kabutuhan fisiologis atawa kabutuhan poko manusa. Cindekna kabutuhan fisiologis Sandra téh teu kacumponan.
3.	<p>Sandra “(Sandra nangtung bari jejebris nyaritana) ...Kuring teu boga batur pakumaha,.. Teu aya batur ngobrol lamun</p>	(010) NDTT/ PS/A-5 /12						Dina dialog di luhur kacaritakeun yén Sandra ngarasa hirup sorangan, manéhna ngarasa euweuh pikeun panyalindungan hirupna, geus euweuh ramo-ramo indung

No.	Cutatan	Kode Data	Aspek Psikologi					Analisis
			PF	PRA	PKK	PKP	PAD	
	kuring sedih, teu aya batur seuri lamun kuring senang, maranéhna teu aya lamun kuring hayang ogo...Hayang dielus rambut ku ramo-ramo nu jadi indung...Hayang dibélaan ku ramo-ramo keker nu jadi bapa...!!”							pikeun ngusapan, ogé euweuh ramo-ramo bapa pikeun ngajaga. Sandra ngarasa nyorangan jeung euweuh anu mélaan. Dina ieu hal katitén yén Sandra téh ngarasa teu aman dina nyorang hirupna. Di dieu geus écés yén Sandra kabutuhan kana rasa amanna teu kacumponan.
4.	Sandra “Hahahaha...Tah éta, éta pisan nu jadi alesan kuring,... (<i>NYARITA BARI NGANGRES</i>) Ti saprak si Apih jadi pajabat, manéhna sibuk ngurus pagawéan, ngurus rahayat, ari kuring anakna geus teu dipaliré, teu diurus,.. Indung kuring riweuh ngurusan seminar, memener kalakuan anak batur, tapi kuring anakna, teu dibéré waktu saeutik ogé pikeun tatanya..”	(011) NDTT/ PS/A-1 /5						Dina dialog di luhur kagambar yén Sandra téh ngarasa geus teu dipaliré ku indung jeung bapana. Dina ieu dialog gé kacaritakeun katunggara Sandra anu ngarasa hirup sorangan sarta teu dipikanyaah ku indung bapana. Sandra ngarasa geus teu dipikanyaah ku kolotna, sabab teu diurus, teu dipaliré, jeung teu dibéré waktu saeutik-eutik acan. Sandra ogé ngarasa sono pisan ka indung jeung bapana. Dina ieu hal katitén yén Sandra téh ngarasa geus teu dipikanyaah deui. Jadi cindekna pangabutuh kana kanyaah Sandra téh teu kacumponan.
5.	Sandra “Tapi kaayaan geus robah, teu jiga baheula, ayeuna maranéhna teu nyaheun ka kuring.. Teu aya nu maliré ka kuring...”	(012) NDTT/ PS/A-5 12						Dina dialog di luhur kagambar yén Sandra téh ngarasa geus teu dipaliré ku indung jeung bapana. Dina ieu dialog gé kacaritakeun katunggara Sandra anu ngarasa hirup sorangan sarta teu dipikanyaah ku indung bapana. Sandra ngarasa geus teu dipikanyaah ku kolotna, sabab teu diurus, teu

No.	Cutatan	Kode Data	Aspek Psikologi					Analisis
			PF	PRA	PKK	PKP	PAD	
								dipaliré, jeung teu dibéré waktu saeutik-eutik acan. Sandra ogé ngarasa sono pisan ka indung jeung bapana. Dina ieu hal katitén yén Sandra téh ngarasa geus teu dipikanyaah deui. Jadi cindekna pangabutuh kana kanyaah Sandra téh teu kacumponan.
6.	Sandra “Sakalian béjakeun... Harta kakayaan manéhna teu bisa ngagantian kanyaah nu jadi indung jeung bapa.. Jeung omat ulah poho béjakeun kuring sonoooo... Pisan ka si Apih jeung si mih...Kitu nya... Hampura kituh kuring teu bisa jadi budak anu diharepkeun ku maranéhanana...”	(013) NDTT/ PS/A-9 /25						Dina dialog di luhur kagambar yén Sandra téh ngarasa geus teu dipaliré ku indung jeung bapana. Dina ieu dialog gé kacaritakeun katunggara Sandra anu ngarasa hirup sorangan sarta teu dipikanyaah ku indung bapana. Sandra ngarasa geus teu dipikanyaah ku kolotna, sabab teu diurus, teu dipaliré, jeung teu dibéré waktu saeutik-eutik acan. Sandra ogé ngarasa sono pisan ka indung jeung bapana. Dina ieu hal katitén yén Sandra téh ngarasa geus teu dipikanyaah deui. Jadi cindekna pangabutuh kana kanyaah Sandra téh teu kacumponan.
7.	Sandra “Dina kaayaan kieu.... Boro-boro nulungan, waktu ogé teu nyésa pikeun kuring....!!!! Sibuk..?!! Bosen..!! naha teu aya waktu saeutik ogé pikeun ngadéngé kaayaan Sandra..?!!” “(NYARITA RADA	(017) NDTT/ PS/A-4 /10						Dina cutatan di luhur katitén yén Sandra téh ngarasa geus teu dihargaan di kulawargana. Sandra ngarasa geus teu dianggap aya, ménta waktu saeutik ogé teu dipaliré ku indung jeung bapana. Kolot Sandra jongjon teuing kana pagawéanna nepi ka anakna teu kauruskeun. Dina ieu hal geus écés yén kabutuhan Sandra

No.	Cutatan	Kode Data	Aspek Psikologi					Analisis
			PF	PRA	PKK	PKP	PAD	
	<i>DAREUDA, MELAS MELIS)</i> Sandra ngarti.. Sagala nu dipigawé ku maranéhna téh pikeun kahirupan Sandra.. Tapi...Lain ngan saukur éta nu dipihareup ku Sandra.. Lain.....!!!”							ku rasa penghargaan téh geus teu kacumponan, sabab di imahna ngarasa geus teu dianggap aya
8.	Sandra “Geus cukup Mang...!!! Tong dituluykeun, kuring geus apal...Maranéhna moal aya nu nanyakeun kuring... Da kuring mah mah dianggap euweuh, teu penting.. Urusan maranéhna leuwih penting tibatan anakna sorangan..!!”	(018) NDTT/ PS/A-7 /18						Dina cutatan di luhur katitén yén Sandra téh ngarasa geus teu dihargaan di kulawargana. Sandra ngarasa geus teu dianggap aya, ménta waktu saeutik ogé teu dipaliré ku indung jeung bapana. Kolot Sandra jongjon teuing kana pagawéanna nepi ka anakna teu kauruskeun. Dina ieu hal geus écés yén kabutuhan Sandra ku rasa penghargaan téh geus teu kacumponan, sabab di imahna ngarasa geus teu dianggap aya.

2) Tokoh Euis

No.	Cutatan	Kode Data	Aspek Psikologi					Analisis
			PF	PRA	PKK	PKP	PAD	
1.	Euis “ (Norojol ti jero imah nyampeurkeun) Har ari Apa.. Kapanan Euis mah mung gaduh hiji sapatu téh.. Éta ogé kenging ngagaleuh Apa	(003) NDTT/ PS/A-4 /8						Dina dialog di luhur kacaritakeun yén Euis ngarasa teu kacumponan kabutuhan sakolana saperti sapatu. Dina ieu hal, kabutuhan sakola Euis téh teu kacumponan, sarta ieu kabutuhan téh kaasup kana kabutuhan

No.	Cutatan	Kode Data	Aspek Psikologi					Analisis
			PF	PRA	PKK	PKP	PAD	
	dua taun ka pengker..”							fisiologis atawa kabutuhan poko. Cindekna kabutuhan fisiologis Euis téh teu kacumponan.
2.	Euis “(Nempas) Anjeun hirup beunghar, loba harta tara kakurangan.. Bapa kuring mah ngan saukur tukang parkir..Hirup susah sagala kakurangan.”	(004) NDTT/ PS/A-5 /12						Dina dialog di luhur kacaritakeun yén Euis ngarasa hirupna salaga kakurangan. Dina ieu hal, kabutuhan sapopoé Euis téh teu kacumponan, sarta ieu kabutuhan téh kaasup kana kabutuhan fisiologis atawa kabutuhan poko. Cindekna kabutuhan fisiologis Euis téh teu kacumponan.
3.	Euis “(Ngagerentes) Kuring nyaah ka anjeun San, kuring embung anjeun kagebrus kana kahirupan jiga kitu...”	(014) NDTT/ PS/A-1 /5						Dina dialog di luhur kacaritakeun yén Euis ngarasa nyaah ka Sandra salaku babaturan, tapi Sandra teu ngabales kana kanyaah ti Euis. Dina ieu hal katitén yén Euis teu kacumponan pangabutuh kanyaahna, sabab euweuh timbal balik ti Sandra.

3) Tokoh Ratna

No.	Cutatan	Kode Data	Aspek Psikologi					Analisis
			PF	PRA	PKK	PKP	PAD	
1.	Ratna “ Ihhhh... Ari Apih...Kapanan Amih ogé sarua, poé ieu téh aya dua acara, jam 10 kudu geus aya di Bandung seminar kenakalan rumaja, jam 7 peutingna kudu geus aya di	(008) NDTT/ PS/A-5 /9						Dina ieu dialog, kacaritakeun yén Ratna ogé teu boga pisan waktu pikeun manéhna atawa kulawargana. Ratna sibuk nguruskeun pagawéanna anu sok aya di luar kota pikeun ngeusi seminar. Dina ieu hal katitén yén Ratna téh teu kacumponan kabutuhan

Sri Intan Mulyani, 2023

NASKAH DRAMA “TUNGTUNGNA TUNGGARA” KARYA AYI G. SASMITA (Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No.	Cutatan	Kode Data	Aspek Psikologi					Analisis
			PF	PRA	PKK	PKP	PAD	
	Surabaya seminar perilaku menyimpang kaum rumaja.. Teu aya waktu Pih.....!!!”							pribadina, nyaéta waktu pikeun istirahat jeung kulawarga. Ieu kabutuhan téh kaasup kana kabutuhan fisiologis atawa kabutuhan dasar manusa, jadi cindekna di dieu Ratna kabutuhan fisiologisna teu kacumponan.
2.	Ratna “(Ngaragap taktak sandra) Sandra.. Ieu Amih... Bageur... Hampura Amih nu geus tamélar jolédar ka hidep...!!”	(016) NDTT/ PS/A-9 /25						Dina dialog di luhur kacaritakeun yén Ratna ningalikeun kanyaahna ka Sandra, tapi disagédéngéun éta Ratna gé ngarasa kaduhung geus tamélar ka Sandra. Di dieu Sandra teu maliré kana éta kanyaahna sabab geus ngarasa kuciwa saacanna. Dina ieu hal katitén yén Ratna teu kacumponan pangabutuh kanyaahna, sabab euweuh timbal balik ti Sandra.
3.	Ratna “Asa ku hayang meunang sorangan geuning Apih mah.. Pokona Amih teu bisa.....!!”	(019) NDTT/ PS/A-4 /9						Dina cutatan di luhur katitén yén Ratna téh ngarasa teu dihargaan ku salakina sabab salakina hayang meunang sorangan, teu ngaragap kana kaayaan Ratna anu papada sibuk. Saupama nilik kana dialog di luhur, ngeunaan pasualan anu karandapan ku Ratna, geus écés yén Ratna téh kabutuhan ku penghargaanna teu kacumponan.
4.	Ratna “(Reuwas, nyaritana dareuda) Sandra anaking...Naha hidep teu	(020) NDTT/ PS/A-9 /24						Dina cutatan di luhur katitén yén Ratna téh ngarasa katitén Ratna téh geus teu dianggap ogé ku Sandra. Saupama nilik kana dialog di luhur, ngeunaan pasualan anu

No.	Cutatan	Kode Data	Aspek Psikologi					Analisis
			PF	PRA	PKK	PKP	PAD	
	bébéja ti baheula ka Amih bageur...!!”							karandapan ku Ratna, geus écés yén Ratna téh kabutuhan ku penghargaananna teu kacumponan.

4) Tokoh Jaya

No.	Cutatan	Kode Data	Aspek Psikologi					Analisis
			PF	PRA	PKK	PKP	PAD	
1.	Jaya “Apih teu bisa... Poé ieu Apih sibuk pisan di kantor, kudu nepungan sémah ti Jepang.”	(007) NDTT/ PS/A-5 /9						Dina ieu dialog, kacaritakeun yén Jaya téh teu boga pisan waktu pikeun manéhna atawa kulawargana. Jaya sibuk nguruskeun pagawéanna. Dina ieu hal katitén yén Jaya téh teu kacumponan kabutuhan pribadina, nyaéta waktu pikeun istirahat jeung kulawarga. Ieu kabutuhan téh kaasup kana kabutuhan fisiologis atawa kabutuhan dasar manusa, jadi cindekna didieu Jaya kabutuhan fisiologisna teu kacumponan.
2.	Jaya “ Sandra anaking ...Bageuuurr hampura Apih Sandra.. Apih rumasa tamélar jolédar ka hidep..”	(015) NDTT/ PS/A-9 /27						Dina dialog di luhur kacaritakeun yén Jaya ningalikeun kanyaahna ka Sandra, tapi disagédéngéun éta Jaya gé ngarasa kaduhung geus tamélar ka Sandra, sarta ménta hampura. Di dieu Sandra teu maliré kana éta kanyaah sabab geus ngarasa kuciwa saacanna. Dina ieu hal katitén yén Jaya teu kacumponan pangabutuh kanyaahna, sabab geus teu dipaliré ku Sandra.

No.	Cutatan	Kode Data	Aspek Psikologi					Analisis
			PF	PRA	PKK	PKP	PAD	
3.	<p>Jaya “Sandra... Ieu Apih bageur Apih...!!”</p> <p>Sandra “Apih..? Apih saha..? Rarasaan kuring mah teu pernah wawuh ka aranjeun...!!”</p> <p><i>RATNA NYEGRUK CEURIK NYUUH DINA TAKTAK SALAKINA, JAYA NEGER- NEGERKEUN MANÉH.</i></p> <p>Euis “ Sandra.... Teu pantes anjeun nyarita kitu ka kolot anjeun.....!!!”</p>	(021) NDTT/ PS/A-9 /25						Dina cutatan di luhur, nyaritakeun Jaya anu geus teu dipikawanoh ku anakna Sandra, Sandra ngarasa teu wawuh ka bapana sorangan. Di dieu katitén yén Jaya salaku bapa téh geus teu dihargaan ku Sandra sabab geus teu dianggap aya. Ku kituna, kabutuhan ku penghargaan tokoh Jaya téh teu kacumponan.

5) Tokoh Sarmad

No.	Cutatan	Kode Data	Aspek Psikologi					Analisis
			PF	PRA	PKK	PKP	PAD	
1.	<p>Sarmad “Yéh.. Ari silaing kapanan kamari téh kakarék ditambal, naha ayeuna bet kempés deui...?!!”</p>	(005) NDTT/ PS/A-7 /15						Dina dialog di luhur kacaritakeun yén Sarmad anu keur kukulutus sabab ban sapédahna kempés waé. Dina ieu hal, katitén yén Sarmad téh kabutuhanna pikeun digawé teu kacumponan. Ieu kabutuhan téh kaasup kana kabutuhan fisiologis, jadi bisa dicindekkeun yén Sarmad téh kabutuhan fisiologisna teu kacumponan
2.	<p>Sarmad “(Nangtung, bari</p>	(006) NDTT/						Dina dialog di luhur kacaritakeun yén

No.	Cutatan	Kode Data	Aspek Psikologi					Analisis
			PF	PRA	PKK	PKP	PAD	
	molotot) Nelepon- nelepon butak sia...!! Na ti iraha aing boga telepon hah...!!”	PS/A-7 /17						Sarmad dina jaman kiwari teu boga telepon. Dina ieu hal, katitén yén Sarmad téh kabutuhan pikeun komunikasina teu kacumponan. Ieu kabutuhan téh kaasup kana kabutuhan fisiologis, jadi bisa dicindekkeun yén Sarmad téh kabutuhan fisiologisna teu kacumponan.

6) Tokoh Odon

No.	Cutatan	Kode Data	Aspek Psikologi					Analisis
			PF	PRA	PKK	PKP	PAD	
1.	<i>TEU LILA ODON NGETEYEP TUKANGEUN SARMAD, DANGDANANNA TEU BÉDA JIGA SARMAD</i>	(009) NDTT/ PS/A-7 /15						Dina ieu cutatan, bisa katitén yén Odon téh jalma biasa jiga Sarmad, anu kabutuhan kana sapopoéna kurang kacumponan. Contona kabutuhan kana pakéan anu kaasup kana kabutuhan fisiologis atawa kabutuhan dasar. Ku kituna, tokoh Odon dina ieu naskah téh kabutuhan fisiologisna teu kacumponan.

Lampiran 4 Naskah Drama “Tungtungna Tunggara” Karya Ayi G. Sasmita

NASKAH DRAMA SUNDA
TUNGTUNGNA TUNGARA
Ku : Ayi. G. Sasmita

Nu Maraen :

- SANDRA*** : Budak SMA umur 17 Taun
EUIS : Budak SMA umur 17 Taun Sobat dalitna Sandra
SARMAD : Lalaki Tukang Parkir di pasar umur 45 taun Bapana Euis
JAYA : Pajabat umur 45 taun Bapana Sandra
RATNA : Aktivist Generasi Muda umur 38 taun Ibuna Sandra
ODON : Lalaki Badegana Jaya umur 40 taun

TUNGTUNGNA TUNGGARA

Ku : Ayi. G. Sasmita

SETING PANGGUNG DIBAGI KANA TILU BAGIAN, TENGAH RADA KA KATUHU NGAGAMBARKEUN TÉPAS IMAH GEDONG, AYA TIHANG BETON BULEUD. BEULAH KATUHU AYA TANGKAL CARINGIN GEDÉ ANU NGARANGKADAK JIGANA UMURNA GEUS PULUHAN TAUN MALAH BISA JADI GEUS MÉH NGRATUS TAUN, HANDAPEUN ÉTA TANGKAL CARINGIN AYA KORSI TAMAN ANU RADA PANJANG, PANJANGNA BISA DIPAKÉ DIUK KU TILUAN. BEULAH KÉNCA AYA IMAH BILIK BASAJAN PISAN, HAREUPEUN ÉTA IMAH BILIK AYA SAPÉDAH KOLOT NU GEUS BUTUT, TAPI MASIH KÉNÉH BISA DIPAKÉ KEUR BONCÉNGAN.

ADEGAN KAHJI

WANCI PEUTING KIRA-KIRA JAM SATENGAH DALAPAN, SANDARA LEUMPANG DADALIGDEUGAN KA IMAHNA, MAKÉ BAJU SAKOLA SMA , SIRAHNA DIHARUDUNG KU JÉKÉT, CULANG-CILEUNG NEMPOAN KA SABUDEUREUN IMAHNA JIGA ANU SIEUN PAPANGGIH JEUNG BATUR.

BARANG NEPI KA HAREUPEN PANTO IMAHNA, SANDRA EUREN TULUN NGODOK KANTONGNA NÉANGAN KONCI IMAH.

TEU SAWATARA LILA EUIS KALUAR TI JERO IMAHNA MURU KA LEBAH SANDA.

EUIS

(Ngasongkeun Konci imah ka Sandra)

Ieu Koncina San...!!

SANDRA (Reuwas malikeun awakna)

Naha konci imah kuring bet aya di anjeun...?!!

EUIS

Ieu konci nyantel dina panto, anjeun poho ngoncikeun panto méméh indit ka sakola jigana mah..

SANDRA NGAJEUWANG KONCI TINA LEUNGEN EUIS, TULUY MALIKEUN AWAKNA RÉK MUKAKEUN PANTO.

EUIS

Sandra...! Kunaon anjeun remen pisan balik peuting ayeuna mah...?!!

Sri Intan Mulyani, 2023

NASKAH DRAMA “TUNGTUNGNA TUNGGARA” KARYA AYI G. SASMITA (*Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

SANDRA TEU MALIRÉ KA EUIS

EUIS (Ngajeuwang leungeun Sandra)

Sandra..!!

SANDRA (molotot)

Lain urusan anjeun...

EUIS

Kuring....

SANDRA (nempas)

Cukup..!! Kuring teu hayang ngadéngé... Kuring capé..

EUIS

Anjeun mabok deui nya..??!!

SANDRA

Héh.. Lain urusan anjeun..!! Kuring rék mabok ké, balik peuting ké, rék ngalér, ngidul, rék kitu, rék kieu lain urusan anjeun... Ngarti...!!!

EUIS

Tapi...

SANDRA (nempas)

Indit... Indit.. Anjeun sarua baé jiga si Amih jeung si Apih... Bisana ngan ukur ngomong, ngatur, teu maliré kana kahayang jeung kaayaan anak...

EUIS

Sandra...!!

SANDRA

Indit...!!

SANDRA MUKAKEUN PANTO IMAHNA TULUY ASUP BARI NGAGABRUGKEUN PANTO IMAHNA

EUIS

Sandra..!! Mana kitu ogé indung jeung bapa anjeun téh nyaah ka anjeun.. Sakuduna mah anjeun téh atoh, boga kolot anu bisa nyukupan sagala kabutuhan anjeun...

O.S SANDRA (ngagorowok ti jero imah)

Gaandénggg...!! Kuring teu butuh ceramah anjeun....!!!

EUIS

Sandra, naha anjeun jadi kieu..? Kuring asa teu wawuh ka anjeun ayeuna..
Padahal kuring jeung anjeun téh nyobat ti bubudak...

O.S SANDRA

Sandra geus paéh...!!

EUIS

Naon maksud anjeun...?!

BRAY PANTO MUKA, SANDRA KALUAR DEUI

SANDRA

Sandra geus paéh... ! Sandra ayeuna lain Sandra baheula, Sandra anu kudu nurut
kana kahayang indung jeung bapana, nu diatur kudu kieu, kudu kitu jiga robot,..
Anu kudu ngajaga sikep sangkan kolotna teu éra, tapi.. Manéhna teu boga waktu
saeutik-eutik acan pikeun anakna makumaha...

EUIS

Indung jeung bapa anjeun jalma terhormat, dihargaan ku sasama, anjeun kudu
bisa ngigelanana sangkan bisa ngajaga kahormatan maranéhna...

SANDRA (seuri)

Hahahaha... Tah éta, éta pisan nu jadi alesan kuring,... (NYARITA BARI
NGANGRES) Ti saprak si Apih jadi pajabat, manéhna sibuk ngurus pagawéan,
ngurus rahayat, ari kuring anakna geus teu dipaliré, teu diurus,.. Indung kuring
riweuh ngurusan seminar, memener kalakuan anak batur, tapi kuring anakna,
teu dibéré waktu saeutik ogé pikeun tatanya...

EUIS

Tapi, cara anjeun salah, lain kieu cara anjeun nyinghareupanana....!!

SANDRA

Nyaho naon anjeun kana kahirupan kuring..?! Kumawani nyebutkeun salah
sagala...?? Anjeun kudu nyaho, ieu jalan pang hadéna pikeun kuring, ku jalan ieu
kuring bisa ngubarana haté, nyingraykeun ka keueung hirup nyorangan di imah...

EUIS UKUR BISA NGAHULENG

SANDRA

Naha anjeun bet cicing..? Ti mimiti ayeuna anjeun teu kudu pipilueun ngurus
urusan kuring... Kuring bisa nyinghareupan hirup kuring sorangan...

SANDRA ASUP KAJERO IMAHNA, EUIS NGAHULENG SAJONGJONGAN TULUY
LEUMPANG KA IMAHNA.

Sri Intan Mulyani, 2023

NASKAH DRAMA "TUNGTUNGNA TUNGGARA" KARYA AYO G. SASMITA (Ulukan Struktural jeung
Psikologi Sastra)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

EUIS (ngagerentes)

Kuring nyaah ka anjeun San, kuring embung anjeun kagebrus kana kahirupan jiga kitu...

EUIS BALIK KA IMAHNA, KAAYAAN JADI SIMPÉ NU KADÉNGÉ NGAN SORA JANGKRIK PATEMBALAN.

ADEGAN KALIMA

WANCI BEURANG MAJU KA SORÉ, SANDRA NGAGOLÉR DINA KORSI TAMAN KANTONGNA DIPAKÉ GANJEL SIRAHNA. TEU SAWATARA LILA EUIS DATANG MASIH MAKÉ BAJU SAKOLA, EUIS ASUP KA IMAHNA BARI NGARÉRÉT NGABAGI TEUTEUP KA SANDRA ANU MASIH KÉNÉH NGAGOLÉR DINA KORSI TAMAN, EUIS GOGODEG TULUY ASUP KA IMAHNA, TEU LILA EUIS KALUAR DEUI BARI MAWA SAPU, EUIS SASAPU DI BURUAN IMAHNA SAKAPEUNG EUIS NGARÉRÉT KA LEBAH SANDRA. SARÉNGSÉNA SASAPU NYAMPEURKEUN KA LEBAH SANDRA.

EUIS

Sandra.. !! Ulah saré di dieu.. Bisi kumaonam ké..

SANDRA NGUNIANG HUDANG, BARI GIGISIK TULUY DIUK NYÉRÉD KA BEULAH KATUHU, GÉK EUIS DIUK DI SABELAHNA.

EUIS

Teu sakola deui nya..?

SANDRA GIDEUG, BARI MÉRÉSAN BUUKNA.

EUIS

Anjeun geus bébéja ka kolot anjeun, ngeunaan surat dokter téa..??

SANDRA GIDEUG

EUIS

Tos daang acan..?

SANDRA GIDEUG, EUIS NGARÉNGHAP.

EUIS

Sandra.. Kuring ngarti naon anu karandapan ku anjeun ayeuna kacida beuratna, tapi... Ulah nyiksa kana awak.. Daang heula nya.. Kabeneran tadi kuring meuli goréngan di jalan, ké dagoan sakeudeung nya..

EUIS CENKAT, TAPI SANDRA NGENYANG LEUNGEUN EUIS BARI NYARITA.

SANDRA

Sakapeung mah kuring sok ngarasa nyorangan hirup di dunya téh.. Béda pisan jeung anjeun..

EUIS

Naha anjeun bet nyarita kitu..?

SANDRA

Anjeun boga bapa anu nyaah..!

EUIS

Anjeun boga bapa, boga indung.. Kuring mah teu boga indung..?!!

SANDRA

Tapi kaayaan geus robah, teu jiga baheula, ayeuna maranéhna teu nyaah ka kuring.. Teu aya nu maliré ka kuring....

EUIS (Nempas)

Anjeun hirup beunghar, loba harta tara kakurangan.. Bapa kuring mah ngan saukur tukang parkir.. Hirup susah sagala kakurangan..

SANDRA

Tapi kuring tara dianteur ku bapa kuring ka sakola.. Kuring tara dahar bareng jeung si Amih.. Kuring tara ngaboncéng sapédah bari suka bungah jeung si Apih jiga anjeun...!!!!

EUIS

Sandra... Sakabéh anu karandapan ku urang ayeuna geus jadi titis tulis ti nu Kawasa.. Masing-masing jalma boga kaleuwihan jeung kakurangan séwang-séwangan.. Urang kudu syukuran, ulah ngarasulah....!!!!

SANDRA (sandra nangtung bari jejebris nyaritana)

Enya.....,!!! Kapanan loba jalma beunghar di ieu dunya téh, tapi naha bet kudu kuring..??!! Kuring sadar hirup kuring sagala loba.. Sagala cukup malah kaleuwihan ku harta, tapi.. Kuring miskin ku kanyaah ti nu jadi indung jeung bapa.. Kuring teu boga batur pakumaha,.. Teu aya batur ngobrol lamun kuring sedih, teu aya batur seuri lamun kuring senang, maranéhna teu aya lamun kuring hayang ogo.. Hayang dielus rambut ku ramo-ramo nu jadi indung.. Hayang dibélaan ku ramo-ramo keker nu jadi bapa...!!

EUIS

Deudeuh sobat... Tétéla geuning kakayaan kolot anjeun téh teu aya nanaonan dibandingkeun jeung kanyaah mah... Sing sabar baé.. Kuring yakin hiji mangsa anjeun bakal pinanggih jeun sagala kahayang anjeun...

SANDRA

Kuring yakin moal lila deui kuring bakal ninggalkeun kaayaan ieu...

EUIS

Naon maksud anjeun...?

SANDRA

Isuk atawa pagéto anjeun bakal nyaho naon maksud caritaan kuring..

KURUNYUNG SARMAD DATANG BARI NUNTUN SAPÉDAH, BARI NGAJINGJING KÉRÉSÉK NU EUSINA SAPATU WEUTEUH KÉNÉH.

SARMAD

Euis..! Wanci sareupna masih kénéh ngarobrol di luar.. Pamali ieu..

SARMAD NYARANDÉKEUN SAPÉDAH TULUY ASUP KA IMAH.

SANDRA

Tuh, bapa anjeun geus datang... Geura bagéakeun kadituh.. Kuring mah masih rék nungguan si Apih jeung si Amih di dieu, sugan wéh sakeudeung deui datang..

EUIS

Enya Atuh, Kuring balik heula nya.. Hampura teu bisa maturan.., Tapi leuwih hadé mah anjeun ogé geura balik.. Geus wanci sareupna, bisi kumaonam ké.. Sing nyaah kana awak...

SANDRA DIUK DEUI DINA KORSI, EUIS NANGTUNG TULUY NINGGALKEUN SANDRA. EUIS ASUP KA IMAHNA TEU LILA KADÉNGÉ SORA EUIS JEUNG SARMAD. SANDRA DIUK BARI MELONG KA LEBAH IMAH EUIS.

O.S EUIS

Euleuh.. Ieu sapatu kanggo Euis..?! Aduh mani saé pisan.. Hatur nuhun nya Apa....

O.S SARMAD

Heueuh.... Anggap wéh éta téh hadiah ulang taun keur hidep...

O.S EUIS

Ulang taun..??! Kapan lami kénéh...Sasasih deui...

O.S SARMAD

Heueuh keun baé mumpung Apa boga rezeki,... Can tangtu bulan hareup mah aya rizki jiga poé tadi...

JEP SORA TI IMAH TÉH EUREUN, KAAYAAN JADI SIMPÉ SAKEDAPAN, SANDRA NU TADI MELONG KA IMAHNA EUIS, NGUNIANG HUDANG LALAUNAN LEUMPANG NYANGHAREUPAN TANGKAL CARINGIN TULUY NGOMONG DAREUDA.

SANDRA (BARI NUDUHKEUN KA IMAH EUIS)

Tuh.. Tingali.. Itu imah anu sakitu leutikna, dicicingan ku dua urang, anak jeung bapa.. Hirup miskin, heureut pakeun pungsat bahan.. Tapi karasana mani haneuteun, asa hegar, jembar ku kanyaah, pinuh ku kabungah....

SANDRA LEUMPANG KA HAREUPEUN IMAHNA.

SANDRA

Béda pisan jeung imah anu itu.. Imah gedong sigrong nu dieusian ku jalma beunghar, bru di juru, bro di panto ngalayah di tengah imah, lubak-libuk teu kalebok...!! , Malah antukna mah mubah jeung mubadzir.. Tapi karasana suwung.. Sepi, eungap, panas, teu pikabetaheun.. Teu kadéngé cakakakna sora bapa, teu kadéngé ngirungna sora indung... Istuning jiga hirup dina liang sireum...

SANDRA NYUUH BARI NYEGRUK CEURIK.

SANDRA

Apihhhhh.... Kamana atuh anjeun téh... Kuring sonoooo....
Amihhhhh....Dimana atuh anjeun téh... Kuring tirisssss.....

Lampu Pareum.**ADEGAN KASALAPAN**

WANCI SUBUH, EUIS NGUNIANG HUDANG TULUY ASUP KA IMAHNA, SARÉNGSÉNA SOLAT SUBUH EUIS BALIK DEUI MASIH MAKÉ MUKENA, SANDRA TRIBRA KÉNÉH.

SANDRA NGULISIK, HUDANG CULANG-CILEUNG, REUWASEUN

SANDRA (Reuwas)

Euis... Naha geuning anjeun ngumpulkeun jalma sakieu lobana, ngariungan kuring...??!! Aya naon ieu téh Euis...

EUIS CENKAT, CULANG-CILEUNG NINGALIAN KAAYAAN DI SABUDEUREUNA ÉTA TEMPAT.

EUIS

Har.. Naha da di dieumah teu aya sasaha, iwal kuring jeung anjeun..??!!

SANDRA (culang-cileun, teuteupna baluas)

Naha,.. Geuning,.. Sarua kabéh dedeg pangadegna jalma téh..??!!

EUIS (BEUKI REUWAS)

Sandra istigfar... Da teu aya sasaha di dieu mah iwal kuring jeung anjeun.. Istigfar Sandra...!!

SANDRA

Jeung maraké baju sarua bodas saukuran samodél geuning...??!! Euis.. Saha maranéhna téh..??

EUIS (ngangres)

Sandra...!!

SANDRA (Nyarita sorangan bari neuteup ka salah sahiji arah)

Saha anjeun téh...?? / Kumaha...? / anjeun rék mapag kuring..??/ Rék dibawa kamana kitu...?? / Alam éndah..??/ Lebah mana..??/ di ditu...??

SANDRA NGUNIANG HUDANG, TEUTEUPNA TELEB KA HAREUP, EUIS OLOHOK NINGALI KALAKUAN SANDRA. SANDRA LEUMPANG LALAUNAN, TULUY NGAJANTENG SAKEUDEUNG.

SANDRA

Di ditu...??/ Subhanallohhh... Alam éndah.. Ngeunah jigananya mun kuring hirup di ditu..??!! Moal aya kanyeri, moal aya ka susah, moal aya ka melang, moal aya katunggaran... ké heula nya sakeudeung, kuring rék ngajak batur, sangkan kuring teu keueung.. Kumaha...?/ Can waktuna..?/ Naha bisa kitu..?/ Ooohhh...?! nya atuh ari kitu mah...

SANDRA MALIKEUN AWAKNA TULUY LEUMPANG NGADEUKEUTAN EUIS, GÉK DIUK DEUI DINA KORSI.

SANDRA

Euis.. Jigana kuring geus nepi kana tungtungna tunggara.. Kuring rék indit heula nya...

EUIS (DAREUDA)

Sandra.. Anjeun téh nyarita naon.. Kuring teu ngarti...??!!

SANDRA

Masing-masing jalma ngabogaan rusiah, jeung garis hirup séwang-séwangan... Keun baé lah jaga ogé anjeun bakal ngarti naon maksudna ucapan kuring... Tah ayeuna aya hiji paménta kuring ka anjeun saacan kuring indit...

SARMAD, ODON, JAYA JEUNG RATNA PATING TOROJOL NYALAMPEURKEUN KA LEBAH SANDRA JEUNG EUIS BARI HARIWEUSWEUS.

RATNA(Reuwas, nyaritana dareuda)

Sandra anaking...Naha hidep teu bébéja ti baheula ka Amih bageur...!!

JAYA

Sandra...Naha bet jadi kieu bageur.. Kunaon hidep téh kunaon..??!!

SANDRA

Euis, saha deui ieu téh...!! Daratang bari rariweuh kieu...??!!

RATNA

Sandra ieu Amih bageur...!!

SANDRA

Amih.. Ti iraha anjeung ngaku jadi indung kuring..?

JAYA

Bageur.. Naha hidep bet nyarita kitu... !!

SANDRA

Saha anjeun..?

JAYA

Sandra... Ieu Apih bageur Apih...!!

SANDRA

Apih..? Apih saha..? Rarasaan kuring mah teu pernah wawuh ka aranjeun..!!

RATNA NYEGRUK CEURIK NYUUH DINA TAKTAK SALAKINA, JAYA NEGER-NEGERKEUN MANÉH.

EUIS

Sandra.... Teu pantas anjeun nyarita kitu ka kolot anjeun.....!!!

JAYA

Sandra... Apih sadar, salila ieu Apih geus jauh jeung hidep, Apih jangji ti semet ayeuna ka hareup Apih bakal balik deui jiga baheula... Hampura Apih bageur...!!!

SANDRA

Hih.. Raribut baé nya... Caricing atuh.. leu kuring keur nyarita..!!
Euis.. hiji paménta kuring ka anjeun, bisi, isuk pagéto panggih jeung indung bapa kuring, béjakeun yén kuring geus indit niheulaan.. Caritakeun sagala kasedih, ka peurih, katunggaran kuring ayeuna ka maranéhanana...

JAYA

Sandra... leu Apih bageur..... Hamputa Apih jeung Amih bageurr....!!

SANDRA NANTELKEUN CURUK KANA BIWIRNA, NITAH JEMPÉ KA JAYA.

EUIS (DAREUDA NAHAN CAIMATANA)

Sandra.. Éta nu digigireun anjeun téh indung bapa anjeun...!!

SANDRA

Sakalian béjakeun... Harta kakayaan manéhna teu bisa ngagantian kanyaah nu jadi indung jeung bapa.. Jeung omat ulah poho béjakeun kuring sonoooo... Pisan ka si Apih jeung si Amih...Kitu nya... Hampura kituh kuring teu bisa jadi budak anu diharepkeun ku maranéhanana...

RATNA (ngaragap taktak Sandra)

Sandra.. leu Amih... Bageur... Hampura Amih nu geus tamélar jolédar ka hidep..!!

SANDRA NEPAK LEUNGEUN INDUNGNA TINA TAKTAKNA.

EUIS (nyekelan pigeulangan leungen Sandra)

Sandra.. Istigfar.... Anjeun teu meunang nyarita kitu...!!

SANDRA

Euis... Di dieu geura diukna, kuring hayang ngaleupaskeun heula kasono ka indung kuring...

SANDRA NGENYANG LEUNGEUN EUIS, TULUL NITAH DIUK DI GIGIREUNNANA.

SANDRA

Baheula keur kuring leutik kénéh, unggal soré mapag magrib, si Amih diuk di dieu, kuring diuk gigireunana bari nyarandé, bari ningali lalay nu kaluar ti panyumputanana, si Amih sok nembangkeun pupuh kinanti... Sok ayeuna anjeun jadi si Amih nembang pupuh kinanti..

EUIS + SANDRA (Nembangkeun pupuh kinanti babarengan)

Budak leutik bisa ngapung

Babakung ngapungna peuting

Kuriling kakalayanan

Néangan nu amis-amis

Sri Intan Mulyani, 2023

NASKAH DRAMA "TUNGTUNGNA TUNGGARA" KARYA AYO G. SASMITA (Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

*Sarupaning bungbuahan
Naon baé nu kapanggih*

SANDRA

Bungah..... Téh haté kuring harita.. Malahan mah sok nepi ka saré upama si Amih anggeus nembang aya dua atawa tilu kali balikan éta pupuh...

Tah lamun si Apih mah.. Unggal isuk harita mah, enya saacan jadi pajabat jiga ayeuna.. Sok nembangkeun pupuh éta.. Naon téh.. Euuu...??

JAYA (Nempas)

Jurudemung...!!

SANDRA

Tah enya Jurudemung...!! Sok ayeuna anjeun jadi si Apih.. Nembang pupuh jurudemung...

EUIS (Nembangkeun pupuh jurudemung bari dareuda nahan ceurikna)

*Mungguh nu hirup di dunnya
Ku kersaning anu Agung
Ku Kersaning anu Agung
Geus Pinasti panggih geus pinasti
Geus pinasti panggih
Jeung dua rupa perkara
Senang paselang jeung susah*

RÉNGSÉ EUIS NEMBANGKEUN PUPUH JURUDEMUNG, EUIS NGARÉRÉT NELEK-NELEK SANDRA, KATINGALI SANDRA PEREUM BARI IMUT, TULUY EUIS NGARAGAP KANA BEUHEUNG JEUNG PIGEULANGAN LEUNGEUN SANDRA, NGARENJAG, TULUY NGAHULENG SAKEUDENG NGARASAKEUN SANDRA GEUS TEU AYA DIKIEUNA.

EUIS

Inalilahi Wainailahi Rojiunnnn....

JAYA JEUNG RATNA NGAJERIT NGARONTOK ANAKNA, ODON JEUNG SARMAD NGUSAP DADA BARI, SILIH RÉRÉT NAHAN SEDIHNA.

SAREREA

Inalilahi wainailahi rojiunnn.....!!

JAYA & RATNA

Sandraaaaaaaaa.....!!

RATNA (nyegruk ceurik)

Sandraaaaa....Hampura Amih....!!!

JAYA

Sandra anaking... Bageuuurrr hampura Apih Sandra.. Apih rumasa tamélar jolédar ka hidep..

JAYA JEUNG RATNA NYEGRUK CEURIK, SATAKER TANAGANA JAYA NGABOPONG LAYON SANDRA, TULUY DI DIUKEUN DINA LAHUNANNANA.

JAYA

Sandraaaaaaaaaaaaa.....!!!!

Hampura Apih bageurrr... Apih teu nyangka hidep sangsara ka rugrugan ku harta, Apih geus salah ngamaknaan kasenangan nu jadi anak.. Apih salahhhh....!!! Sandra anakingggg... Hudang bageurrr.. Hudang...Hudang!!!!!!

Sandraaa... Apih jangji, Apih bakal méré waktu anu cukup pikeun hidep... Hudang bageurrr... Sandra... Hudanggg....!!!

Duh Gustiiiiiii.... Naha bet kieu jadinaaa.... Naha Anjeun ngageuing kuring ku cara kieu... Ampuuunnnnn Gustiiiiiii.....!!!!!!

JAYA JEUNG RATNA NYEGRUK CEURIK BARI ANDIPREK NGEUKEUPAN LAYON ANAKNA, TULUY RATNA NGUSAPAN BUUK SANDRA. KAAYAAN JADI SIMPÉ.

KADÉNGÉ HAWAR-HAWAR SORA NU NEMBANG PUPUH JURUDEMUNG DIPIRIK KACAPI SULING

*Mungguh nu hirup di dunnya
Ku kersaning anu Agung
Ku Kersaning anu Agung
Geus pinasti panggih geus pinasti
Geus pinasti panggih
Jeung dua rupa perkara
Senang paselang jeung susah*

Sandraaaaaaaaaaaaa.....!!!!!!!

Lampu Poék**R É N G S É**

*Ayi G. Sasmita
Mimiti Di Garap*

Kemis Ping 13 September 2012 Jam 19.15

Rengse

Ahad Ping 16 Septemperi 2012 Jam 22.24

Sri Intan Mulyani, 2023

NASKAH DRAMA "TUNGTUNGNA TUNGGARA" KARYA AYI G. SASMITA (Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



AYI G. SASMITA

Gumelar di Subang, 06 Januari 1976

Atikan: SD, SMP, SMA di Ciasem Subang,
Kuliah di Fakultas Pertanian UNWIM –
Sumedang

MOOTO :

*“Ajen Diri Urang Gumantung Kana Kumaha
Urang Ngajenan Batur”*

PAKASABAN :

PNS di Dinas Pertanian Kabupaten Subang
Ngalatih Teater Sakola

ORGANISASI :

- Anggota LISES CITRARESMI UNWIM- SUMEDANG
- Anggota TEATER SUNDA KIWARI – BANDUNG
- Pupuhu RUMAH BUDAYA SUNDAART – PANTURA SUBANG
- Pupuhu KOTRET – Teater Pantura Subang
- Marajian Gumelarna Komunitas Teater Sekolah Sa-Pantura Subang
- Marajian Gumelarna BALM Teater SMAN 1 Ciasem – Subang
- Marajian Gumelarna SILAU Teater SMAN 1 Blanakan – Subang

PROSES KREATIF/KARYA:

- NULIS SAJAK/ LAGU/ MUSIKALISASI PUISI (Sababaraha Sajak Kantos dimuat di KORAN BERITA KARAWANG)
- PRODUKSI FILM PENDEK (Langkung ti 30 Judul Film Taun 2007 – 2014)
- AKTOR
- Naskah Sangkuriang Karya NN taun 1994
- Naskah Mad Toing Karya RH. Hidayat Suryalaga Taun 1995, 1997, 1998, 2004
- Naskah Tambang Karya RH. Hidayat Suryalaga Taun 1996,1999,2000
- Naskah Tiodedad Karya RH. Hidayat suryalaga Taun 1996

Sri Intan Mulyani, 2023

NASKAH DRAMA “TUNGTUNGNA TUNGGARA” KARYA AYI G. SASMITA (Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- Naskah Nu Jaradi Korban Karya RH. Hidayat Suryalaga Taun 1997
- Naskah Carem Karya RH. Hidayat Suryalaga Taun 1998, 1999, 2005
- Naskah Nagara Maca Karya Darpan Aryawinangun Taun 2000
- Naskah Cukang Karya Dadan Sutisna Taun 2010
- Naskah Tanjeur Pajajaran Karya Yosef Iskandar 2013
- Naskah Gending Karesmen Tukang Asahan Karya Wahyu Wibisana Taun 2015
- Naskah Budah Sinarko Karya Dadan Sutisna Taun 2016

- NULIS NASKAH DRAMA
 - NYI RONGGENG Taun 2000
 - DINA LAHUNAN Taun 2012
 - CINTA Taun 2012
 - KENAPA HARUS AKU Taun 2013
 - JANGAN TINGGALKAN AKU DI SINI Taun 2013
 - KALONG Taun 2013
 - TUNGTUNGNA TUNGGARA Taun 2013
 - CINTA KATUNGKUL KU PATI Taun 2014
 - INTROGASI 340 Taun 2015
 - KALANGSU Taun 2015
 - JAM HIJI DUAPULUH SALAPAN MENIT Taun 2016
 - HASEUP DURUKAN Taun 2017
 - WANCI 2017
 - DUIT 2017

- NULIS NASKAH MONOLOG
 - Monolog KETIKA ALAM BERBISIK Taun 2004
 - Monolog NEGERI DONGENG Taun 2007
 - Monolog ABORSI Taun 2012
 - Monolog PASUNG Taun 2014

- Monolog SULAYA Taun 2016 ☐ Monolog TATU 2016
- Monolog PAMALI Taun 2017
- Monolog SAHA NU SALAH Taun 2017
- SUTRADARA di Teater LISES CITRARESMI UNWIM – Sumenang
 - Naskah NYI RONGGENG Karya Ayi G. Sasmita Taun 2000, 2001
 - Naskah KAWIN UCING Karya Artur S. Nalam Taun 2012
 - Naskah RUCAH Karya Lugiena Dea Taun 2014
- SUTRADARA di KOTRET – Teater Pantura Subang
 - Naskah NU JARADI KORBAN Karya RH. Hidayat Suryalaga Taun 2011
 - Naskah DINA LAHUNAN Karya Ayi G. Sasmita Taun 2012
 - Naskah Monolog ABORSI Karya Ayi G. Sasmita Taun 2012
 - Naskah PAJARATAN CINTA Karya Dipa Galuh Purba Taun 2012
 - Naskah TUNGTUNGNA TUNGGARA Karya Ayi G. Sasmita Taun 2013
 - Naskah NYI BAGENDIT GUGAT Karya Dipa Galuh Purba Taun 2015
 - Naskah KALANGKANG Karya Nazarudin Azhar Taun 2016
 - Naskah PASALIA Karya Aji Nurhamzah Taun 2017

PRESTASI :

- NOMINASI SUTRADARA PINUNJUL FDBS Remaja - TSK BANDUNG Taun 2011
- NOMINASI SUTRADARA PINUNJUL FDBS Umum - TSK BANDUNG Taun 2012
- NOMINASI SUTRADARA PINUNJUL FDBS Umum - TSK BANDUNG Taun 2014
- NOMINASI SUTRADARA PINUNJUL FDBS Remaja - TSK BANDUNG Taun 2015
- NOMINASI NASKAH PINUNJUL SAEMBARA NULIS NASKAH MONOLOG RUMAJA SA-JABAR PMBS - UNPAD BANDUNG Taun 2016
- PENULIS NASKAH FAVORIT FDBS Remaja – TSK BANDUNG (Tungtungna Tunggara) Taun 2013

Sri Intan Mulyani, 2023

NASKAH DRAMA “TUNGTUNGNA TUNGGARA” KARYA AYI G. SASMITA (Uliran Struktural jeung Psikologi Sastra)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- PENULIS NASKAH FAVORIT FDBS Remaja – TSK BANDUNG (Kalangsu) Taun 2015
- PENULIS NASKAH FAVORIT FDBS Umum – TSK BANDUNG (Jam Hiji Duapuluh Salapan Menit) Taun 2016
- JUARA 2 SAEMBARA NULIS NASKAH MONOLOG RUMAJA SA-JABAR PMBS - UNPAD BANDUNG Taun 2017



Ayi Goblay Sasmita